# МАХ ДУГ



## МÆНÆН НÆУ ИППÆРД ДЗЫЛЛÆТÆЙ МÆ АМОНД

4
2026



*Мах æрдзы иу хай, æрдзы сконд ыстæм;*
*йæ куырыхон фæтк махæн у фæзминаг:*
*цы кæныс, уый – зæрдиагæй, бæстон.*

***ХОДЫ Камал***



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

4
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ............ 5
НАФИ. Æрцыдис та уалдзæг ............ 8
**ÆЛБОРТЫ Барысби: 140 азы**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Национ культурæйы мæсыгамайæг. *Уац* ............ 12
**ДЗАБОЛАТЫ Хазби: 95 азы**
ДЗАБОЛАТЫ Хазби. Зæрдæ ис зарæджы, зарæг та – зæрдæйы. *Æмдзæвгæтæ* ............ 24
ХОДЫ Камал. Рухс фæндтæ хæссæг. *Уац* ............ 29
ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Æмгары сурæт. *Мысинæгтæ* ............ 34
ХУЫГАТЫ Сергей. Дзаболаты Хазби. *Мысинæгтæ* ............ 40
**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**
**ПОЭЗИ**
БИАЗЫРТЫ Кромвел. Дæ фарныстæн, дзырд… *Æмдзæвгæтæ* ............ 50
**ПРОЗÆ**
КАРСАНТЫ Ахмæт. Мæлæт æмæ хæхтæ. *Уацау* ............ 58
БАГАТЫ Аврам. Хъуырнаты Фируз. *Радзырд* ............ 87
**ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ**
ÆЛБОРТЫ Беллæ. Цъæхбазыр уалдзæгыл та зарын ............ 91
**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ............ 94
**1 АПРЕЛЬ – КЪОСТАЙЫ МЫСÆН БОН**
КОКОЙТЫ Тарзан. Къоста – сæрибары зарæггæнæг. *Уац* ............ 109
УАНИОН. «Иры фæндыр дæ зарæг цæгъдынæй нæ банцад!» ............ 112
**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ. Адæмон ахуырады проблемæ Хетæгкаты Къостайы публицистикæйы. *Уац* ............ 115
**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
ГАСАНТЫ Валери. Ирон театры Орфей. *Уац* ............ 119
**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
ДЖИОТЫ Катя. Хистæры рæвдыд – кæстæры мидбылхудт. *Радзырдтæ* ............ 126
**ФЫДÆЛТЫ ХАБÆРТТÆ** ............ 130
**ХУДÆГЫЛ АХУДÆМ**
Молло Насреддины æмбисæндтæ ............ 136
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ............ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## ÆВЗАДЖЫ КЪÆБИЦМÆ – ЦИФРОН ДУДЖЫ ХУЫНТÆ

Абон нæ мадæлон ирон æвзаджы уавæр зæрдæйы фæндиаг нæу. Цæмæй йæ бахъахъхъæнæм, уый тыххæй нæ хъæуы нæ цæстæнгас нырыккон технологитæм аздахын. Æвзаджы хъысмæт æрыгон фæлтæрæй аразгæ у, æмæ уымæн та йæ «хæлæрттæ» сты телеуынынад, компьютер, смартфон, планшет. Гъемæ нæ æвзаджы фидæнил кусын хъæуы ацы хъуыддаг хынцгæйæ. Ома не 'взаджы хъæздыг къæбицы æвæрæнтæ зонын æмæ ахуыр кæнынæн фадат аразæг у «цифрон» дуг. Раззаг технологитимæ не 'взаг дæр хъуамæ æмдзу кæна. Уæд æм фæсивæд æнæмæнг фемхиц уыдзысты.

Нæ Националон спорты хуызты, ивазæнты æмæ культурæйы федераци (фылдæр зындгонд у куыд «Ирон федераци»), Ирон æвзаджы цифрон райрæзты фонд (директор – Гуыдиаты Тимур), æхсæнадон змæлд «Иудзинад», цифрон технологиты фæлгæты ирон æвзаджы рæзты фарстаты фæдыл РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы уынаффæгæнæг Нартыхты Алыксандр æмæ иннæ æмхъуыдыгæнджытæ сарæзтой кусæг къорд. Ныридæгæн архайæм ууыл, цæмæй арæзгæ

интеллект («искусственный интеллект») иронау æмбарын райдайа. Уый тыххæй та нæ хъæуы, дзырдтæ – дзырдбæстытæ – хъуыдыйæдтæ, зæгъгæ, уыцы цæджы бындурыл æвæрæнтæ скæнын. Ахæм «хуыны» руаджы арæзгæ интеллект æппæт Интернет-фæрæзты арæхсдзæн иронау загъд цыфæнды хъуыды дæр уырыссаг, англисаг, æндæр æвзæгтæм тæлмац кæнынмæ, æмæ уый ахъаз уыдзæн, æвзаг сахуыр кæнынмæ кæнæ хуыздæр базонынмæ чи тырны, уыдонæн. Паддзахад æппæт хъуыддæгтыл нæ аххæсдзæн, хъæуы нæ æрбангом уæвын, куысты уæзгæ хай, æвзаг хорз чи зоны, уыдонæн сæхимæ райсын.

Æнæмæнг ма нæ хъæуы сывæллæттæн сæрмагонд ирон телеканал дæр, мæнæ зындгонд уæрæсейаг «Карусель»-ы æнгæс. Алыхуызон кинонывтæ ирон æвзагмæ ивæн æмæ сæ афтæмæй æвдисæн уаид уым. Уæдæ аразæм блогерты студи, мультkинонывты хъайтарты иронау дзурын кæнæм нæхи студи «Зæрватыкк»-ы, ис нæм, уыцы кинонывтæ кæм æвдисæм, ахæм зал; нæ бон у сæрдыгон кинонывты «галуан» дæр райтауын. Ома куыстæн нын уавæртæ ис, хъæуы нæ æрмæст фылдæр æмхъуыдыгæнджытæ æмæ æххуысгæнджытæ, фæсивæдимæ чи кусы, уыдоны ‘рдыгæй. Зæгъæм, ирон æвзагмæ ивæм, «Один дома», зæгъгæ, уыцы аивадон кинонyв, æмæ йæ хъæудзæн апарахат кæнын.

Авд азы дæргъы ма нæ федераци аразы акци «Æ-тест». Интернет-тыгъдады сæрмагонд сайты йæ фæрстытæн фылдæр раст дзуаппытæ раздæр чи ратты, уыдонæй мин адæймаджы хорзæхджынгонд æрцæуынц сыгъзæрин, æвзист æмæ бронзæ Æ-нысантæй. Бирæты сразæнгард кодта уыцы риуылдаргæ нысан æвзаг хуыздæр зонынмæ – фыццаг бон дæр минæй фылдæр вæййынц. Расидæм æй октябры, Хетæгкаты Къостайы райгуырæн боны, фæлæ нæ фæнды ацы мадзал стационарон скæнын. Ома æрмæст октябры нæ, фæлæ йæ цыфæнды рæстæг дæр ацæуæн куыд уа. Ам нæ хъæппæрисы райрæзты бонтæй фæстæмæ нæ фарсмæ сты РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрад æмæ Ирон æвзаджы райрæзты центры разамонæг Куыдзойты Анжелæ. Стыр бузныг сын уый тыххæй! Æ-нысан йæ риуыл кæмæн фенай, уыимæ дæ бон у иронау ныхас кæнын, уымæн æмæ сæ балхæнæн нæй, хуымæтæджы дæр дзы никæмæн балæвар кæнæм. Уæлахиздзауты бæлвырдгæнæн-æвдисæндартыл та йæ къух сæвæры нæ республикæйы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр, æмæ уый дæр – нæ мадзалы бæрзонд æмвæзадæн æвдисæн. Фæрстытæ та абон сты дыууæ мины бæрц, æмæ

уый методикон фæрæз у, фæсивæдимæ скъолаты, астæуккаг æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты чи кусы, уыдонæн. Хи бафæлварыны хуызы сæ разæнгард кæнынц ацы тестмæ, æмæ ма уымæй хуыздæр цы уа!

Ирон национ спорты хуызтæ æмæ хъæзтытæ нæ федераци парахат кæны 2017 азæй фæстæмæ. Архайæм ууыл, цæмæй сæ рагондæртæй искæцы хаст æрцæуа Спорты хуызты æппæтуæрæсеон реестрмæ. Уый тыххæй рауагътам сæрмагонд ахуырадон-методикон амонæнтæ æмæ мультимедион фæрæз – видеоуроктæ. Сты нæ сайты, кæй бафæнда, уый бон сæ спайда кæнын у, æмæ афтæмæй парахатгонд цæудзысты. Национ спорты хуызты барадон фарстаты фæдыл æмбырдгонд рауагътон мæхæдæг, фæлæ нæ хъæуы уый фæдыл сæрмагонд республикон закъон дæр…

Ам хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ, иугæр нæхи литературæ, зард æмæ кафты культурæйæ сæрбæрзонд стæм, уæд хъуамæ афтæ сæрбæрзонд уæм культурæйы иннæ къабаз – спорты – хуызтæй дæр. Ис нæм нæхи спортивон культурæ, æмæ паддзахадон реестры нысангонд куы æрцæуа, уæд уый йæ дарддæры рæзтæн дæр фæахъаз уыдзæн. Ивазæнтæй, къорд æндæр хъæзтыты хуызтæй чемпионаттæ, мыггæгты, æрыгæтты ‘хсæн турниртæ аразæм ныр дæр, æмæ сæ архайджытыл бафтид. Уæдæ æнæниз цардыуагмæ æмхиц кæнынæн та бынтон æвæджиауы мадзал уаиккой!

Нæ Ирон федерацийы сайты кой скодтон æмæ ма зæгъдзынæн, уым кæй ис бирæ ирон мультикинонывтæ. Фæзындзæн ма дзы ирон цыбыр равдыст-подкасттæ, уымæн æмæ уыдон дæр ныртæккæ адæмы цымыдис кæнынц. Кинонывтæ, мультикинонывтæ æмæ ма æндæр цымыдисаг æрмæджытæ ссардзыстут сайт «Фен Ам»-ы дæр. Аразы йæ мæскуыйаг ирон, æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы советы уæнг Таболты Сергей, æмæ уымæн дæр бузныг йæ ахъаззаг архайды тыххæй. Ирон кæнæ ирон æвзагмæ ивд мультикинонывтæ скъолаты æвдисыны тыххæй семинар скодтам ахуыргæнджытæн, Культурон хъæппæристы фонды æххуысæй ма сæрмагонд фестиваль «Мадæлон анимаци» сарæзтам бирæуæладзыгон хæдзæртты кæртыты.

Ис нæм бирæ æндæр хъæппæристæ, æмæ сæ царды рауадзынмæ цæттæ стæм нæ уарзон литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ы кæсджытимæ иумæ!

*ЦГЪОЙТЫ Тамерлан,*
*Националон спорты хуызты, ивазæнты*
*æмæ культурæйы федерацийы минæвар*

*НАФИ*

# ÆРЦЫДИС ТА УАЛДЗÆГ

Бады Барсæг райдзаст хур бон донбыл. Сом хуыммæ цæуынц, абон улæфты бон у. Бады сæ хæдзары сыгъдæтты ныхмæ æмæ чысыл дуртæ æхсы донмæ. Бады иунæгæй, рагæй йæ нал хæссы йæ къах æмбæлтты хъазтмæ. «Сидзæр дæн, иунæг, бацæуæндон дæр мын нал ис, мæнузæгъæг дæр». Йæ цæстытæ донæй айдзаг вæййынц, æмæ стæй æрлæдæрсы цæссыг йæ рустыл. Нæ сæ сæрфы Барсæг – иунæг у, кæмæй къæмдзæстыг кæна?..

Фæлæ уый циу? Уæлиауæй арвы æрфæнæй фæцыд гæзæмæ хъупп-хъупп. Скаст Барсæг, сивæзта йæ къубал арвмæ, фæлæ ницы уыны, йæ цæстытæ донæй айдзаг сты. Æруагъта йæ сæр, аууæрста, асæрфта йæ цæстытæ, атыбар-тыбур сæ кодта æмæ ногæй скаст.

Уæлиау арвы цъæхыл ныхæст зырнæджыты хал – хæдзы хуызæн, зæрватыччы саджил дымæджы хуызæн. Сындæггай быры арвы цъæхыл хуссармæ зырнæджыты хал. Барухс цæмæй-дæр Барсæджы зæрдæ, æмæ йæхимидæг сдзырдта: «Æрцыдис та уалдзæг!..»

Æцæг æрцыдис уалдзæг ногæй Иры хæхтæм, быдыры хъæутæм та – раздæр. Æрцыдис Хаджеты уæзæгмæ дæр.

...Мæнæ хуым кæнынц Борæ, Барсæг æмæ Кудзан. Барсæг гутон дары. Цы йæ бон у нырма, дыууæрдæм æй раппар-баппар кæны гутон, фæлæ йын æххуыс кæны Кудзан. Аппæрста йæ хъæдын зæнг, хæлафы къах сдыдагъ кодта æмæ годзы къахы ‘нцой гæпп-гæпп кæны, гутоны иу къухыл хæцгæйæ. Æрхæндæг зæронд Борæ бынтон ныггуыбыр, хæцы сæрбосыл, кæны йæ фæдыл галты, йæ сæр æнкъусы æмæ тамако-йы дон чъыртт кæны хуыммæ.

Мæнæ фæсхох, Зыруггомы, йæ хæстæджытæн хуым кæны Сандо. Гутон дары æмæ æрхæндæгæй йæхицæн ивазгæ зарæг кæны ныллæг хъæлæсæй, – æнахуыр зарæг:

*Далæ арф комы дыууадæс цæды –*
*Иу цæды хуызæн...*
*Мæ рахиз фарсыл дыууадæс цæфы –*
*Иу цæфы хуызæн...*

Мænæ гутон дары фæсхъæу хуымы, уæлмæрдмæ ‘ввахс зæронд старсин Уасил дæр. Æнтъыснæгæй цæуы гутоны фæдыл, ницы дзуры. Фæлæ йæм æрцæуынц уæлмæрдæй дыууæ саударæг усы: Мыдæ æмæ Гуыргъохъон, сæ хъæбысты – дыууæ авдæнхъом сывæллоны.

Радта йæ гутон йæ лæппумæ Уасил æмæ устытæм бацыд.

– Алæ-ма, мæ дыууæ зæрдæйы скъуыддзагмæ бакæсон. Алæ-ма, кæм сты мæ Сурати чызг æмæ мæ къæбыла, мæ Муци?.. – уый чысыл Будзийы афтæ хоны.

Æркастысты æртæ дæр сывæллæттæм. Уасил сын сæ цæстыты раз йе ‘нгуылдз разил-базил кæны, æмæ уыдон дæр се ‘нæдæндаг дзыхтæ ныххæлиу кодтой, худынц сæ сау стыр цæстытæй.

Æрцыдис та уалдзæг. Æрмæст æй нал æрæйййæфтой Бардзин æмæ Мила, Уана æмæ Хасан, се ‘мбал лæппутæ – æнæрихи хæстонтæ. Нал федта ног уалдзæг, нал федта Мыдæйы чысыл Будзи æмæ Сурæты Гуыргъохъонты иунæг, сидзæр фыййау Будзи дæр. Сæ ингæнты сыджытыл рахæцыд фæлурс хурмондаг кæрдæг.

Æрцыдис та уалдзæг. Тæхынц та зырнæджытæ сæ зæронд ахстæттæм…



# ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Бахъуыды кæнут æмæ уæ зæрдыл бадарут иу æцæгдзинад: цард лæвæрд цæуы иунæг хатт, уый у дæу, æмæ йæ хъахъхъæн, дарын æй фæраз, цæмæй дын æмгъуыдæй раздæр ист ма æрцæуа.

* * *

Амонд арæхдæр цæуы ахæм хæдзармæ, æппынæдзух дæр кæрæдзийы æмбарындзинад æмæ сабырдзинад кæм ис.

* * *

Царды алчи дæр йæхи къахвæндагыл цæуы. Нæ рæстæг та, не 'нгуылдзты 'хсæн хус змис куыд азгъора, афтæ згъоры. Зæрдæ та æгоммæгæс у, нæ къæхтæ нæ фæззæджы лæуууынц, уый та ма уалдзæджы рæсугъдзинад куры.

* * *

Царды фæзилæнтæ диссаг сты: æрыгонæй къултæ халæм, хидтæ та аразгæ кæнæм. Куы фæкарджындæр вæййæм, уæд та нæ хидтæ судзын райдайæм, къултæ та – аразын.

* * *

Æргом хæрамдзинад афтæ тæссаг нæу, – мæнг цæстуарзондзинад кæуылты тæссагдæр у. Сусæгæй хæцаг куыдзæй тæссагдæр.

* * *

Царды æппæтæй сæйрагдæр – æуууæнк. Де 'ууæнк куы фесафай, уæд уыимæ æппæт дæр сафыс.

* * *

Адæймагæн йæхицæн кæстæртæ куы фæзыны, æрмæстдæр уæд бамбары, хи цардæй хъауджыдæр ма кæй ис ноджыдæр зынаргъдæр цард. Уыдоны цæрайæ цæрынц хистæртæ дæр.

* * *

Иу адæймаг дæр иннæйы царды хуымæтæджы нæ фæзыны. Дæ царды исчи куы фæзына, уæд уый хъуыдис цæмæндæр. Æнæ Хуыцауы бардзырдæй ницы цæуы.

# ÆЛБОРТЫ БАРЫСБИ: 140 АЗЫ



**(1886 – 1968)**

*Адæмы фидæн аразгæ у, сæ рæзгæ фæлтæры сын чи æмæ куыд хъомыл кæны, уымæй.*

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# НАЦИОН КУЛЬТУРÆЙЫ МÆСЫГАМАЙÆГ

*Уац*

Педагог æмæ ахуыргонд, ахуырады æмæ зонады организатор, адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг æмæ иртасæг… Кæуылты хæрзты бацыд йæ райгуырæн дзыллæйæн, цал æмæ цал фæлтæрыл байтыдта ахуырады рухс…

Иу æмæ дыууæ хатты не схуындæуыд Ирыстоны рагондæр хъæутæй иу – Олгинскæйæ рацæуæг Ælборты Барысбийы (Барис) национ культурæйы мæсыг амайæг. Адæмон ахуырады ирон хайады фыццаг сæргълæууæг, Хæххон педагогон институты (ныры Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет) фыццаг ректор, Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты (ныры Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институт) фыццаг директор – уыдон йæ æвæллайгæ архайдæн æрмæст сæ сæйрагдæр æвдисæнтæ сты. Цæгат Кавказы фыццаг советон профессор арæхст æрмæст йæ дугимæ æмдзу кæнынмæ нæ, фæлæ ма уыцы дугæй фидæнмæ рухстауæн хидтæ аразынмæ дæр.

Цы культурæйы, цы ахуырады æмæ зонады къабазы кусджытæ абоны онг фаг аргъ нæма скодтой йæ фæллæйтты историон нысаниуæгæн. Зæрдæйы фæндиаг арæх нæ хъуысы йæ цард æмæ æхсæнады размæдзыдмæ бавæрæны кой, фаг парахатгонд нæ цæуынц йе сфæлдыстадон бынтæ. Афтæмæй та уыдæттæ æхсызгон хъæугæ сты национ хæдхуыздзинад, мадæлон æвзаджы хæзнатæ хъахъхъæныны æмæ парахат кæныны хъуыддаджы.

Ælборты Барысби у æнаххосæй бирæ карз æфхæрд баййафæг, фæлæ æнæбасæттгæ ныфс æмæ хъаруимæ æхсыст фæлтæры минæвар. Уымæй, Тугъанты Махарбег, Нигер æмæ Абайты Васойæ зæгъы историон наукæты доктор Бзарты Руслан мæнæ ацы ныхæстæ: «Мысантæ куыд уыдысты, афтæ – фæзминаг дæнцæг дæр. Ирыстон иу кодтой хуссарæй цæгатмæ æмæ скæсæнæй ныгуылæнмæ. Ивгъуыдæй фидæнмæ фæндагамонæг систы, Байаты Гаппойы чи нæ федта, Темырханты Сосланы чи нæ каст, Тыбылты Алыксандры, Малиты Георгийы, Æмбалты Цоцкойы æмæ, æнæбары не ‘хсæнæй чи фæхъуыд, æппæт уыдоны чи



Барысби экспедицийы Ходыхъæуæй Садонмæ фæндагыл. 24 апрель, 1962 аз

нæ фехъуыста, уыдонæн. <…> Бахъахъхъæдтой национ културæйы профессионалон традицитæ. Абон Ирыстоны кæд Аивад, Литературæ, Зонад æмæ Ахуырад ис, уæд уый руаджы, æмæ кæстæртæн уыд, кæмæ бакæсой, кæмæ байхъусой, æххуысы къух кæмæ бадарой, кæй адарддæр кæной, кæй æрымысой…» Амондджын стæм, бæлвырд, ахæм хистæрты културæйы мæсгуытыл рухстауæн æртытæ кæй уыдтам, æнкъардтам, æмæ сæ ныр нæ бон мысын кæй у, уымæй. Гъе, фæлæ уыцы æртытæ ныххуыссын кæнынмæ чи тырныдта, уыдон дæр кæуылты бирæ уыдысты, æмæ, уастæн, сæ ныхмæ æрлæууæн куыд нæ уыд, разагъды лæгты ахæстæттæм куы æппæрстой, алы æндæр фыдæвзарæнтæ сын куы хъуыды кодтой, уæд…

Не ‘мдугон ахуыргонды хъуыдытæ ист сты, 2007 азы РЦИ-Аланийы Истори æмæ археологийы институт «Историкон-филологон архив», зæгъгæ, цы зонадон уацты сæрмагонд æмбырдгонд рауагъта, уырдыгæй. Йæ разныхасы ма Бзары-фырт зынгзæрдæ удгоймаджы фæлгонц ахæм ахорæнтæй аразы: «Национ ахуырады арæзтадыл архайд, национ културæ хъахъхъæнын, национ æвзаджы рæзтыл уд хъарын – уыдæттыл Æлборты Барысби афтæ æнувыд уыд, æмæ йын йæ ныфс æмæ нысанмæ тырнынад ницавæр политикон ивддзинæдтæ басастаик-



Йæ фыд Æндри

кой. Уыдис ыл хахуыртæ фыссæн кæнæ йæ ахæстонмæ баппарæн. Фæлæ йын аразын, ахуыры рухс тауын, агурын ма бауадзын никæй бон уыд. Куы ссæрибар, уæд дарддæр архайдта, æрмæст йæ куыстытæ фæфылдæр сты: рæстæг ацыд, уæдæ йæ йæ ном сраст кæнын дæр хъуыд. Йæ низты номхыгъд æмæ уæлдæр барадхъахъхъæнджытæм æрвыст гæххæттытæ сты, йæ нысанмæ цæугæйæ цы цæлхдуртыл сæмбæлд, уыдон аиуварс кæныны æмæ фæндаг дарддæр гæрдыны фæрæз. Уымæ гæсгæ ахæсты дæр Æлборы-фырт æнаххосæй æфхæрд баййафыны азарыл хъуыдыты бæсты аразы низты ныхмæ рецепттæ æмæ фыссы зарджытæ». Ахæсты хъизæмайраджы бонтæ тонгæйæ дæ дæ алыварс уæвджыты æнæниздзинад æмæ зарæджы зæлтæ æндавæнт – уый кæуылты сгуыхтдзинад æмæ цыфæнды уавæрты дæр Адæймагæй баззайынæн æвдисæн у! Æлборты Барысбийæн æрдзæй рахæсгæ миниуæг уыд, фæлæ ма йæ йæ размæ æвæрд нысантæ цыфæндыйæ дæр æххæст кæныны зондыл сывæллоны бонтæй фæстæмæ царды зын уавæртæ бафтыдтой. Æвæрæз бирæсывæллонджын бинонты ‘хсæн хъомылгонд лæппу йæ ныййарджытæ Æлборты Æндри æмæ Дзусон Зæрæдайы тухитæ уынгæйæ бамбæрста, æнцонæй йæ къухы кæй ницы æфтдзæн, æмæ йын уый дæр, æвæццæгæн, рæстдзинады сæраппонд тохæн ног тыхтæ дæттæг уыд.

Ахуыргæнæг æмæ ахуыргонд Æлборты Барысби цы дуджы æхсыст, уый сурæт баххæст кæнынæн зæгъдзыстæм: «Ирон традицион культурæ фидар у йæ рыцарьты идеалтæй. Ома зындзинæдтæн фæразын æмæ хиуыл ма ауæрдынмæ цæттæ уæвынæй. Хъарджытæ фидауынц æрмæст марды кæндты, уымæй дарддæр, суанг хуссайраг ирæтты геноцидыл кæнæ национ культурæйы минæвæртты ныццæгъдыныл ныхасы рæстæг дæр лæмæгъдзинады æнкъарæнтæ не ‘вдыстæуы.

Репресситæ æмæ геноцидæн дзуапп – ма басæттын, кæронмæ тох кæнын. Сæ кой ма кæнгæйæ, уымæн æмæ тæссаг уавæртыл ныхас æрмæстдæр хи бахъахъхъæнынмæ схойы. Ацы адæмыхатт куыд фервæзт, уый историон сусæгдзинад у. Чи зоны, дæ лæмæгъдзинад ма 'вдисын дæр тых æмæ хъару дæттæг сты…» Бзары-фырты ацы иттæг раст хъуыды – хицæн ныхас æмæ иртасæн куысты аккаг, фæлæ йæ ам, бæлвырд хæрзгæнæг-гоймагыл æрбаргæйæ, йæ царды ауæзтыл ын æй айтаугæйæ, æмбарæм – йæ архайдæй нæ ныхасы хъайтар равдыста, адæймаджы бон алцы дæр кæй у, хорздзинад кæнынмæ куы тырна, уæд. Уыцы хорздзинад кæнын æй хæлæггæнджытæ, дзырдхæсджытæ æмæ æндæр сау тыхтæ куынæ уадзой, уæд та хъысмæтæй курдзæн йæ куыстытæн цæрæнбон, «рыцарьты идеал» куыд амоны, афтæ. Диссаг, фæлæ уыцы куыстытæн цæрæнбоны сæраппонд ницæуыл фæауæрдынц дзыллæйы раздзæуджытæн сæ бинонтæ дæр. Уымæн æвдисæн – ахуыргонды чызг Æлборты Фатимæйы мысинæгтæ: «Хæдзары нæм-иу арæх уыдысты Борис æмæ Ксения Скитскитæ, Гæздæнты Гайтойы мад Гæздæнты Верæ, Æмбалты Цоцко, Коцойты Арсен, Дзанайты Иван, Гуыриаты Гагуыдз йæ цардæмбал Ханиффæимæ, Гулуты Андрей. <…>

1938 азы июны æрцахстой Гуыбадыйы (Æлборты Барысбийы цардæмбалы æфсымæр, ахуыргонд Дзагуырты Гуыбады – авт.), 13 августы та æрбацыдысты мæ фыдмæ. Æнæмæтхуыз йæхи дардта, æхсæвыгон уазæгæй куырдта æрмæст, цæмæй сгаргæйæ чингуытæ æмæ къухфыстытæ тæрхæджытыл хъавгæдæр æвæра. Фехъуыстон, уазæг куыд ныххудт уыцы курдиатмæ. <…>

Мæ фыды мын ахастой Свердловскы облæсты поселок Ивдель-Юртищемæ. 1940 азы июлы йæм мæ мад бæрæггæнæг ацыд. Хицауад ын фембæлыны бар нæ радтой, загътой æрмæст, цы дзаумæттæ йын æрласта, уыдон æм кæй фæхæццæ уыдзысты. Фæлæ йын хъахъхъæнæг, æвæццæгæн, фæтæригъæд кодта, æмæ сæ иу сахаты 'рдæджы бæрц кæрæдзийы фенын бауагъта. Фæстæмæ фæндаг ныддæргъвæтин. Билеттæм рады лæууын цалдæр боны бахъуыд, æмæ мæ мад ног ахуыры азы райдайæны агъоммæ ахуыргæнджыты æмбырдмæ байрæджы кодта. Уæд паддзахады йæ тыхы уыд карз бардзырд, æмæ дзæвгар рæстæг мæ мады мыздæй цасдæр урæдтой. <…>

Цыппор дыккæгæм азы немыц Кавказмæ куы æрбаввахс сты,

уæд мæ мад зынаргъ чингуытæ æмæ мæ фыды къухфыстытæ аласта Олгинскæйы хъæумæ мæ фыдыхо Джизалаты Паримæ. Уым, зæгъгæ, хъахъхъæд æрцæудзысты – хъæутыл бомбæтæ къаддæр калдтой». Йæ цард дæ къухты кæмæн ис, уый дæ куры æрмæст йæ фыстытыл ын аудын – уыцы мидхъаруйы рухсæн, цымæ, «адæмы знæгтимæ» тохгæнæг æдзæлгъæд худт йеддæмæ цæмæй дзуапп радтаид?! Уæдæ Æлборы-фыртæн йæ цардæмбал Дзагуырты Христинæ та? Йæ куыстæй ист æрцыд, йæ хо – нæ интæллигенцийы иннæ номдзыд минæвар Къосираты Сæрмæты (уæдмæ йæ фехстой «адæмы знаджы» гаккимæ) бинойнаг – æд сывæллæттæ сæ фатерæй уымæл уæрм-бæстыхаймæ æрвыст æрцыд, фехстой йын йæ инженер-æфсымæр Валодяйы дæр, æмæ уыдæтты фæстæ ахст æрцыд сæ хæдзардарæг дæр. Æнæ иу сымæй быхс ахæм фыдæвзарæнтæн, æмæ ма дæ къухфыстыты хъысмæт æндавæд. Йæ ахст мойы исбон исынмæ йын куы ‘рбацыдысты, уæд та йын йæ сæрмагонд заказмæ гæсгæ арæзт фыссæн стъолы ныхмæ радта хæдзары дзауматæй бирæ æндæр цыдæртæ…

«Фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг», «Зеленчукы цыртыл фыстыты ног бакаст», «Нарты кадджыты таурæгъон цалх», «Ирон адæмон зарджытæ иртасын æмæ бæстон кæнын», «Уырыссаг æвзаг амоныны методикæйæ», «Ирон сывæллæтты æвзаг», «Мæйты нæмтты равзæрд ирæттæм», «Фыццаг ирон поэт Мамсыраты Темырболат», «Кочысаты Розæйы цард æмæ сфæлдыстад», «Всеволод Миллер куыд лингвист – ирон æвзаг иртасæг», «Ирон театры историйæ», «Ирон адæмон зарджытæ фæллойы тыххæй», «Къубалты Алыксандры «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы бындур адæмон у æви нæ?» – ахуыргонды удвæллойы цалдæр куыстæн æрмæст сæ сæргæндты ранымад дæр æвдисы, йæ авналæнтæн арæнтæ кæй нæ уыд. Йæ фыццаг иртасæн уац дæр зонадмæ ногдзинад хæссæг сси – дзуры дзы æрмæст ирон æвзаджы грамматикон арæзтыл нæ, фæлæ ма йын агуры йæхи бынат иннæ индоевропæйаг æвзæгты ‘хсæн абарстытæ кæныны фæрæзы руаджы (уæд ахæм фæрæз уæрæх парахатгонд нæма цыд). Мæздæджы реалон училищæйы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй куы куыста, уæд, мадæлон æвзаджы нысаниуæг æмбаргæйæ, бацархайдта ууыл, цæмæй горæты астæуккаг ахуыргæнæндæтты ирон скъоладзаутæн æвзаг амонын райдайой. Бафтаудзыстæм, Æлборы-фыртæй кæй рауадаид хорз поэт æмæ драматург дæр. Йæ пьесæтæ йын æвæрд-



Галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Барысбийы æфсымæр Георгийы бинойнаг Мария æмæ чызг Антонинæ, Барысби, йæ фырт Зæрæд æмæ бинойнаг Христинæ. Май, 1925 аз



Барысби Кафт æмæ зарды паддзахадон ансамблы солисттимæ

той хихъæппæрисадон театралон къордтæ, йе ‘мдзæвгæтæй цалдæр адæмон сфæлдыстадыл нымадæй зарджытæ систы. Ахæм хъæппæрисджын æмæ куыстхъом адæймагæн йæ цардæй æнæхъæн аст азы дауты фыдæй ахахх кæн – уый кæуылты фыдракæнд уыд. Удæгасæй кæй раирвæзт, уый ма – хорз, фæлæ та йæ йæ ном ссыгъдæг кæнынæн дæр цас хъæрутæ раттын бахъуыд! Ахæм дуг, ахæм замантæ…

Рæстдзинад цæмæй сбæрæг уа, уый тыххæй барадон оргæнтæм цы бирæ хъуыддаджы гæххæттытæ фæфыста, уыдоны ‘хсæн баззад йæ автобиографи дæр. Æрхæсдзыстæм дзы цыбыр скъуыддзаг: «Дзæуджыхъæуы (ирон) зылды фыццаг сæргълæууæг уæвгæйæ, 1920 æмæ 1921 азты сарæзтон ахуыргæнджыты дыууæ съезды, педагогон курсытæ, фыццаг ирон профессионалон хор æмæ драмон къорд, æмбæлгæ уаг сæвæрдтон ирон адæмон сфæлдыстады текстытæ зонадон хуызы фыссынæн, мæхæдæг цалдæр чиныджы бæрц æрæмбырд кодтон дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстад, æвæрæн бахастон ирон зарджыты мелодитæ иудадзыг фыссын æмæ сæ бæстон кæнынмæ.

Хæххон педагогон институты минæвар уæвгæйæ, Æнахуыргонддзинад фесафыны фæдыл æппæткавказаг методикон конференцийы скодтон доклад «Æнахуыргонддзинад фесафынæн ахуыргæнджыты цæттæ кæныны мадзæлттæ». <…> Куыстон графикæйы, орфографийы, орфоэпийы, терминологийы ирон адæмæн иу литературон æвзаг аразыны фæдыл фарстатыл. <…> Уыдтæн ССР Цæдисы Зонæдты академийы 200 азы юбилейы депутат Цæгат Ирыстонæй.

Ирон æвзаг æмæ ирон скъолаты уырыссаг æвзаг ахуыр кæнынæн цы чингуытæ æмæ методикон амынддзинæдтæ сарæзтон æмæ рауагътон, ахæмтæ уый размæ нæ уыд.

Бацархайдтон, цæмæй ивд æрцæуа Адæмон ахуырады хæххон институт сæхгæныны тыххæй уынаффæ, æмæ уый руаджы 1923 азы райрæзт Советон Цæдисы фыццаг Национ хæххон педагогон институт.

Мæ хъæппæрисæй Цæгат Кавказы 2-аг педагогон институты арæзт æрцыд Этнографи, æвзаг æмæ литературæйы зонадон æхсæнад. Уыдтæн йæ сæрдар, ирайнаг секцийы сæргълæууæг, фæрæзтæ ссардтон æхсæнады зонадон уацты æмбырдгонд уадзынæн.

Цæгат Ирыстоны республикон бюройы зонадон кусджыты секцийы сæрдар уæвгæйæ, куыстон лæвар, фыццаг дыууæ мæйы та мæхи фæрæзтæй мызд фыстон техникон нымæрдарæн.

Æнтыстджын зонадон-педагогон æмæ æхсæнадон куысты тыххæй цалдæр хатты хорзæхджынгонд æрцыдтæн ССР Цæдисы алы рæттæм зонадон балцытæй.

1927 азы мæ Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институт арвыста Мæздæгмæ Ирыстоны тыххæй архивон æрмæджытæ агурынмæ. Уым стыр аргъуаны архивы ссардтон æвæджиауы цымыдисаг æвдисæнтæ Ирыстоны историйы æмæ ирæтты ахуырады фæндагыл æвæрыны тыххæй. Уæлдай стырдæр æнтыст уый у, æмæ сбæрæг сты биографион зонæнтæ фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг саразæг сауджын Генцауырты Павелы тыххæй. Уый размæ уыцы чиныг саразæгыл нымад уыд епископ Гай Бараташвили.

Ноджы диссагдæр та ма уый у, æмæ ног стыр аргъуаны хъахъхъæнæджы рагон хъæдын бæстыхайы кæй ссардтон фыццаг ирон мыхуыргонд чиныджы 200 экземплярæй фылдæр. Уый размæ йæ кой нал хъуыст, иунæг экземпляр ма дзы баззад æрмæст Ленинграды Салтыков-Щедрины номыл библиотекæйы. Уым дæр – зын агурæн, уымæн æмæ сæм чиныджы сæргонд немыцагау амынд уыд». Ацы хабæрттæ абон сты æвæджиауы æвдисæнтæ, нæ культурæ, ахуырад æмæ зонад куыд рæзыдысты, уымæн.

1979 азы ахуыргæндтæ Хæдарцаты Азæ æмæ Хæмыцаты Тамарæ рауагътой Æлборты Барысбийы зонадон уацты æмбырдгонд «Некоторые вопросы осетинской филологии». Сæхæдæг ын цы разныхас ныффыстой, уый сæрæвæрæн хъуыдытæй иу сси Æлборыфырты цæстæнгас ахуыргæнджытæ цæттæ кæныны хъуыддагмæ. «Адæмы фидæн аразгæ у, сæ рæзгæ фæлтæры сын чи æмæ куыд хъомыл кæны, уымæй», – дзырдта ахуыргонд, æмæ сидти техникумты цур, национ скъолаты рæзтæн чи фæахъаз уыдаид, ахуыргæнджыты ахæм курсытæ гом кæнынмæ (уый руаджы хъуамæ фæфылдæр уыдаид ацы фæрныг хъуыддагмæ разæнгард райдайæн цæттæдзинадимæ адæмы нымæц). Уыимæ стыр æргом здæхта педагогон кадрты интернационалон хъомыладмæ æмæ йæ фæндыд, цæмæй байгом уой цæгаткавказаг адæмыхæттыты æвзæгтæ ахуыр кæнынимæ баст кафедрæтæ. Куыдфæстагмæ уый фадат радтаид æвзæгтæ зонадон æмвæзадыл абарынæн æмæ æвзагзонынады, археологийы, этнографийы, историон поэтикæйы бирæ фарстатæ райхалынæн. Чиныгаразджытæ ма бафиппайдтой, Æлборты Барысби йе 'мхъуыдыгæнджыти-

мæ иумæ Ирон историон-филологон æхсæнадæн бындур куы сæвæрдта (уый сси Цæгат Кавказы фыццаг зонадон æхсæнад), уæд кæй бацархайдта кавказиртасынадæй литературæйæ хъæздыг библиотекæ саразынил æмæ архив æрбæстон кæнынил. Ома йæ цин йæ сагъæс уыд ахуыргæндты фидæны фæлтæрæн ахъаззаг æвæрæнтæ ныууадзын…

Æмбырдгонды дыккаг чиныг рухс федта æрмæстдæр 2005 азы (йæ саразæг – Хæмыцаты Тамарæ). Ныр уый æмæ фыццаг рауагъд дæр сты стæмхатт æмбæлæг литературæ, æмæ хорз уаид, архивтæй ист æрмæг ма сыл бафтаугæйæ, ногæй сæ рауадзын. Ахуыргонды бынтæ парахат кæнынил архайдта цалдæр азы размæ арæзт профессор Æлборты Барысбийы номыл Културон-рухсадон фонд, æмæ, зæгъгæ, уый куыст сног, хъæппæрисджын адæм ма йыл бафтыд, уæд уæздан, хиуылхæст, хæларзæрдæ æмæ дардмæуынаг адæймаджы ном арæхдæр хъуысин райдаид.

Цы миниуджытæ ранымадтам, уыдонæй æххæстæй хайджынæй бахъуыды кодта Æлборты Барысбийы уæды райдайгæ ахуыргæнæг, фæстæдæр Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты проректор, профессор Алла Олейникова: «Цы йе 'мкусджытыл, цы студенттыл аудыдта, зæрдиаг лæггад сын кодта йæ зонындзинæдтæ æмæ царды фæлтæрддзинадæй. Цы фыдæбæттæ бавзæрста, уыдон ын нæ фæкайдтой йæ цардбæллондзинад æмæ йæ фæстæ ахуыры æмæ зонады дæсны фæлтæр ныууадзынмæ тырнынад». Æмæ та – Æлборты Фатимæйы ныхæстæ, ацы хатт – Габоты Людмилæйæн лæвæрд интервьюйæ: «Тынг бирæ адæм нæм цыд. Тыхстæн нæ фатеры уавæрæй. Иунæг уат, йæ бахизæны – тæнæг фæйнæгæй къуымгонд. Дон хастам сыхæгтæй, газы пец дæр нæм нæма уыд. Адæм та цыдысты! Мæ фыдæн йæ бон уыд стъолы æмбæрзæн басчъил кæнын æмæ клеенкæйыл дзулы кæрстытæ æмæ нуры æрæвæрын. Æз-иу ын загътон, худинаг у, уазджытæн тæбæгътæ, агуывзætæ рахæсдзынæн, зæгъгæ, фæлæ та-иу уый, цæуылтыл тыхсыс, хæдзары дзулы къæбæр уæд, æндæр мацæуыл мæт кæн, зæгъгæ, бакодта». Цардæй дом æрмæстдæр, уд æмæ зæрдæйы хорзæх тауынæн дæ цы хъæуы, уый – ацы философийыл хæст вæййынц æрмæст сæ равзæрст фæндагыл стыр бæрзæндтæм схизæг, фæлæ хуымæтæг, сæ дзыллæйæн лæггадæй не 'фсæдæг адæм.

Иртасæг Бзарты Руслан Æлборты Барысбийы абарста мæсыгамайæгимæ: «Удуæлдай уарзтæй кæй уарзта æмæ иттæг хорз



Барысби Дзæуджыхъæуы Хæххон педагогон институты студентты къордимæ. 27 мартъи, 1925 аз

кæй зыдта, уыцы ирон адæмон сфæлдыстады ис, йæ адæймагон, профессионалон æмæ ма суанг цардвæндагон миниуджытæ дæр кæм баиу сты, ахæм фæлгонц. Куырыхон аразæджы фæлгонц. Мæсыгамайæг рагон Ирыстоны уыцы иу рæстæг уыд цалдæр ныриккон дæсныйадыл хæст: проект нывæндæг архитектор, æрдзы мидæг арæзтадон æрмæг агурæг геолог æмæ уыцы æрмæг амалгæнæг хохгуыстгæнæг; арæзтадон дуримæ архайæг æмæ инженер, уымæн æмæ фидар бындурыл бæрзонд къултæ амадта; арæзтадæн разамынд дæттæг, уымæн æмæ æххуысгæнджытæ йæхæдæг агуырдта æмæ семæ куыста. Мæсыгамайджытæ стæм уыдысты, кадджын, фæлæ сæ дæсныйад – цардæн тæссаг. Уымæ гæсгæ сæ нымадтой зонджын æмæ хъæбатыр адæймæгтыл. Мæсыгамайæгæн тæссаг уыд, кæмæн æй арæзта, уыцы бонджыны фидын куынæ бафæнда кæнæ, йæ ныхмæлæуyæг фæхъомысджын уа, уый кæй нæ фæндыд, уыдонæй.

Ирон таурæгъ амоны, мæсыгамайæг, йæ куысты фæдыл æнæзонгæ бæстæмæ цæугæйæ, йæ бинонты æмбæхст мидисимæ ныхас æмбарын

кæй сахуыр кодта. Йæ куыст куыд фæуд кодта, афтæ йæ ахæстоны баппæрстой, фæлæ мæлæтæй фервæзт, æмæ ма, цы хорзæхтæй йын зæрдæ æвæрдæуыд, уыдон дæр йæ къухы бафтыдысты, йæ бинонтæм æрвыстæджы ссæрибар уæвынæн амал кæй амындæуыд, уымæ гæсгæ.

Ахæм куырыхон æмæ дардмæуынаг дæсны, национ культурæйы æвæллайгæ Аразæг у Æлборты Барысби. Æнæбасæтгæ ныфс, зонындзинæдтæ æмæ йæхицæн хорзæхтæ нæ агурыны руаджы фервæзт уацарæй, фæуæлахиз йе знæгтыл. Йе сфæлдыстадон бынтæ сты фидæны фæлтæртæн ныстуан. Гъемæ ахæм ныстуан фæуæнт, сæ бамбарынæн сусæггонд æвзаг кæмæн макуыуал бахъæуа». Алцы дæр – нæхицæй аразгæ. Ис нын гæнæн нæ разагъды лæгты ныхасмæ æрыхъусынæн, сæ дунембарынад банкъарынæн, сæ цардыл цы идеалты сæраппонд нæ ауæрстой, уыдон тырысайæн равзарынæн. Нæхи æмæ фидæны фæлтæрты удыбæстæйæн. Æлборты Барысби æмæ йе ‘мхъуыдыгæнджыты фæллæйттæн аргъ кæнын куы зонæм, куы сæ иртасæм, сæ ныстуантæ сын парахат кæнынхъом уæвгæйæ, уæд нæ бон уыдзæн культурæйы æртытимæ ног мæсгуытæ амайын. Уымæ хъуамæ тырнæм, кæд нын фыдæлты удварны хæзнатæ æцæгæй зынаргъ æмæ нæ зæрдæмæ хæстæг сты, уæд…

# ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИ: 95 АЗЫ



**(1931 – 1969)**

*Фыссæг цæуыл фыссы, уыдон цæуынц йæ миддунейæ, æвзæрынц йæ зæрдæйы тæгтæй.*

*ДЗАБОЛАТЫ Хазби*

# ЗÆРДÆ ИС ЗАРÆДЖЫ, ЗАРÆГ ТА – ЗÆРДÆЙЫ

* * *

Мæ фыд йæ ивгъуыд бонты цытæн
Нæ дардта цухъхъа æмæ хъама,
Сæрыстырæй йæ сау бæрцытæм
Нæ амыдта егъау ист къаммæ.

Нæ уыд æвзистарæзт йæ рон дæр, –
(Нæ тарст йæ æмзæрæдты фауæй),
Уæддæр æй хъæу хуыдтой ирон лæг,
Ирон – зæрдæ æмæ æгъдауæй.

Æз ын йæ дзырд мæ зæрдыл дарын:
«Уындæй нæй кад, мæ хур, нæ зæххыл...
Цæмæй дæ хоной адæм уари,
Хъæуы дæу уый тыххæй ыстæхын!»

* * *

Зæрдæ! Ды æвдисæн
Дæ мæ цин, мæ зынæн.
Æз цæгъдын дæ хъистыл,
Æмæ кæд сæ зыланг

Искæйы рæвдауа,
Уæд рæстмæ стæм, науæд
Сты дзæгъæл нæ зæлтæ,
Æмæ зон, мæ зæрдæ:

Цас уой 'лвæстдæр хъистæ,
Уыйбæрц тонынц тагъддæр,
Фæлæ уыйбæрц искæй
Агайы сæ цагъд дæр...

## ИС АХÆМ ЛÆГ ХÆХТЫ...

Мæсыгтигъ хæххон хъæу,
Уыгæрдæн фæз – рæгътыл.
Кæцыфæнды ран дæр ис ахæм лæг хæхты:
Æрмæстдæр ын радзур,
Кæмæй дæ,
Кæцон дæ,
Æмæ дын фыр цинæй æрхæцдзæн дæ цонгыл:
«Нæхи лæппу куы дæ!
Цæуæм-ма нæхимæ!»
Дæ фыдимæ
Кæнæ дæ фыды фыдимæ
Уый царди хæларæй
Йе разынд дæ хæстæг.
Æмæ дын нæ кæны æфсоны ныхæстæ, –
Къæссы фарнæн баззад ирон хъæуы уазæг.
Фыдæлтон сыкъайы дын рахæсдзæн нуазæн,
Æрæвæрдзæн хойраг зырнæйзылд тæбæгъты...
Ис ахæм æмбæлæг,
Ис ахæм лæг хæхты:
Фæдзурдзæн дын номгай æнæсгæрст къуыбыртæ,
Æрисдзæн дын мæсгуыты тулдзын гуыдыртæ,
Фæкæндзæн дын таурæгъ æнæном лæгæтыл,
Æнаххос уды маст,
Хъайтары мæлæтыл...
Ис ахæм æмбæлæг...
Цæудзынæн мæ къæхтыл
Ныфсджынæй,
Цы бонмæ
Уа ахæм лæг хæхты!

## ЧИ ЗОНЫ...

Æдзынæг кæсгæ дардыл
Тæнæг фæлмы бынæй
Ыстылд фæныкхуыз арвыл
Мæскуыйы сæрмæ мæй.

Фыццаг хатт, мыййаг, мæйыл
Нæ æрхæцыд мæ цæст.
Уæдæ цы ‘рцыд, цымæ йæм
Цæмæн ныдджих дæн æз?..

Кæд афонмæ нæ Иры
Хæххон дæтты уынæр
Дæ уаты бадын бирæ
Нæ бауагъта дæу дæр.

Кæд та фæлыгъд дæ хуыссæг,
Æрвон тыгъдмæ кæсыс,
Æмæ ды дæр мæ хуызæн
Кæд ныр дæхи фæрсыс.

Кæд, фенынмæ бæлгæйæ,
Ысцæйсудзы дæ риу,
Кæд, чи зоны, ныр мæйыл
Нæ цæстæнгас ысиу.

## БАДÆГ ЧЫЗДЖЫ ЗАРÆГ

Мæрдвæсмон фæкæной, адзалмæйы фæсмон,
Хæстæрцыд кæй фæнды!..
Ыссæдз азы дæргъы æз нал аивæзтон
Мæ фæндыры тæнтæ...

Ыссæдз азы рæгъы æз царды тæрхоныл
Куы нæма æууæндын.
Ыссæдз азы дæргъы дæу мæрдтæй ысхонын
Куы нæма фæуæндын...

Кæд де ’нусмæ цæфтæ, дæ хъæдгом къабæзтæ
Дæ хурæй æмбæхсыс,
Куынæуал базона йæ хæрзконд Алхæсты,
Кæд уымæй фætæрсыс...

Æз уымæн фæкувын – цы ‘мбæлæг æрæфта
Мæ дунейы рухсыл...
Дæ зæрдæйы змæлд ма, дæ иунæг улæфт ма
Уæддæр куы фехъусин!..

## ДИДИНÆГ

Хъалзæнгæй дурыны
Дидинæг рæзт,
Снывæзта хуры ныв
Уымæн йæ цæст.

Фæлæ йыл иу азмæ
Сцæттæ мыггаг,
Æмæ йæ хæдфарсмæ
Сæвзæрд дыккаг.

Уайтагъд æрлæмæгъзæнг,
Уайтагъд æрцъынд,
Цыма йæ æмбæхсын
Афон æрцыд,

Хуры тынхауæнæй
Акъул и раст,
Цыма фæаууонæй
Чысылæн тарст...

Райгондæй дурыны
Дидинæг рæзт,
Снывæста хуры ныв
Уымæн йæ цæст...

## ÆРДЗ ÆМÆ АДÆЙМАГ

Хæхтæй æрбазынæг рухс хуры тын,
Арвыл фæскъæвда сырххъулон æрдын,

Уалдзыгон быдырты кæрдæджы цъæх,
Цины цæссыгау æрттиваг æртæх,

Райсомæй хъæдгæрон мæргъты пæр-пæр,
Хохы фæсахсæвæр дæтты уынæр,

Цъити-къæдзæхты рæгъамад æвзист –
Уыдонæй аив, рæсугъддæр цы ис?!

Фæлæ куынæ уаид адæймаг, уæд
Цымæ, кæй хъæуиккой уыдон æппæт?!

## ХУЫМÆТÆДЖЫ ÆЦÆГДЗИНАД

Кæмæй ферох уа райгуырæн хæдзар,
Уый не 'рымысдзæн райгуырæн хъæуы дæр,
Æмæ йæ дард фæхаста, зæгъгæ, цард,
Уæд не стыхсдзæн, Фыдыбæстæ, дæуыл дæр!

Кæмæ нæ фæкаст мады 'хсыр хæрзад,
Уый адæмæн нæ фæлæудзæни дзагдар.
Кæмæн нæу адджын мадæлон æвзаг,
Уый никуы уарздзæн искæйы æвзаг дæр.

*ХОДЫ Камал*

# РУХС ФÆНДТÆ ХÆССÆГ

*Уацц*

*Зарæг нывæндгæйæ,*
*Зæрдæ цæмæн риссы?*
*Хорз зарæг афтæ арф*
*Риумæ цæмæн хизы?*

*Уыдон кæрæдзийы*
*Хуылфы цæвæрдæи.*
*Зæрдæ ис зарæджы,*
*Зарæг та – зæрдæйы.*

Фæцис поэты зæххон биографи æмæ райдыдта йæ цард дзыллæйы зæрдæйы.

Æз æй хорз зыдтон, уымæ гæсгæ мын Хазбийы сфæлдыстадыл дзурын, иуæй, зын у, иннæмæй, – æхсызгон. Зын уымæн, æмæ кæддæриддæр æнцон нæ вæййы, зæрдæйæ дæм æввахс чи уа, ахæм адæймаджы хъуыддæгтыл адæмы раз дзурын; æхсызгон та уымæн, æмæ, Хазбийы уацмыстæ лæмбынæг кæсгæйæ, мæнæн ногæй фадат фæцис поэтимæ æмсагъæсæн, йемæ зæрдæйæ-зæрдæмæ фæныхас кæнынæн, йæ поэзийы мидхъæру йын нодж арфдæр банкъарынæн.

Ацы фæтк ирдæй зыны поэты æппæт сфæлдыстадыл дæр æмæ йын дæтты диалектикон хъомыс.

Хазби хъыгзæрдæйæ фыста: «Иуæй-иутæ поэзи раздæхтой хынджылæгмæ æмæ сæгад кодтой поэты цытджын ном. Чиныгкæсæг нал æууæнды æмдзæвгæты рæстдзинадыл. Адæмы иу хай та сахуыр уæлæнгай фыстытыл æмæ нал æмбары æцæг арф хъуыды, рæстылдзурæг æмдзæвгæтæ – уый нæ, фæлæ ма сæ тæрсын дæр райдыдта.

Нæ литературон фыдæлтæ ахæм хъуыддæгтæ сæ сæрмæ нæ хастой. Уыдон никуы кодтой цæстмæ фыстытæ, цæстмæ ныхæстæ, сæ дзырды уыд стыр уæз, стыр фарн, адæмы 'хсæн уыдисты нымаддæр лæгтæ. Цæмæн афтæ уыд? Уымæн æмæ поэт фыццагдæр хъуамæ уа лæг. Чъизизæрдæ, хахуыргæнæг, æдзæсгом, цæстмæ миты фæрцы бынæттæм тырнæг адæймаг хорз поэт никуы суыдзæн. Фыссæг цæуыл фыссы, уыдон цæуынц йæ миддунейæ, æвзæрынц йæ зæрдæйы тæгтæй. Фæлæ

цъымарайæ сыгъдæг суадон нæ гуыры» («Поэзийы бон», Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдад, 1966 аз, 78 – 79 ф.).

Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ фыссын куы райдыдта, суанг уæдæй фæстæмæ Хазби зæрдиагæй æмæ сыгъдæгзæрдæйæ архайдта ацы карз домæнтæ æххæст кæныныл.

Хазби хæрз æрыгонæй æнкъарын байдыдта дзырды «ад», дзырды фидыц. Поэт йæ биографийы мысы: «Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдтон иу-фынддæсаздзыдæй, фæлæ сæ мыхуыр кæнын мæ зæрды нæ уыд. Фыстон бирæ. Æфсады службæ кæнгæйæ ныффыстон бирæ лирикон æмдзæвгæтæ æмæ æртæ стыр кадæджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бæззыдысты, æмæ сæ фæстæдæр басыгътон. Ныртæккæ йыл фæсмон кæнын, фæлæ, 1956 азæй размæ цыдæриддæр ныффыстон, уыдон сыгъд æрцыдысты...»

1956 азæй фæстæмæ поэты æмдзæвгæтæ зынын байдыдтой Ирыстоны газеттæ æмæ журналты. Йæ уацмыстæ адæмы рæгъмæ хæссыныл æнæхъуаджы тагъд никуы кодта. Уымæ гæсгæ йын йæ удæгасæй цы æртæ поэтикон æмбырдгонды бантыст рауадзын, уыдонæн сæ иуæй сæ иннæйы ‘хсæн ис дзæвгар рæстæг: «Хæс» (1960), «Артдзæст» (1963), «Къахуынæр» (1967).

Дзаболаты Хазби раджы базонгæ æцæг аивады культурæимæ. Сфæлдыстадон скъолайау ын уыдысты классикон литературæйы хъомысджын традицитæ. Уый ирдæй зыны суанг йæ фыццаг æмдзæвгæтыл дæр: сты æлвæст, техникон æгъдауæй – æмбæлгæ æмвæзадыл, агайынц зæрдæ, зыны сыл, лæппу æрдзæй кæй фæци цырддзаст æмæ къæрцхъус, кæй æмбары æцæг сфæлдыстадон кусæджы бæрзонд нысаниуæг:

*Дæ хæс цытджын æмæ егъау у,*
*Дæ фæндаг – даргъ æмæ дæрзæг...*
*Зæххыл дæм иу царды бар хауы,*
*Æмæ у рухс фæндтæ хæссæг!..*

Нæй фæивддзаг кæнæн Хазбийы сфæлдыстады æууæлтæн æндæр поэты æрмдзæфимæ. Йæ темæтæ, йе ‘нкъарæнтæ, йæ поэтикæйы авналæнтæ (бæлвырд бæрцæй суанг йæ уацмысты спецификон дзырдуат дæр) тæдзынц йæхи цардæй, йæхи зæрдæйæ, йæхи биографийæ. Æмæ дыууæ хъысмæты та æмхалдих никуы вæййынц...

*Мæ фыст – мæ сонт улæфт,*
*Мæ тугдадзинты схуыст,*
*Мæ сагъæсты фæдисхъæр...*

Поэзи хиирхæфсæн кæнæ мулкамалгæнæн мадзал кæй нæу, уæхскуæз фæллой дзы кæй хъæуы удуæлдайæ, уый никæд рох кодта Хазбийæ. Аивад фæлдисыны хъуыддагмæ уæлæнгай цæстæй чи кæсы, ахæм адæймæгтæн поэт йæ дзырды фарны руаджы хæссы карз моралон тæрхон.

Адæймаг сфæлтæры зындзинæдты, йæ ном æнусон свæййы сыгъдæгзæрдæ фæллойы руаджы, иудадзыг бæрзонд нысанмæ тырныны фæрцы. Поэт æрымысы, кæддæр йæ фыдæй цы ныхæстæ фехъуыста, уыдон: æддаг бакаст ницы мары, лæгдзинад хъуыддаджы рабæрæг вæййы, цæмæй дæ адæм уари рахоной, уый тыххæй хъуамæ арвмæ стæхай («Мæ фыд йæ ивгъуыд бонты цытæн...»).

Уыцы хъуыды ноджы бæлвырддæрæй, аивадон æгъдауæй ноджы æххæстдæрæй загъд æрцыди æмдзæвгæ «Фын»-ы. Лирикон хъайтар цæуы фæндагыл. Æваст йæ размæ февзæрдис егъау хох. Фæлæ нæ барызт бæлццоны уæнг æнæнхъæлæджы цæлхдур фенгæйæ, ныфсджынæй атындзыдта размæ, тухигæнгæ тырны айнæг къулыл хохы рындзмæ...

*Нырма у тигъ бæрзонд...*
*Æваст мæ къах фæбыры...*
*Фæхæцæн дур – тæссонд...*
*Сæрсæфæн ком – мæ быны...*
*Æрбайсæфт фын... Кæм дæн?..*
*Ысхызтæн, нæ, – нæ зонын,*
*Фæлæ мæ фæндты мæн*
*Цыдæр тых размæ хоны...*

«Ысхызтæн, нæ, – нæ зонын»... – ацы хъизæмайраг дызæрдыг фыдæй-фыртмæ уыди æмæ у сфæлдыстадон куысты æмбæлццон. Уыцы гуырысхойæ хызт нæ уыди нæ поэт дæр. Æмæ йæхиуыл кæй никæд фервæссыди, хорз фыссын райдыдтон, зæгъгæ, ахæм сæфтдзаг хъуыды йæ фæсонæрхæджы дæр кæй никæд æрцыди, уый тыххæй рæзыди азæй-азмæ Дзаболаты Хазбийы дæснылад, йæ поэтикон культурæ, уымæн кодта арфæй-арфдæр йæ дунембарынад.

Йæ алыварс цы фæзындтытæ æмæ цаутæ уыдта, уыдонмæ Дзаболаты Хазби касти нывгæнæджы цæстæй, æвзæрста сæ æмæ сын аргъ кодта диалектикон хуызы. Зæрдæйы æмæ зонды хъаруйæ æххæст кæй уыди, уымæ гæсгæ æмбæрста, зæххыл нырма рæстдзинадимæ æмдзу кæй кæнынц сау тыхтæ, незамантæй фæстæмæ карз тохы кæй бацыдысты уарзт æмæ фыдæх, фидыд æмæ хæст... Уыцы знæт æмæ змæст дунейы адæймагæй рацæрынмæ чи хъавы, уæлдайдæр та поэты ном чи хæссы, уый хъуамæ лæууа йæхи фидар принциптыл. Æмæ уыцы принциптæ Хазбийæн бæлвырд уыдысты: рæстыл дзурын, рухс фидæны сæраппонд удуæлдай тох кæнын, уыцы тохы фыдæлтыккон мæсыгау, Ирыстоны хæхтау æнæфæцудгæ уæвын.

Фæндыры тæгтæй иунæгыл нæ цагъта Хазби. Афтæ чи кæны, уыдонæн сæ зарæг вæййы иугъæдон æмæ æдзæлгъæд. Уыцы азарæй хызт у Дзаболы-фырты сфæлдыстад. Парахат у йæ поэтикон диапазон: æнкъард, трагикон мотивтæ, царды нысаниуæгыл уæззау сагъæстæ, сфæлдыстадон кусæджы удхайраг дызæрдыг, хæрзаив худæнбыл зарджытæ уарзондзинадыл, хæларзæрдæ юморы бындурыл нывæст уацмыстæ, карз сатирикон æмдзæвгæтæ... Æмæ уыдонæй алкæцыйæн дæр Хазби агуырдта æмæ фылдæрхатт ардта æмбæлгæ арæзтадон æрмæг. Уымæн æвдисæн сты æмдзæвгæтæ «Хинæйдзаг нуазæг», «Сонет», «Сагъæс æнæзонгæ æмбæлæгыл», «Чи зоны», «Ацæргæ лæджы сагъæс», «Тæрсын æз иу хуызы мæлæтæй», «Хæрæг æмæ бирæгъ» æмæ бирæ æндæртæ.

Хазбийы хуыздæр æмдзæвгæтæн сæ зæрдыуаг, сæ ахаст, сæ иумæйаг мидис кæддæриддæр æнгом баст вæййы уацмысы æддаг бакастыл, йæ азæлдыл, йæ формæйыл. Æмæ афтæмæй алы компоненттæ басгуыхынц (æмгуыст кæнгæйæ) æцæг поэзи (æмдзæвгæтæ «Бадæг чызджы сагъæс», «Дидинæг», цикл «Нæртон удыхъæд» æ. æнд.). Уыцы хъуыддагæн стыр ахъаз у, поэт дæсны æмæ рæстдзæф пайда кæй кæны æвзаджы авналæнтæй, уый дæр. Дзаболы-фырты уацмысты органикон æгъдауæй сиу сты ирон æвзаджы ахадгæ-фольклорон здæхтытæ æмæ нырыккон ирон литературон æвзаджы тæккæ хъомысджындæр мадзæлттæ.

Дзаболаты Хазбийы поэзийы характерондæр миниуджытæй иу у йе 'мдзæвгæты нывты, хъуыдыты, фæлгонцты æмæ æнкъарæнты бæлвырддзинад. Суанг ма шахты куы куыста, уæды уацмыстыл

дæр зыны, нæ поэт кæй архайдта, цы предметыл кæнæ фæзындыл фыссы, уымæн йæ социалон-философон кæнæ аивадон-эстетикон æууæлтæ бамбарыныл, йæ апп ын феныныл, ома цардмæ нывгæнæджы цæстæй кæсыныл. Чи фæгуырысхо уыдзæн, зæгъæм, мæнæ ахæм абарстыты æмæ фæлгонцты реалистондзинадыл: «Мад!.. Йæ дæрдджын къабайы фæдджийæ уый мæнæн цыбыр хæлаф хуыдта», «фæлмæндзаст зæронд ус», «дæрзæгдаст зæронд лæг», «хыссæ хаст фысау арынджы рафæлдæхт», «фынгыл дзагæй бæркадхъуыр графин æфсæрмгæнгæ рахид», Терчы «æрсбæрзæй гуылфæнтæ», «мæсыгтигъ хæххон хъæу» æ. а. д.

Махæн æнæ гуырысхойæ у нæ бон зæгъын: Дзаболаты Хазби суанг хæрз æрыгонæй фæхæст поэзийы æфсургъы сызгъæрин барцыл, йæхи нывзылдта йе рагъмæ, ауагъта йæ сфæлдыстады æгæрон æмæ гуыргъахъхъ тъæпæнтыл, æмæ, куыддæр æфсургъ йæ тæккæ гæпп-дугъыл фæцалх и, афтæ барæг асхъиудта æбæрæг æмæ раууаты дунемæ...

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

# ÆМГАРЫ СУРÆТ

*Мысинæгтæ*

*(Скъуыддзаг)*

Нæ фæстаг фембæлд уыди 1969 азы 17 январы. Мæ каникултæ та ‘рвыстон Дзæуджыхъæуы. Хазбийы уый хæдразмæ бон снысан кодтой чиныгуадзæны редакторæй. Райсомæй иу-дæс сахатыл фембæлдыстæм Хазби, Джыккайты Шамил, Ходы Камал æмæ æз. Телеуынæнмæ цыдæр хъуыддæгты фæдыл ссыдыстæм. Хазби уыди хъæлдзæг, йæ зæрдæ кæмæй рад, ахæм куыст æм кæй æрхауд, уый тыххæй æви цæмæн – мæгъа. Ногдаст, йæ сæрыхъуынтæ дæр – аив. Нæ хъуыддæгтæ куы ахицæн сты, уæд цыппарæй фистæгæй æрхызтыстæм къуылдымæй. Ныццыдыстæм Ирон уынгыл. Не ‘мбæлттæй иу (æнхъæлдæн, Шамил) дзурын райдыдта нæ литературæйы уавæрыл. Йæ цæрæнбонты, дам, ирон чиныг чи нæ бакасти, литературæйæн мисхалы бæрц дæр чи ницы ‘мбары, хъуамæ, дам нын нæ фыстытæн ахæмтæ аргъгæнæг суой (ныхас хауди обкомы кусджытæй кæмæдæрты, йæ цæргæбонты карьерæдзуан чи кодта, бæрзонд æмæ хъарм бынатыл фæхæст уæвын йе стырдæр монц кæмæн уыд, уыдонмæ). Иууылдæр æрæнкъард стæм, исдуг хъыпп-сыпп никæмæйуал цыди. «Цæмæй тæрсут, цæмæй?!» – æваст райхъуысти Хазбийы фидар хъæлæс. Уый не ‘ппæтæн дæр ныфсы хос фæци, не ‘нтъыснæгдзинад æрбадæлдзæх, раздæры гаччы та сбадтыстæм. Уæдмæ ‘рхæццæ стæм Цæдисты хæдзары цурмæ. Хазби та хъуамæ баздæхтаид йæ куыстмæ. Кæрæдзийæн хæрзбон загътам. Тæккæ дуары цур ма нæм Хазби иу каст фæкодта, йæ рахиз къух уæлæмæ систа фæндарасты нысанæн, йæ сæр зына-нæзына батылдта æмæ мидæмæ бахызт. Æз æмæ Шамил та Ленины уынджы дæлæмæ ‘рцыдыстæм. Камал чердæм базылд, уый нал хъуыды кæнын.

Æхсæвиуат кодтон мæ хæстæджытæм (Æрыдоны уынджы 251-æм хæдзары). Æмбисæхсæв мæм фысымты ус фæфæдис, Бицъоты Гришæ, дам, телефонæй дзуры, Хазбийыл топп феваст, зæгъгæ. Сахатмæ ‘ркастæн: цыппæрæм райдыдта. Талф-тулфæй мæ дзаумæттæ акодтон æмæ феддæдуар дæн. Уынджы цъиуызмæлæг нæй. Сæрымагъзы фæдисхъæр

систа иунæг хъуыды: цы ‘рбамбæлди Хазбийыл?! Иу машинæзынæг уæддæр куы фæуид!

Хæдзары баййæфтон Мыртазты Барис, Бицъоты Гришæ (Хазбиимæ иу хæдзары цардысты), стæй сыхæгтæй кæйдæрты. Иууылдæр марды хуызæнæй лæууыдысты. Мидæггаг уатмæ бахизæны пъолыл æмæ дуары рахизфарс къулыл – туджы лыстæг пырхæнтæ. Мæ бацыдмæ Хазбийы рынчындонмæ аластой. Чысыл фæстæдæр фæзынди Малиты Васо дæр. Цыппарæй (Гришæ, Васо, æз æмæ сыхæгты лæппу) атындзыдтам горæты уынгты. Автобустæ нæма цыдысты – базары цурæй Ирыстоны уынгмæ нæ (рынчындон уым уыд) фистæгæй цæуын бахъуыди. Сым дæр нæ никæмæй хауди. Тъæнджы мæйы тызмæг æхсæвы фыдуацæй иууылдæр фæкуыддæртæ стæм. Æдзæрæг уынгты нæ къæхты зæлланггæнаг хъæр æмæ салд миты дæрзæг хъыс-хъысæй дарддæр ницы фехъусæн уыд. Æрмæст Бицъоты Гришæйæ цалдæр хатты сирвæзти дыууæ удаист дзырды: «Мæнæ диссаг!»

Рынчындоны тыргъы баййæфтам Хазбийы бинойнаг Люся, Цæрукъаты Владимир æмæ цалдæр сылгоймаджы. Люся нæ куы ауыдта, уæд дзы хъыллисты хуызæн цыдæр æнахъинон хъæрахст схауди. Йæхи ныл æрбаппæрста. Тыргъы бандæттыл лæууыдысты Хазбийы дзаумæттæ – пиджак, хæдон, хæлаф. Люсяйы къухы йæ туфлитæ, йæ хъæбысмæ-иу сæ нылхъывта, йæ катайæ не ‘нцади. Чидæр бандонæй систа Хазбийы дарæс, æмæ зæхмæ æргæр-гæр кодтой еууы нæмгуытæй чысыл ставддæр зды гагатæ. Люся-иу рæстæгæй-рæстæгмæ ахæм æвирхъау цъæхахст ныккодта (фæлæ дзы цæмæндæр цæссыг нæ хауди), æмæ-иу æм тыргъы лæуджытæ джихæй кæсгæ баззадысты. Иурæстæг фæсабырдæр, æмæ йæ афарстон, хабар куыд уыди, зæгъгæ. Ныр ма дзы авд азы фæстæ хъуыды кæнын ахæм ныхæстæ: «Æхсæвы иуæндæс сахатыл æрбацыди нæхимæ. Æз хуысгæ кодтон. Райсом цуаны цæуын, зæгъгæ, топп рахаста æмæ гилдзытимæ архайы. Æз ын цалдæр хатты загътон, æнафон у, райсом сæ сифтындздзынæ, зæгъгæ, фæлæ нæ бакоммæ касти. Иуафон гæрахæй мæ хъустæ акъуырма сты. Фæкастæн, æмæ Хазби пъолыл катай кæны. Топп ын йæ къухæй райсон, зæгъгæ, йемæ куыд схъуырдухæн дæн, афтæ райхъуысти дыккаг гæрах дæр. Гъер уыцы хъуырдухæнты рæстæг топп дыккаг хатт кæд мæхи къухы схæцыд, уæддæр нæ зонын».

Бон-изæрмæ рынчындоны тыргъы фæлæууыдыстæм, дохтырты минутæн фарст кодтам, фæлæ ницы ныфс æвæрдтой. Фыццаг æхстæй Хазбийæн фæцæф йæ галиу цонг (рæмбынықъæдзæй уæхсчы ‘хсæн), дыккагæй та – йæ хуылф (лыстæг зды гагатæ фæхуынчъытæ кодтой тъæнгтæ æмæ ахсæны къултæ). Не ‘мбæлттæй йæм чидæртæ суади дыккаг уæладзыгмæ. Цыдæр тых мын ме уæнгтæ ныббаста, нæ мæ фæндыди Хазбийы ахæм кæуинаг уавæры уынын, не сси мæ бон йæ цурмæ бацæуын.

Изæрæрдæм нын дохтыртæ загътой: туг æм бауадзын хъæуы, фæлæ туг нæй. Цалдæр лæппуйæ машинæйæ рацыдыстæм тугисæн станцæмæ, фæйнæ агуывзæйыдзæгтæ радтам æмæ фæстæмæ рынчындонмæ æрыздæхтыстæм. Иу-фараст сахаты сси, бон-изæрмæ къæбæры хъæстæ нæ уыдыстæм æмæ, исты акомдзаг кæнæм, зæгъгæ, автостанцæйы бакомкоммæ хæрæндонмæ бауадыстæм. Тагъд-тагъд цыдæр уазал хæринæгтæ райстам, Хазби цæмæй фервæза, уый тыххæй фæйнæ рюмкæйæ Хуыцаумæ скуывтам æмæ та рынчындонмæ атындзыдтам. Кулдуары цур ныл Цæрукъаты Таймураз амбæлд æмæ йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ загъта: «Ахицæн». «Оу, Хазби», зæгъгæ-ма Камалы богъ айхъуыстон, стæй мын мæхи хъуыр дæр кæуын ахгæдта.

* * *

Уый уыди 1966 азы, Хазбиимæ Карцагомы куы уыдыстæм, уæд. Иу мæйрухс æхсæв, уасджытæ ма æфтуанхъæдтыл æнæмæтæй рæдзæ-мæдзæ кодтой, афтæ хъæдæй ныйилæлæй ласта булæмæргъ.

Нæ фысым Мухар æндæрæбон æз æмæ Хазбийæн кæй дзырдта, уыцы ныхас мæ зæрдыл æрбалæууыди: булæмæргъ бæласæн йæ цъуппæй куы уаса, уæд фыдбонæй тас нæу. Фæлæ иугæр къалиуты ‘хсæн сыфтæрты бын арф нынныгъуылд, уæд хурæн ракæсыны мыггаг нæй – кæнæ асæст вæййы, кæнæ тæркхъæвда.

Зæронд лæджы ныхæстæм мæ хъус ницанæбæрæг æрдардтон. Мæхинымæры загътон: булæмæргъ цъиу йеддæмæ циу, фæнды бæласæн йæ бæстастæу бадæд, фæнды йæ рындзыл – æрдз йæ фæтк нæ фехалдзæни, цы бон кæнинаг уа, уый скæндзæни.

Фæлæ ныр иугæр йæ зардмæ куы райхъал дæн, уæд мæхи нал баурæдтон, цымыдис мыл фæтых, ныууагътон мæ хуыссæны хъарм æмæ сусæгæй, Хазби куыннæ райхъал уа, афтæ рахъуызыдтæн. Сыбыртт

никуыцæй хъуысти, куыйтæ дæр адджын фынтæ уыдтой. Скæсæнæрдыгæй хæхты сæрмæ арв зына-нæзына æрбацъæхтæ.

Булæмæргъ зарыди хъæдгæрон фæрвытæй кæцыдæрæй. Æввахс бацæуын æм зæрдæ нæ бакуымдта: чи скъуыны уыцы удуæлдай зарæджы зæрин зæлтæ! Æниу æм куы бацыдаин, уæддæр ын æхсæвыгон йæ бадæн кæцæй федтаин!

Бæстæ – афтид, æгуыппæг. Зарæгæй дарддæр – никуы æмæ ницы.

Иуцасдæр æм фæхъуыстон, стæй мыл ихæнриз бахæцыд, æмæ мæ хуыссæн бацагуырдтон.

Ууыл рацыди дæс азы. Цалдæр хатты ма уыдтæн Карцагомы. Уым дæр æмæ æндæр рæтты дæр ма хъуыстон булæмæргъы зардмæ. Фæлæ мын дзы фыццаджы ад ничиуал скодта. Иу булæмæргъы зарæг иннæмæй баивæн нæй.

Уый зæгъинаг дæн Дзаболаты Хазбийы поэзийæ дæр.

*1976 азы 20 июль*





*Дзаболаты Хазби æмæ Николай Рубцов. Дыууæ адæймаджы, дыууæ поэты, дыууæ удыхъæды. Сæ иу фæхайджын ирон адæмы, иннæ – уырысы фарнæй. Сæ иу райгуырд хуссары, иннæ – цæгаты. Лæппутæй кæрæдзийы нæ зыдтой, фæлæ Мæскуыйы уайтагъд кæрæдзийы зæрдæйæ банкъардтой. Уымæн æмæ удыхъæдæй æнгæс уыдысты, сæ æнкъарæнтæ æмцæлхъ кодтой.*

*Бынтон диссаг та разынд сæ хъысмæт. Сæ дыууæ дæр æвзонгæй бавзæрстой зын царды ад. Цалынмæ студенттæ нæ систы, уæдмæ каст фесты фæллойадон факультеттæ. Сæ дыууæ дæр, скъолайы ма ахуыргæнгæйæ, райдыдтой фыссын, рауагътой фæйнæ чиныджы. Хазби – «Хæс», «Артдзæст» æмæ «Къахуынæр». Рубцов – «Звезда полей», «Душа хранит» æмæ «Сосен шум». Цыппæрæм чингуытæ сын баззадысты æрдæгфыстæй. Хазбийæн хуыйны «Уацамонгæ», Рубцовæн – «Зеленые цветы». Сæ дыууæ дæр фæмард сты иу æхсæв. Дзаболаты Хазби – 1969 азы 19 январы, Николай Рубцов та – 1971 азы 19 январы.*

*Николай Рубцов Хазбийы æмдзæвгæтæй уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта цалдæр. Уæ размæ уын дзы хæссæм иу æмдзæвгæ.*

## ХÆСТ ХÆРЗРОХ
## НÆ НЫУУАГЪТА МÆН ДÆР

Мæн хæстхъомæй не ‘рæййæфта хæст,
Тохфæдыл нæ фæцыдтæн æд гæрзтæ,
Фæлæ федтон хæсты хуызы æз
Сау низау æнæхатыр фыдрæстæг.

Хæст... Уæд хъусын бомбæты хъæрзын,
Хъустæ ‘хгæнынц танкæты гуыр-гуырæй,
Цæстыл уайы бардæйы кæрдзын,
Æмæ згæхæрд телтæй конд æрмгуырæй...

Хæст хæрзрох нæ ныууагъта мæн дæр,
Хæст мæныл дæр йе знаг къух æрсæрфта,
Зæрдыл дарын акъоппы мæйдар
Æмæ тарст, æнæхуыссæг æхсæвтæ...

* * *

Меня война солдатом не застала.
Чтоб взять винтовку, был годами мал.
Но тоже рос голодный и усталый!
Но тоже груз на плечи поднимал!

Своим крылом безжалостное время
Махало так, что мой мутился взгляд, –
Недетских слез и всех лишений бремя
Я тоже нес, как будто был солдат!..

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИ

*Мысинæгтæ*

Дзаболаты Хазби йæхæдæг афтæ фыста йæ иу æмдзæвгæйы: «Мæ цыд, уый у мæ цыд». Æмæ, йæ цыд куыд уыди, йæ лæуд дæр афтæ уыди, йæ ныхас дæр афтæ уыди, йæ бахудт дæр афтæ уыди. О, сæрмагонд барæнæй барст уыди йæ алы хъуыддаг дæр, – æрмæст уымæ, Хазбимæ чи уыди, ахæм барæнæй. Амбæлди дыл, йæ къухыл хæрдмæ фæхæцыдаид, зæрдиаг хæст дыл фæкодтаид, йæ мидбылхудт йæ цæсгомыл базмæлыдаид, æмæ дæм æрбадзырдтаид: «Хуыцауы арфæ дæ уæд!»

Афтæ арфæ кодта Хазби, æмæ дунейы уымæй хуыздæр арфæ кæм и?! Ноджы йæ куыд зыдта ракæнын!

Уæд телеуынæны куыстам. Уый «Хабæрттæ»-йы куыста, æз – хъæууон хæдзарады редакцийы, – Литературон-драмон редакцийы бынæттæ ахст уыдысты. Куыннæ-иу бауадаиккам кæрæдзийы кусæн бынæттæм! Æмæ-иу мыл дис бафтыдта йæ бæстон архайд. Хабæрттæ мыхуыр кодтой иу сыфыл дыууæ хабары, æмæ лыг кæнын хъуыд алы сыф дæр, цæмæй алы «хабар» дæр хицæн сыфыл уыдаид. Хазби уый тыххæй дардта хæрынкъа, цыргъ хæрынкъа. Æмæ уал-иу фыццаг сбарстаид сыф, йæ тæккæ астæуыл куыд æрцæуа лыг, афтæ. Стæй-иу æй алыг кодтаид. Уый фæстæ ма-иу ноджы иу хатт бакастаид хабар æмæ-иу ын йæ бинаг къуымы хабарæн йæ къух бавæрдтаид. Уыцы бæстон архайд ын, йе ‘мдзæвгæтыл куыд куыста, уымæй рацыдаид. Афтæ мæм касти уæд. Æмæ мæм ныр дæр афтæ кæсы:

*Æз дæн, о саумæр зæхх, дæ хуым риуæй æрвыст,*
*Дæу къахтон белгомæй,*
*Дæу даргъ къæпийæ хостон.*
*Ныр дæр æвдисæнæн мæ паспорты ис фыст:*
*Колхозон...*

Æвæдза, диссаг у поэзийы хабар! Рæнхъ куы зæгъай, уæд дзы хъуамæ кæнæ фæлгонц рабада, кæнæ дзы уды хъæр райхъуыса, æмæ уыцы хъуыддæгты сæраппонд гæнæн ис, æмæ æвзаджы закъонты сæрты

дæр ахизай! Мæнæ ам куыд ахызти Хазби, афтæ. Æвзаджы закъонтæ куыд домынц, афтæмæй зæгъын хъæуы «даргъхъæд къæпи». Фæлæ уæд сæфти йæ поэтикон улæфт рæнхъæн, уæд дзы фæлгонц нал уыди. «Даргъхъæд къæпийæ хостон зæхх» – уый уацхъуыды хъуыдыйад у. Уый знагиуæг кæнид æмдзæвгæйæн. Æмæ йæ куыд дзæбæх æрцахста Хазби!

Уæззаугай цыди поэзийы æрфмæ Хазби; куыд фæзæгъынц, бирæ рухс хъизæмæрттæ бавзæрста. Кæддæр ныхæстæ кодтам, цы кусæм, куыд кусæм, уыдæттыл. Уый арф ныуулæфыд. «Дысон дыууæ сахатыл сыстадтæн, бонмæ фæтухи кодтон, марадз-зæгъай, кæд мæ къухы исты бафтид: цы-иу ныффыстон, уый та-иу ныххахх кодтон».

Йæ царды фæндаг дæр бирæ æнцондæр нæ уыдис: сидзæр лæппу, скъоладзау, салдат... Æфсадæй куы æрыздæхт, уæд кусынмæ бацыд Садоны геологон-сгарæг партимæ, фæстæдæр ныллæууыд шахтерæй Буроны æрзæткъахæнты. Уæд мыхуыры зынын байдыдтой йæ фыццаг æмдзæвгæтæ. 1960 азы бацыд Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон институтмæ. 1965 азы йæ фæци, ссыд Ирыстонмæ æмæ кусын райдыдта телеуынæны.

Æз æй зонгæ уым бакодтон, Мæскуыйы. Ам æй нæхимæ иунæг хатт федтон. Ленины фæзы. Цæрукъаты Володя мæ базонгæ кодта йемæ. Æз дæр фæсаууонмæ уыцы институты ахуыр кодтон æмæ-иу сессимæ куы ныццыдтæн, уæд-иу фыццаг Хазбийы æрцагуырдтон. Хъуыддаг афтæ рауади, æмæ, Хазби Садоны куы куыста, уæд ракуырдта Саулаты Люсяйы. Мах Люсяимæ пединституты ахуыр кодтам иумæ æмæ хо æмæ æфсымæры цардæй цардыстæм. Уыцы хъуыддаг нæ бынтон бахæстæг кодта. О, æмæ-иу мемæ ирон арахъхъы грелкæ аластон. Æмæ дын æм иухатт Анатоли Передреевы куы ныййафин. Курдиаты хицау уыди, йæ фыццаг æмдзæвгæтæй йæ базыдтой æгас Цæдисы поэзиуарзджытæ. Фæлæ йæ уайтагъд нуæзт йæ быны акодта. Афтæ йæ акодта йæ быны, æмæ йын бирæ нæ бафæрæзта. Æмæ йæм Хазби дзуры:

– Ме ‘мбал Ирыстонæй ирон арахъхъ æрласта, нæ дзы ануаздзынæ?

Уæд дæр нуæзтджыны фæстинон уыд, æвæццæгæн. Æхсызгон футтытæ никкодта æмæ хъæрæй загъта:

– Æмæ цы нæ бануаздзæни Передреев!

Иухатт та йæ тыхстæй ныййæфтон уый, Хазбийы. Фæрсын дæр æй нæ бахъуыд, хъаст кæнынмæ мын фæци. Хъаст йæхицæй кодта.

Цæвиттон, литературæйы теорийæ фæлварæн нæ радта. Леонид Тимофеев йæ дзуаппыл нæ баввæрсыд. Æмгъуыд ын скодта иннæ хатмæ. Тынг зын уыди уый Хазбийæн. Уæлдайдæр уымæн, æмæ йæм афтæ каст, цыма цæттæ уыд фæлварæнмæ. Æнæуи бакъуылымпы, цæмæйдæр бакъулымпы. Не сфæрæзта зæгъын йæ зæгъинæгтæ. Арф айста хъуыддаг йæ зæрдæмæ. Æз æй æмбæрстон: уалæ Ирыстонæй ардæм æрцу ахуыр кæнынмæ æмæ фæлварæн дæттын ма сфæраз! Нæ барста йæхицæн уыцы хъуыддаг.

Æз мæхи сессийы хабæртты анıгъуылдтæн, уæдæ цы уыдаид! Афтæмæй иуизæр мæ разы куы алæууид Хазби уыцы дзæбæхæй.

– Гъы? – æндæр ницы сфæрæзтон æз.

– Бауырныдта йæ, æз цыдæртæ зонын, уый. Афтæ мын зæгъы: «Вы покорили меня».

Æз хорз зыдтон Тимофеевы – бæрзонд къæсхуыртæ лæг. Уыцы сæрыстырæй-иу рацæйцыд институты кæрты. Æмæ мæм мæ зæрдæ афтæ сдзырдта, цыма уыцы ныхæстæ æрмæст Хазбимæ бадзырдтаид, утæппæт студенттæй æндæр никæмæн загътаид ахæм ныхæстæ, йæ сæрмæ йæ не ‘рхастаид. Литературæйы теори æппæт гуманитарон институты дæр уый чиныгæй ахуыр кодтой.

Телеуынæны куы райдыдтон кусын, уæд Хазбийы баййæфтон уым. Ирыхъæуы фатеры æрцардтæн. Цалдæр боны фæстæ нæм æфсины мад ссыди Ногирæй. Ирон хуын кæй хонынц, ахæм хуын схаста, акувут, дам, уæ бынатæн. Уæд хæдзæртты телефонтæ арæх нæма уыди. Уынгæй фæдзырдтон Хазбитæм.

– Хуын? – бафарста Хазби æмæ фæлæууыд, стæй бахудти æмæ худгæ-худгæ загъта: – Æмæ дæ подругæйы нæ хоныс?

– Куыд нæ йæ хонын! – мæ хъæр фæцыди мæнæн. Æнæрхъуыды кæй разындтæн, мæхæдæг ын кæй нæ загътон Люсяйы тыххæй, уыцы маст фæмидæг и мæ хъæлæсы, æмæ мæ уый схъæр кæнын кодта.

Сæхимæ-иу арæх уыдыстæм Хазбитæн. Æмæ-иу нæ цæй тыххæй нæ бамбырд кодтаиккой! Мæнæ нæм Нафи уыдзæн, æмæ йемæ абадут. Мæнæ ныййарджыты нæмттæ æрымысæм. Мæнæ сæ чызджытæй искæмæн йæ гуырæн бон æрцыди. Мæнæ… Камал-иу хъазгæмхасæнты дзырдта: «Мæнæ Дзаболатæм фембæлдзыстæм æмæ уым аныхас кæндзыстæм». Æмæ-иу кæдмæты ахаста нæ бадт, æмæ-иу цас зæрдиаг ныхæстæ фæкодтам æмæ-иу цас æхсызгон бавзæрстам!

Уæд нæм нæ куысты хицау Бетъойты Мария фæдзырдта. Æз æмæ Хазбимæ фæдзырдта. Цæвиттон нæм иу æнæштатон фотоуацхæссæг куыста, чындзæхсæв кодта. «Ацæут», – загъта нын Мария, – æмæ коллективы номæй æгъдау скæнут.

Ацыдыстæм, уæдæ цы уыдаид. Æз ма йæ уый размæ дæр зыдтон: Хазбимæ Хуыцауы комытæф хæццæ кодта – цыфæнды адæмы ‘хсæнмæ ма бацыдаид, хион-хæстæг-иу сын басгуыхти. Афтæ рауади ам дæр: далæ Дыгургомы алы хъæутæй чи фæлыгъд горæтмæ, уыдонимæ адджын ныхасыл схæцыд, цыма семæ иу сабыр сыхбæсты схъомыл. Фæлæ уæддæр цыма цæмæйдæр хицæн кодта. Чи йæм бакастаид, уый йæ æнæ бафиппайгæ нæ фæуидаид: хицæн кæны цæмæйдæр! Чи зоны та алцæмæй дæр: куыд бады, уымæй дæр, куыд акувы, уымæй дæр, куыд ануазы... Иу ныхасæй, – алцæмæй дæр. Кастæн æм, æмæ-иу мæм цыдæр сæрыстыр фæзынди, йемæ æз кæй уыдтæн ам, мæн кæй рарвыстой йемæ телеуынæнæй, ам дыууæйæ кæй стæм, æмæ ме ‘мбал кæй у.

Фынгæй, хъазт кæм уыд, уыцы хатæнмæ бахызтыстæм. Хазби ракафыд Хонгæ. Æз æм кастæн, æмæ мæ хъуыдыйы фæмидæг кæцæйдæр: æмæ, цымæ, уæд зарын нæ зоны? Æмæ мæ уырнын байдыдта – зондзæн зарын дæр, куыд нæ зондзæн зарын дæр Хазби?! Фæлæ – нæй, никуы йæ федтон заргæ. Æмæ нæ базыдтон, зыдта зарын æви нæ зыдта, уый. Æмæ, кæд зыдта зарын, уæд æвгъау нæ уыд йæ зарын, кæй йæм никуы байхъуыстон, уымæй? Уый заргæ дæр хорз кодтаид, æвзæр куыд хъуамæ зарыдаид Хазби?!

Хазби сыгъдæг æмæ нæрæмон уарзтæй уарзта ирон дзыхыдзырд, ирон аивад, ирон поэзи. Мад йæ фыццаг скаст, йæ рæзинаг хъæбулы цы уарзтæй фæуарзы, ахæм уарзтæй. Аудыдта сыл, тæрсгæ сын кодта. Æмæ-иу искуы литературон изæры исчи уæлдай ныхас куы загъта, ома уым, изæры, зæгъын кæмæн не ‘мбæлд, ахæм ныхас кæнæ-иу адæмы æхсæнмæ рахæссæн кæмæн не ‘мбæлд, ахæм æмдзæвгæ куы бакасти, уæд-иу иу бон нæ – цалдæр боны уыди мæстæлгъæд. Адæймаг-иу дис дæр кодта: ау, Хазби уай æмæ афтæ мæсты кæнын зонай! Фæлæ зыдта мæсты кæнын Хазби.

Кувæг лæг дзуары бынмæ цы зæрдæйы уагимæ фæцæуы, ахæм зæрдæйы уагимæ куыста йе ‘мдзæвгæтыл:

*Æмæ дæ нæутæрттыл æрæппæрстон мæхи,*
*Дæ судзгæ зæрдæйы уæззау улæфтмæ хъусын.*

Уый, уæлдæр цы саумæр зæххы кой кодта Хазби, уымæй зæгъы, уый зæрдæйы уæззау улæфтмæ хъусы. Æмæ цас æхцон хæссынц адæймаджы зæрдæйæн ацы дыууæ рæнхъы! Æмæ дардæр:

*Фæлæ æз мысын дæу,*
*дæу, чи тауы пырындз*
*Æмæ сырхсыг мæнæу галактикæйы стъæлфыл.*

Æнахуыр къæркъæргæнаг рæнхъытæ! Раст цыма арв куы нынпæрыд, уæд арвы нæрдæй рагæппытæ кодтой æзфæраздæронæй.

Кæддæр Хазбийы мысæн изæры афтæ загътон: «Хазбийы æмдзæвгæтæй мæм бирæты рæнхъытæ дзомсыты хуызæн кæсынц: сис æй, фидар ыл ныххæц æмæ дзы, хæрам чи кæны, уыдоны цæв!»

Цыма раст загътон, афтæ мæм кæсы ныр дæр. Фæлæ ацы æмдзæвгæ, куыд фæзæгъынц, хъулон уарзт кæнын. Кæддæр, телеуынæны куы куыстам, уæд мæ хатæнмæ æрбацыди Хазби. Бадтыстæм, ныхæстæ кодтам. Хазбийы чиныг мæ разы уыд, рафæлдæхтон æй æмæ кæсын райдыдтон уыцы æмдзæвгæ. Æмдзæвгæ зыдтон æнæ кæсгæйæ, фæлæ уæддæр кастæн чиныгмæ. Хазби мæм хъуыста, æдзæмæй мæм хъуыста, бæрæг уыди, мæ каст йæ зæрдæмæ кæй цыди, уый. Стæй ма нодж ы уый бæрæг дæр уыди, афтæ йæ бакæсдзынæн, уый æнхъæл нæ уыди. Каст куы фæдæн, уæд дæр нæ фехæлд уыцы æдзæм бадт, æвæццæгæн ма уыцы къæркъæргæнаг рæнхъыты азæлд зæлыд кæмдæр нæ сæрмæ, æмæ уымæ хъуыста. Стæй æрæджиау æз, исты зæгъдзæн, уый æнхъæл куы нал уыдтæн, уæд загъта:

– Хорз æй бакастæ.

Æмæ та ногæй ахъуыды кодтон: афтæ йæ бакæсдзынæн, уый æнхъæл, æвæццæгæн, нæ уыди.

Афтæмæй диссаг уыди, стыр диссаг уыди – Хазбийы æмдзæвгæтæ мæ зæрдæмæ уæд мæнæ-мæнæ нæ цыдысты. Стæй, куыд рабæрæг, афтæмæй æз иунæг нæ уыдтæн. Уыди ма мын æмбæлттæ.

Уыцы бонтæй мын иуы Шамил куы рахабар кæнид. Афтæ, дам мын зæгъы Хазби, нæ поэзимæ нæ фæкæсын хъæуы. Бирæ хæмпæлгæрдæг, дам дзы ис. Æмæ, дам, мæхимидæг загътон, æз истытæ кæндзынæн, фæлæ ды… Уæдæ цыма Васо дæр бынтон æхсызгон цинтæ нæ кодта Хазбийы æмдзæвгæтыл. Фæлæ, раст цы у, уый æнæ разынгæ куыд хъуамæ фæуа?! Æртасын нæ кодтой сæхимæ Хазбийы æмдзæвгæтæ, æмæ сæ æппæлынтæ райдыдтам. Æмæ та ам дæр Шамил нæ разæй фæ-

цис: æппæлыд æмæ æппæлыд Хазбийы æмдзæвгæтæй æмæ йæм мæнæ хъусджытæ кæрæдзийы ивынц, уæд æппындæр нал банцадаид йе ’ппæлынæй. Æмдзæвгæ «Сылгоймаг»-æй та афтæ дзырдта, уый, дам, у дунейы поэтикон сфæлдыстады уацмысты тæккæ хуыздæртæй иу.

Мæнæ уыцы æмдзæвгæ:

*Æрбахызт хъазты фæзмæ худгæ,*
*Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх.*
*Æваст æмдзæгъдгæнæг лæппутæ*
*Къуыхцытæй байдыдтой къæрццæмдзæгъд.*

*Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,*
*Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл...*
*Къуызæгау усджын лæгтæ фарстой:*
*«Цымæ кæй чызг у уый... кæй чындз у?»*

*Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,*
*Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,*
*Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,*
*Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл.*

Фæлæ нæм уæддæр цæмæн æрæгмæ хъарыдысты Хазбийы æмдзæвгæтæ?! Кæд æрттиваг цъæртты тыхт кæй нæ уыдысты, фыссын чи райдайы, уымæн куыд тыхт вæййынц, афтæ? Кæд æгæр бæгънæг кæй уыдысты æмæ æгæр хуымæтæг кæй зындысты, уый тыххæй? Уый тыххæй сын кæд нæ фæрæзтам дзæбæх ныккæсын се ’мбæхст дунемæ, поэзийы цы æмбæхст дуне вæййы, уырдæм. Хорз уыди, æмæ нæм йæхи равдыста уыцы æмбæхст дуне. Афоныл, йæ тæккæ афоныл!

Отпусчы уыдтæн æмæ хъæумæ ацыдтæн, бинонты дæр акодтон – уадз æмæ сывæллæттæ хъæууон улæфт бамбарой, мæхæдæг та хæдзары истæмæйты фæкæсон сæ фæззыгон куыстыты. Афтæмæй дын иуизæр, нæ уынджы кæрон цы тымбыл обау уыд, изæрыгæтты-иу усæй, лæгæй кæдæм æмгъуыд кодтой нæ сых, уырдыгæй кæсын, æмæ дæлæ автобус хидыл æрбауад, æрзылд, æрлæууыд æмæ, куыддæр æрлæууыд, афтæ дзы Бицъоты Гриш æмæ Хазби кæрæдзийы фæдыл куы æргæппытæ кæниккой! Хазбийы къухы æнгуыры хъил – дыдагъгонд уыди, фæлæ уæддæр бæрæг уыд. Гриш ма-иу нæм уымæй размæ дæр уыд, фæндæгтæ зыдта, æмæ зæронд сисы рæбынты фæраст сты

махæрдæм. Бинонтæ сыл бацин кодтой, хъæууон фынг цы вæййы, уый арæвдз кодтой. Бадтыстæм, тагъд никуыдæм кодтам, æмæ уыцы дзæбæх сабыр ныхас фидыдта нæ фынгыл. Фыды зæрдæмæ куыд нæ фæцыди уыцы ирон æгъдæуттыл фидар хæст Хазби! Уый фæстæ дæр-иу йæ сæр ныттылдта фæйнæрдæм, æхсызгон улæфт-иу ныккодта:

– Хъæбæртæ лæппу у!

Дыккаг бон аходæны фæстæ ацыдыстæм, уартæ Тарскæйы фале хъæуы цæрджытæ «Бардавоз» кæй хонынц, уырдæм. Камбилеевкæ-йы дон чи у, уый ууылты рацæуы уартæ комæй, æмæ балер кæсагæй хæрх уыди. Фæлæ йæм куыдзæй, хæрæгæй цыдысты, куы зæгъон, уæд мæн аххос нæ уыдзæн – цыдысты йæм æмæ дзы хлоркæ у, цы мæрдты уæнгæл у, уый калдтой æмæ скъуыдтой кæсаджы мыггаг.

Сихорафон нæма уыд, афтæ нæм бахæццæ сты Цæрукъаты Валодя æмæ Къодоты Махар – æвæццæгæн, горæты баиу сты. Чидæр сын сæ хъу-сты бацагъта, Хазби æмæ Гриш кæдæм ацыдысты, уый, æмæ Тарскæйы балæууыдысты. Махар дæр тарскæйаг уыди æмæ фæндæгтæ хорз зыдта. Уыцы бонæй хъæлдзæгдæр бонтæ, æвæццæгæн, никуы уыди мæ царды. Нæ хъæлдзæг гъай-гъо бæстыл нæ цыди. Фæстагмæ нæ цыдæр хæйрæджытæ Хъайтыхъты Георгийы æмдзæвгæйыл бафтыдтой. Ахæм рæнхъытæ дзы ис:

*Сихорыл хуыскъæлтæ хордта,*
*Аходæныл дæр,*
*Афтæмæй амæлттæ кодта*
*Курæггæг къæбæр.*

Æмæ йæ æвзæрстам. Æвзæрстам æй иуæрдæм, æвзæрстам æй иннæрдæм. Сæрдариуæг кодта Валодя. Афтæ хъæппæрисджынæй йæ фыццаг хатт федтон, кæд ма исты зонын, уæд. Æмæ дзырдта хъæрæй, хъазыны тæваг æппындæр æввахс нæ цыд йæ ныхасмæ:

– Ацы æмдзæвгæйы æнæраргом диссæгтæ ис, æмæ сæ хъуамæ абон равзарæм. Зын у уыцы куыст, тынг зын, фæлæ нæ æндæр бон нæй. Фыццаджы-фыццаг, раздæр сихорыл цæмæн хордта йæ хуыскъæлтæ, стæй та аходæныл? Афтæ цæмæн хъуамæ кодтаид? Куыд кодтаид афтæ? Стæй, цымæ, ис афтæ гæнæн? Иннæ ахæм: кæд курæггаг къæбæр амал кодта, уæд ма хуыскъæлтæ цæмæн хордта, уыцы курæггаг къæбæр цæуылнæ хордта? Æмæ, гъе-гъе, ам кæмдæр ис хъуыддаг, гъе! Æвæц-цæгæн ын кæмдæр æмхæрæфырт уыди, мæгуыр æмхæрæфырт, æмæ

йæ курæггаг къæбæртыл ауæрста уымæн. Афтæ уыди, æвæццæгæн, уæдæ æндæр куыд уыдаид?!

Куыд нæ худтаиккам! Æвæццæгæн, дунейы мидæг иу æмдзæвгæ дæр ахæм бæстон æмæ цæстуарзон æвзæрст никуыма æрцыд. Фæлæ Хазби куыд зæрдиаг худт кодта! Йæ цæстысыгтæ дæр-иу рахъарыдысты, æмæ та-иу сæ асхъаудта йæ къухæй.

Стæй та йæ тæлмац кæнынил ныллæууыдыстæм уыцы æмдзæвгæйæн. Махæй дæр алчи йе 'ххуысы хай кодта, фæлæ сæйраг тæлмацгæнæг Валодя йæхæдæг уыд. Бирæ ракæ-бакæйы фæстæ рауади афтæ:

*Репу ел в обед он вдоволь,*
*И опять с утра,*
*Так просил чурек у вдов он*
*Для нужды нутра.*

Афтæ бæстæтты бахъуыды кодтон уыцы боны хæбæрттæ, гъе! Кæсаг не 'рцахста Хазби, афтæмæй гъæйтт-мардзæйы кæсагахсæг уыд. Кæддæр æмæ кæмдæр уыди кæсагахсджыты ерысы, æмæ ма кæд исты зонын, уæд кæнæ фыццаг бынат бацахста, кæнæ дыккаг – газеты йæ фыстой. Фæлæ та ам, мæгуыр Камбилеевкæйы, æвæццæгæн, мах тæккæ размæ чидæр хлоркæ ауагъта, æмæ ма, хлоркæ кæм ауадзай, ахæм доны кæсаг цы аразы?! Хъæумæ куы рахæццæ стæм, уæд нæ Махар йæ зонгæтæм фездæхта. Æз дæр сæ хорз зыдтон, цыдæр хæстæг дæр нын æййæфтой. Тынг ныл бацин кодтой, хъæууон æнæхин цин. Бадынил куыд нæ фæуыдаиккам. Хъæуы астæумæ куы рахæццæ стæм, уæд автобус йæ лæууæны лæууыд йæ фындз горæты 'рдæм здæхтæй. Уый, дам, фæстаг автобус у: æмæ йæм атагъд кодтой, нæхимæ баздæхынæн сын гæнæн нал фæци.

...Уыцы мигъбадт изæр дæр иумæ рацыдыстæм куыстæй, телеуынæны къуыппæй. Фыццæгæм скъолайы фæрсты рауадыстæм æмæ, уым æрхмæ цы дурын асин уыд, ууыл куы фæуырдыг кодтам, уæд мæм дзуры Хазби:

– Дæлæ Штыбы фæзы мæ хæстæджытæ цæрынц, фездæхæм сæм. Мæ цуанон мигæнæн уыдонмæ ис, æмæ йæ рахæссæм. Ныр хæхтыл мит æруарыд æмæ...

Ныр горæты хицауады хæдзар кæм и, уым уыди рагон гыццыл хæдзаргæндтæ. Мах кæдæм бацыдыстæм, уый дæр ахæм æрдæгныккæнд уыди, йæ бацæуæнтæ дæр цыдæр къуымтæ-къуымтæ уыдысты.

Джеоргуыбайы къуыри уыд, æмæ сæм гъæйтт-мардзæйы фынг баййæфтам. Куыд нæ ныл бацин кодтаиккой!

Фæлæ уыцы топп! Бæргæ куынæ йын сразы уыдаин уæд. Чи зоны, йæхæдæг дæр нæ баздæхтаид æмæ йæ нæ рахастаид. Чи зоны, загътаид: иннæ хатт æй рахæсдзынæн. Стæй йæ, чи зоны, нæ рахастаид иннæ хатт дæр. Гæнæн ын нæ фæуыдаид, чи зоны. Нæй! Рахастам æй. Ӕлыгхуыз кæттаг хуымпъыргонды уыд. Йæ бæттæнæй йæ йе уæхскыл æрцауыгъта Хазби.

Уыцы æхсæв æз хъæуы уыдтæн. Дыккаг бон куы ссыдтæн Ирыхъæумæ, уæд сыхæгты устытæй иу мæ размæ куы фæуаид, фатеры кæм цардтæн, уыцы хæдзары раз. Бакасти мæм æмæ йæ сæр ныттылдта.

– Ӕвæццæгæн, де 'мбалы хабар нæ фехъуыстай.

Ӕз лæугæйæ аззадтæн, мæ зæрдæ сонт гуыпп-гуыпп никкодта.

– Цæй æмбалы?!

– Ам-иу демæ куы уыди. Иумæ куы куыстат уæлæ, – йæ къухæй телеуынæны агъуысты 'рдæм ацамыдта.

– Хазби?!

– О.

– Цы кодта?!

– Йæхи, дам, фехста…

Хъуыддаг ныссуйтæ и æмæ афтæ суйтæй баззади, мæнмæ гæсгæ. Бирæ фæцархайдтой йæ сбæрæг кæныныл, йæ ингæн дæр ма йын сыгом кодтой, рабар-бабар ын кодтой йæ дæргъ æмæ йæ уæрх – сарæхстаид йæхимæ уыцы цуанон топпæй, йæхи дзы мæлæтдзаг æхст фæкодтаид? Мæгуыр Люсяйы аххос чи кодта хъуыддаг, ахæмтæ – хæрх, уæлдайдæр Дзаболатæй æмæ уыдоны хæстæджытæй. Фæлæ Люсяйы тæригъæд зæххыл куынæ цыд. Уый Хазбийæн цы аргъ кодта, уый йæм цы цæстæй касти, цы зæрдæ йæм дардта – æмæ йæм топп райстаид, уый искуы иу зондцухы бауырныдтаид.

Уыцы бон Хазби йæ ног куысты куыста: чиныгуадзæны йæ баурæдтой редакторæй. Уыцы хабары фæдыл цалдæрæй бамбырд сты Тетцойты Таймуразы фатермæ.

Ӕгæр афæстиат сты, æвæццæгæн. Сæхимæ æрæджиау куы бацыд, уæд æм, æвæццæгæн, исты дæрзæг ныхæстæ скодта Люся. Ӕвæццæгæн, йæ зæрдæ фæхудти йæхиуыл, æгæр фæхудти йæ зæрдæ, йæ сыгъдæг зæрдæ, æмæ нæ бафæрæзта уыцы зæрдæхудтæн. Фыццаг æхстæй йын ницы уыдаид, дзырдтой хиуæттæ дæр æмæ æддагæттæ дæр. Фæлæ Люся æхсты хъæрмæ куы смидæг уыцы къуымгонды, топп ын

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ




# ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИ: 95 АЗЫ



Æфсады



Йæ хæстæг Цæллыккаты Фатимæимæ



Æфсады. 1952 аз


Йæ бинонтимæ



Буроны шахтæйы кусджытимæ



Бурон. 1957-1958 азтæ



Фысджытимæ



Телеуынынады


Все на выборы!
Избирательный пункт №28



Галиуæрдигæй рахизæрдæм:
Хъодзаты Æхсар, Цæрукъаты Валодя, бæрæг нæу, бæрæг нæу, Нафи


Хазби, Хъодзаты Æхсар, бæрæг нæу


Кинорежиссер Дзбойты Баблеимæ. 1967-1968 азтæ


Йæ хоимæ. Бурон, 1957-1958 азтæ




Хъодзаты Æхсар Хазбийы чызджытимæ



Улæфты рæстæг



Йæ бинойнаг Саулаты Людмилæимæ



Буроны



Хиуæттимæ Цъæйы



Буроны цæрджыты фембæлд фысджытæ Гаджиты Георги,
Дзаболаты Хазби æмæ Ходы Камалимæ. 1968 аз


Саулаты Людмилæ дыккаг рæнхъы астæуæй





1968 аз



Бурон, 1957-1958 азтæ



Хиуæттимæ Цъæйы




2024 азы 16 апрелы Ногхъæуы Культурæйы галуанæн лæвæрд æрцыд Дзаболаты Хазбийы ном, йæ къулыл ын бакодтой мемориалон фæйнæг





Хазбийы чызджытæ Маринæ, Неля æмæ йæ чызджы чызг Алинæ

йæ къухтæй ратонынмæ куы хъавыд, мæнмæ гæсгæ, стæй канд мæнмæ гæсгæ нæ, – бирæтæ хъуыды кодтой афтæ – уæд æрцыди фыдбылыз: уыцы тыхызмæлды кæуылдæрты фелхъывдæуыдаид мæнгвæдæг.

Йе стъолыл баззади, уадзынмæ кæй цæттæ кодта, уыцы чиныг «Уацамонгæ»-йы къухфыст æмæ йæ фарсмæ – уый Хæсанæ дзырдта, Люсяйы æфсымæр – уæд мæнæн цы æмдзæвгæты чиныг рацыди, ууыл рецензи, æрдæгфыстæй йын баззад.

Ацыди уыцы уазал зымæгон бон Хазби. Уалæ Ирыхъæуы стыр уæлмæрды фаллаг кæрон, хъæды дзыхмæ хæстæг, разынд йæ фæстаг бынат. Йæ ингæны уæлхъус чи ныхас кодта, уыдонæй иу уыд Малиты Васо. Васо, æвæццæгæн, æрыгæтты номæй ныхас кодта, æндæр уæд нырма æгæр лæппу уыди Фысджыты цæдисы номæй дзурынмæ. Дзырдта уырыссагау – уырыссагау цæмæн, уый нæ бамбæрстон. «Он был на уровне Мисоста Камбердиева» – уый бахъуыды кодтон, фæлæ ма Мысосты фæстæ кæй ранымадта, уыдон мæ ферох сты. Æнæуи мæм мæ зæрдæ афтæ дзуры, цыма Калоты Хазби æмæ Кочысаты Мухарбеджы нæмттæ дæр загъта Мысосты фæстæ. Хазби уыдонæй хистæр уыди. Хазбийыл уæд æртын аст азы цыди, уыдонæй та кæуыл ссæдз азы цыд, кæуыл гыццыл фылдæр, фæлæ фидыдта уыцы ранымады Хазби.

Иннæтæй-иу сæм чидæртæ бауади, фæлæ мæн мæ къах нæ хаста – куыд бацыдаин Хазбитæм æмæ сæм куыд æрбадтаин, Хазби куынæдæр уым уыдаид, куынæдæр ын йе ‘рцыдмæ æнхъæлмæ кастаин, уæд?! Фæлæ мæ Люся йæхæдæг æрцагуырдта. Гыццыл Сергей та, дам нæм куыд нæуал цæуы. Уый Гришæйæн загъта, – Гришæ дæр уыцы хæдзары царди – æмæ йæ Гришæ рахабар кодта. Бацыдыстæм сæм Гришæимæ. Бацыдтæн сæм, фæтарстæн, Люся афтæ куы ахъуыды кæна, æз дæр ыл гуырысхо кæнын æмæ... Люся мыл йæхи æрбаппæрста æмæ скуыдта. Уый хъуыды кæнын. Æндæр ницы хъуыды кæнын. Цас сæм фестæм, уый дæр нæ хъуыды кæнын.

Уыцы бонты мыл мæ кæстæр æфсымæр амбæлд кæмдæр. Уайтагъд мæ фæрсынил фæци:

– Чи амарди де ‘мбæлттæй?

– Хазби, – загътон æз.

– Мæнæ дзæбæх чи уыд, уый?

*Май, 2023 аз*

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

# ДÆ ФАРНЫСТÆН, ДЗЫРД…

## РАЙГУЫРÆН

Тавицæй тавæг
мæй
фæззыгон
Алондоны айдæныл
æрæвæрдта йæ цæст.

Нæдæр мæйы цалхæй,нæдæр фæззæгæй,
нæдæр цæугæдонæй цæугæ
мæнмæ не 'вналдта æрдæгæхсæвы ихæн.

* * *

Фарн*:
Зонд. Æхсар. Фæллой.
Райгуырæн.
Æгъдау. Æрдхорд. Æмбал.
Аллон æвзаг.

Ацы æмбарынæдты нумæйаг уæх,
сæ хæссæг мадæлон æвзагимæ хуындæуы
Фарн.

* Кæцыфæнды рагон адæмы глоссарийы алы хицæн дзырдæн ис йæхи кар. Фарн мæнæ ахæм хуызы – ХФАРНА – фæзынди рагагъоммæ ирайнæгты монысконд дунейы, æмбæлы нæ дуджы размæ Х æнусы Рæгъæймаг Заратустрæйы сконд «Авеста»-йы. Стыр Уассо йæ зонадон фæллæйтты дзуры, зæгъгæ, ацы чиныг нæ литературæйы нæ, фæлæ у не 'вздаджы фыдæлтыккон цыртдзæвæн.

* * *

Пафос –
Сæйраг сахар Дзæуæджыхъæуы
Сæрдыгон,
Фæззыгон, Зымæгон,
Уалдзыгон
Хур

сæумæрайсом агайы
Сæнайы галиу фахс.

* * *

Сусхъæд
йæ уалдзæгимæ
уæхски-уæхск
ме 'рцыдмæ
касти
Рухс Моны Сахары
уынгæй.

Кæддæр мæ мады арфæтæй
сусхъæды талайæн
мыдыбындз сдзурын кодта йæ уынд.

* * *

Сæууддзæф,
сабибонтау
дæу
мæ зæрдыл дарынæн,
æмткæй,
мæ удмидæг уæвынæн,
тæссондæй никуы уыди тас.

Нал дын дзурын
рухс,
дæуæн рухс кæнын-кувынæй
ды сдæ Рухс Моны Сахары арвыл
стъалыты æхсæн барджын.

## ДИДИНДЖЫТЫ ÆНУСОН ДОДОЙЫ УÆЛМÆРД

Хæрзуынд
чыккын, бæппу,
мæ масты тугæй
æз нал райгас кæндзынæн
сымах.

Лæгуаргъæн мыл зилы
æнусон масты куырой
тугыл.

* * *

Дзырд
дзырд сайы,
дзырддзуринæгтæ –
ныхас,
уый фæстæ
уынаффæ:
«нæ» кæннод «о» –
æрмæст иу дзырд.

Дæ фарныстæн,
рысты бæрзондыл-иу
макæй ныууадз,
дзырд.

* * *

Изæрæй сахары асфальтыл
иугай
хурæууылд
хус сыфтæ
фæзынди.

Мон-æмгар-хион мын нал и,
кæмæ бауазæг кæнон мæ уд.

* * *

*Кодзæринмæ*

Æз райгуырдтæн
раджы
æмæ раджы,
ды – æрæджиау-
æрæджы,
разындтæ мæнæн
зæрæхсиды
æнæдзурæг
фæрныг-æнкъард
æрвон рæсугъддзинады
хорзæхæй
хæрзиуæг.
Æцæджы диссагæн ма
ноджы
иу æмвæзадыл
иумæйау лæууæм,
ды – сæуæхсиды
бæрзæндыл,
æз дæ зæрæхсиды
зынг хохæй
дардмæ-
дардмæйау уынын
хæрзбонон
скифаг арты судзгæ.

* * *

Афæлдæхтысты,
адæргъ сты цæхгæрмæ,
хуыссынц
Дзæуæджыхъæуы уынгтыл
зебрæтæ,
æнæпъагон пъæлицонтæ,
æмæ иудадзыг разынынц
сæ къæхты бын
æнæхатыр

фистæгæй цæуджытæн,
ссæнды сæ
резинæ цæлхытæй
алыхуызон техникæ,
уæддæр мын цæлхдуртæ
æвæрынц
ме змæлдыл.

Никуыдæм и атындзæн,
куыд и афтæмæй стыр сахары цæрæн…
Ацыхуызæн æнгом никуы уыдысты
адæймаджы ныхмæ хицауад æмæ фаунæ.

* * *

Цыфæнды къæвда
уары
кулыл,
цадыл,
цæугæдоныл,
фурдыл,
бæласыл,
бæлццоныл
бæрцæй.

Дзæуæджыхъæуккаг
æнæхæдзарыл
уары донластмæ къæдз-мæдзытæй.

* * *

Халон царди
хъæды иунæгæй,
иунæгæй.

Халон тахти,
тахти,
нæ йын уыди
хæдзар.

Халон тахти,
тахти,
агуырдта
хæдзар.

Халон тахти,
тахти,
йæ сæрæй
дуæрттæ хоста.

Халон тахти,
тахти,
не ссардта
хæдзар.

Халон тахти,
тахти,
æндæр не ссардта
бынат.

Халон баззад
хъæды иунæгæй
цæргæ,
йæ удæн нал,
нал агуырдта хион.

* * *

Алондон
изæргæрæттæ
йæ уылæныл
аласта
арвгæрæттæм.

Ауади, сæ фæстæ азгъордта,
æрлæууыди Тары фырт Талынг,
мæнимæ дзургæ баззади.

* * *

Цыди
дæргъвæтин цыдæй
фæззыгон
къæвдайы
уарыны цыд.

Ныгъуылд-ныгъуылдæй бадти
фалдоны дурыл
иунæг халон.

* * *

Мады Хох
абонсарæй
кæйдæр
сыфтæрызгъæлæн къæвдайы сыгæй
мысыд.

Изæры арвыл
иу нымдгагуы стъалы
разынди.

* * *

Ракæн
Рухс Моны Сахармæ дæ фæндаг,
æрыздæх Леуахийы был
нæхимæ.

Рухс Моны Сахары дæм кæсы
йæ уарзт, йæ хъæбыс,
дæ кой кæны æдзух, –
рох нæ сахарæй нæ дæ.

Ракæн
Рухс Моны Сахармæ дæ фæндаг,
æрыздæх Леуахийы был
нæхимæ.

Нырмæ кæм сты,
О, дæ фырт, дæ чызг?
Прис-Хохы Леуахи
ал‘ райсом, ал‘ изæр фæрсы.

Ракæн
Рухс Моны Сахармæ дæ фæндаг,
Рухс Моны Сахары дæм кæсы
йæ моны уылæнтæй узæлд.

Ракæн
Рухс Моны Сахармæ дæ фæндаг,
æрыздæх Леуахийы был
нæхимæ.

## ÆРВЫСТÆГ

Гудзи-гудзитæй мæм разынди
рагуалдзыгон Гæтæджы
уарзæгой
далы-далытæй,
мит
æмæ йæ уазалæй
рухсæфтыд
малусæг.

Дæларвон зынаръ сылгоймаг,
Хуыцауы арфæимæ
уалдзæг
дæ хæдзары бацард.

*КАРСАНТЫ Ахмæт*

# МÆЛÆТ ÆМÆ ХÆХТÆ

*Уацау*

Хуры тынтæ сыфтæрты ʿхсæнты хъуызæгау кодтой аууæттæм. Бæлæстæй уыд, дымгæ, тулгæ дуртæ æмæ митзæйтæ кæй бафхæрдтой æмæ æртасын кодтой, ахæмтæ. Хъæды къахвæндагыл æд рюкзактæ цыдысты цыппар нæлгоймаджы. Цыдысты, альпинисттæ æрвылхатт дæр хæхты бæрзæндтæм куыд фæцæуынц, ахæм тындзгæ цыдæй, сæ хъус алфамбылаймæ нæ даргæйæ. Хъæд фæцис, æмæ разындысты чысыл къутæртæ. Райдыдта хурмæсыгъд кæрдæг æмæ къæдзæхтæй æрызгъæлæг дуртæй æмбæрзт даргъ хæрдвæндаг. Фæндагæн йæ дыууæ фарс дæр æрцауындзæг сты хохрагъы къæдзæхджын тигътæ. Хæхтæй иуыл бæрзонддæрыл хуры тынтæй сæхи æмбæхстой чысыл цъиititæ. Хæрдвæндаг фæцис, æмæ цыппар лæппуйы араст сты уæрæх уæлвæзы. Уайтагъд сæ разы слæууыд хъомысджын, бæрзонд хох митæмбæрзт цъуппытимæ. Уыдон фыццаг хатт нæ уыдысты æмæ нæ федтой ацы хæхтæ, фæлæ ныр, ардæм схизгæйæ, бар-æнæбары æрлæууыдысты.

Митæмбæрзт хæхтæ тæмæнтæ калдтой хуры тынтæм.

– Куыд хорз у! – сирвæзт сæ иуæй.

– Уæртæ уыцы хох мах у! – загъта иннæ альпинист.

– Мах нæма у, Сергей. Мах уыдзæн, куы йæм схизæм, уæд, – загъта, разæй чи цыд, уый. – Сау хох. Йæ бæрзæнд – цыппар мины æмæ æртæсæдæ метры бæрц.

Уыдон ныртæккæ афтæ цымыдисимæ кæмæ кастысты æмæ кæмæ цыдысты, уыцы хох йæ сыхаг хæхтæй уыд чысыл ныллæгдæр. Йæ цыргъ цъупп сныхст арвы риуы. Йæ цæхгæрлыг фæрстыл мит нæ хæцыд, æмæ сауæй зынд йæ алфамбылайуæвæг, йæхицæй бæрзонддæр, фæлæ митхæцæндæр хæхты ʿхсæн.

Къорд дарддæр кодта йæ фæндаг. Къуылдымыл, фысты дзуг кæм хызт, уырдыгæй сæм райхъуыст куыйты рæйын. Стыр дзæмбыджын, бирæгъмар куыдз лæууыд къахвæндаджы цур. Уый рæйдта бæзджын хъæлæсæй, фæлæ йæ рæйды нæ уыд хъæхъхъагдзинад.

– Ахæм куыдзæй ныл хорз бон нæ акæндзæн, – загъта фæсте цæуæг.

– Ма тæрс, Виктор, – разылд раззаг, – ам альпинисттæ арæх вæй-

йынц. Ахуыр ныл у. Рæйгæ та уый тыххæй кæны, цæмæй фысгæсæн бамбарын кæна, чидæртæ йæм кæй цæуы, уый.

Уыцы ныхæстæ куыд кодтой, афтæ фысгæс рацыд сæ размæ. Цыдæртæ сдзырдта куыдзмæ, æмæ уый уайтагъд ныхъхъус. Фысгæсыл уыд уæлдзарм худ, кæттаг къуырткæ æмæ кирзæ цырыхъхъытæ. Йæ къухы цы даргъ лæдзæг уыд, уый айнæджы тигъы æнцой æрæвæрдта æмæ бацыд уазджыты цурмæ.

– Æгас нæм цæут, æгас! Æрбадут, суадзут уæ фæллад.

Альпиниcттæ систой сæ рюкзактæ æмæ æрбадтысты дуртыл.

Фысгæс йе 'ргом аздæхта къорды хистæрмæ.

– Дæу хорз зонын, мæ хур, Игорь дæ хонынц. Дыууæ азы размæ дæ федтон ацы ран. Ды дæ къордимæ цыдтæ Адайы хохмæ.

– Уыдис, – йæ сæр банкъуыста Игорь.

Фысгæс ныр та, æрдæбон Игоры фæстæ чи цыд, уыцы лæппумæ бакаст:

– Ацы дзæбæх лæппу дæр демæ уыд.

Куыд ирæттæн сæ фылдæр хай, афтæ ацы фысгæс дæр хорз зыдта уырыссагау. Дзырдта бынтон æнæрхæцгæйæ.

– О, æз æмæ Андрей иумæ уыдыстæм, – йæ сæр та разыйы 'нкъуыст бакодта Игорь.

– Мæ хъустыл куыд æрцыд, афтæмæй дæуæй арæхстджындæр альпинист нæ хæхтæм никуыма æрæфтыд. Ацы хæхтæ дын се 'ппæт дæр сгæрст сты, æвæццæгæн? – искæй æнтыстдзинадæн аргъгæнæджы хъæлæсыуагæй загъта фысгæс.

– Ирыстоны бирæ хæхтæ ис, æмæ уыдонæн се 'ппæтыл дæр æрзилынæн цыфæнды дæргъвæтин цард дæр не сфаг уыдзæн, – загъта Игорь, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Рагæй зилын ацы хæхтыл. Мæ цард семæ баст у.

Игорь асæй уыд рæстæмбис, фæтæнуæхск. Уыд ын хъæддых æмæ нуарджын уæнгтыконд. Йæ æрвхуыз цæхæр цæстытæ кодтой хъуыдыджын каст. Йæ уæлæ уыд хурмæсыгъд ихсыд хæдон æмæ дæрдджын хæлаф. Йе 'мкъай раджы сфæнд кодта уыцы «зæронд» дзаумæттæ аппарын, фæлæ-иу Игорь хæхтæй куы 'рыздæхт, уæд-иу сæ йæхæдæг ныхсадта æмæ-иу сæ бафснайдта иннæ балцы афонмæ. Адæймаг цæуыл сахуыр уа, уый…

Виктор сæ фæрсты згъорæг чысыл цæугæдонæй фелвæста

кружкæйы æмæ йæ бадардта фысгæсмæ. Уый йæ айста, ахуыпп дзы кодта æмæ йæ радта Игорьмæ. Бæрзонд урсцъар лæппу Сергей йæ рюкзакæй систа цыдæр адджинæгтæ æмæ сæ айуæрста фысгæс æмæ йе ‘мбæлттыл.

– Кæцы хохмæ дарут уæ фæндаг? – афарста сæ фысгæс.

– Сау хохмæ, –дзуапп ын радта Игорь.

Фысгæс йе ‘ргом аздæхта хохы ‘рдæм.

– Кæд цъиititыл ахизат, уæд фæхæрд кæндзыстут миты, фæлæ уым мит арф уыдзæн, æмæ уын зын уыдзæни уæлæмæ цæуын.

– Уымæ гæсгæ хъуамæ бахизæм хохæн йæ цæгатæрдыгæй фæрсты. Хæрдмæ та схиздзыстæм цъититы сæрмæ цæхгæрлыг фæхстыл.

– Нæ, уым æгæр къул у, æмæ тæссаг у…

– Хъуамæ бафæлварæм. Цас зынвадатдæр уа, уыйбæрц цымыдисагдæр уыдзæн, – загъта фæндфидарæй Игорь.

Фысгæс йæ сæр разыйы ‘нкъуыст кодта, фæлæ уæддæр фæстагмæ йæхи нал баурæдта:

– Диссаджы адæм стут. Алчи æдас æмæ æнцондæр фæндæгтæ агуры, сымах та… Цæмæн уæ бахъуыд ахæм тæссаг бынæтты хилыны сæр? Исчи ма схызт, мыййаг, ууылты?

– Нæма. Фыццаг хатт мах фæлварæм, – загъта Игорь, хохæй йæ цæстæнгас нæ исгæйæ.

Фысгæс та сыл йæ цæстæнгас хъуыдыгæнгæ ахаста æмæ, йæ цæнгтæ хæрдмæ сдаргæйæ, загъта:

– Хуыцау зæгъæд!..

– Боныхъæд куыд уыдзæн? – бафарста йæ Андрей.

– Æвзæр, мæ хуртæ, – фысгæс хъынцъымгæнгæ ацамыдта æнæмигъ арвмæ. – Ныр æнæхъæн мæй бæстæ дзæгæрæг кæны. Кæрдæг ныххус. Сæрвæттыл цыма исчи арт бандзæрста… Фыстæ сыдæй мæлынц. Къæвда бæргæ хъæуы, фæлæ…

«Хуыцау ма зæгъæд», – сæхимидæг ахъуыды кодтой лæппутæ, фæлæ сæ æргом ничи ницы сдзырдта. Уыдонæй алчи дæр æмбæрста фысгæсы катайы аххосаг.

Уыцы рæстæджы сæ цурмæ æрбацыд æрдæбоны фыййаукуыдз. Игорь ын аппæрста хус кæрдзыны къæбæр. Уый йæм басмыста æмæ йæ æхсынын райдыдта.

– Хорз куыдзы каст кæны. Æвзæр хъахъхъæнæг нæ уыдзæн.

– Фарон бирæгъ æрцахста, – сæрыстырæй загъта фысгæс æмæ куыдзмæ рæвдаугæ цæстæй бакаст.

– Æмæ ам бирæгътæ ис? – цымыдисæй йæ афарста Виктор.

– Ам нæ. Уыцы хабар Мæздæджы цур æрцыд. Фæззæг нæ дзугты уым фæхизæм. Бирæгъ ын фæлæбурдта йæ фарсмæ. Кæсут, йæ дæндæгты фæдтæ йыл нырма дæр бæрæг дарынц.

Фысгæс бавнæлдта куыдзы фарсмæ. Йæ хъуынтыл ын фæйнæрдæм ахæцыд, æмæ се ‘ппæт дæр федтой, куыдзæн йæ фарсæй суанг йæ гуыбынмæ чи æххæссыд, дыууæ ахæм носы. Куыдз йæ сæрыл хæрдмæ схæцыд æмæ сыл хаста йæ цæстæнгас. Фыстæ ныттымбыл сты цæугæдоныл æмæ зыдæй нуæзтой дон. Стыр пæлæхсар сыкъаджын цæу сгæпп кодта дуры сæрмæ, йæ цæстæнгас ахаста дзугыл æмæ æрхуыссыд дуры уæлæ.

– Ныр, цымæ, фысты разæй цæу цæмæн фæцæуы? – Викторы та сдзурын кодта йæ цымыдис.

– Сæгъ фысæй арæхстджындæр у къæдзæхтыл цæуынмæ, – дзуапп ын радта фысгæс.

– Ам дзæбидыртæ нæ вæййы? – ногæй йæ афарста Виктор.

– Ам дзæбидыртыл стæмхатт фембæлдзынæ. Уæлдæр куы ссæуат, уæд уым фылдæр дзæбидыртæ уыдзæн. Уыдон дæр сымахау уарзынц хæхты цъуппытыл тезгъо кæнын, – йæ мидбылты бахудт фысгæс.

– Æз никуыма федтон дзæбидыр, – тæхудыгæнгæ загъта Виктор.

– Æз федтон цалдæр хатты, – загъта Игорь. – Хъуыды ма кæныс, Андрей, Дыгуры хæхты кæй федтам, уыцы дзæбидырты?

– Куыннæ, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Андрей. – Мах уыдыстæм Хъæрæугомы. Иубон нæ æхсæвиуат кæнын бахъуыд хохы дагъы. Райсомæй куы сыстадыстæм, уæд ауыдтам æртæ дзæбидыры. Уыдон хызтысты, байбынты цы фæсал кæрдæг уыд, ууыл. Махæй уыдаиккой иу-сæдæ метры дæрддзæф. Куы нæ бафиппайдтой, уæд ма уысмы бæрц алæууыдысты æнæзмæлгæйæ, стæй уыцы иу тъæбæртт фæкодтой æмæ фæаууон сты къæдзæхы фæстæ. Мах лæууыдыстæм æмæ сæ фæстæ хæлæггæнгæ кастыстæм: диссаджы арæхстджын лыгъд кодтой айнæджы цыргъ тигътыл.

– Уæдæ уæ хъул сах абадт. Дзæбидырты афтæ хæстæгмæ фенын алы хатт нæ бафты къухы, – загъта фысгæс.

Игорь сыстад.

– Цæй, фаг аулæфыдыстæм, цæуæм дарддæр.

– Фæндараст ут, мæ хуртæ! – сыстад фысгæс дæр.

Лæпputæ цыдысты нарæг къахвæндагыл. Нæудзарм фæци, æмæ къахвæндаг дурты ‘хсæн æрбайсæфт. Бон изæрæрдæм фæкъул, афтæ бахæццæ сты, хохы рæбын цы цъититæ уыд, уыдонмæ. Ныр сæм тæссагдæр æмæ тызмæгдæр фæкаст Сау хох. Лæпputæ сæ цæст ахастой уæлæмæ æмæ бамбæрстой, нырма сæ дзæвгар кæй хъæуы хæрдмæ цæуын.

– Æрбадæм уал, лæпputæ, – загъта сын Игорь. – Кæсут айнæджы къултæм æмæ уæхи цæттæ кæнут райсоммæ.

Дыууæ азы размæ Игорь æмæ Андрей ацы бынатæй фæистой хохы нывтæ. Зымæгдæргъы сæм фæкастысты лæмбынæг. Рагацау сын нысангонд уыдысты, цæуын сæ кæуылты бахъæудзæн, уыцы бынæттæ, фæлæ сæм айнæджы фæхстæ ныр бирæ тæссагдæр æмæ зынвадатдæр фæкастысты. Цалдæр боны ахаста тæвд рæстæг. Къултыл мит бынтондæр нал уыд.

«Ныр цы амалæй схиздзыстæм ацы тæссаг къулыл? – йæхинымæры бакатай кодта Виктор, фæлæ Игорь æмæ Андреймæ куы фемдзаст, уæд йæ зæрдæ фæфидардæр. – Уыдон зонынц, куыд цæугæ у, уый. Мæ хæс та у, куыд мын дзурой, афтæ кæнын».

– Ацы аз къæдзæхтæ саудæр сты, – хъуыдыгæнгæ сдзырдта Андрей. – Хилын сыл æнцондæр уыдзæн. Стæй зæй рацæуынæй дæр тас нæу.

– Уыйхыгъд дурзæйтæ та уыдзысты арæхдæр, – бафиппайдта Игорь. – Уымæ гæсгæ нæ цæуын бахъæудзæн райсомæй. Цæугæ та хъуамæ акæнæм рæгътыл. Ууылты дарддæр у, фæлæ уым тас нæу дурзæйтæй. Ныр та бацагурæм, æхсæвиуат кæм бакæнæм, ахæм бынат.

Хур ныттылд фæсрагъ, фæлæ ма йæ фæстаг тынтæм æрттывтой хæхты цъуппытæ. Лæпputæ бахызтысты цъитийы иувæрсты. Цъитийы уæлцъар уыд скъуыдтæ, æмæ уыцы скъуыдты калдысты, уæлейæ чи згъæлд, уыцы лыстæг дуртæ. Айнæджы сæрæй чи лæдæрст, уыцы донæй сырæзт ихын мæсыг. Уый раскъуыд, æмæ альпинисттыл æркалдысты йæ згъæлæнтæ. Лæпputыл æрбаулæфыд уазал уæлдæф. Уыдон сæ мидбынаты андзыгау сты, стæй, сæхи ихы фæзгъæртæй хъахъхъæнгæйæ, лидзæгау акодтой хохы дагъы ‘рдæм æмæ æрлæууыдысты иу чысыл байбыны..

– Ам бахсæвиуат кæндзыстæм. Суадон дæр нæм хæстæг уыдзæн, – загъта Игорь æмæ ацамыдта дурты ‘хсæнты згъорæг донмæ. – Æрмæст ын бонæрдæм æнæ ныссæлгæ нæй, æмæ дзы æрæфтауц кæнын бахъæудзæн. Виктор, ды æхсæвæры кой бакæн, мах та цатыр сæвæрæм.

Æрталынг. Арвыл фæзындысты иугай стъалытæ. Райдыдта уазал кæнын. Цатыр уайтагъд срæвдз, мидæгæй дзы айтыгътой фынæйгæнæн голджытæ. Виктор аг бауæларт кодта æмæ æрбадт йæ фарсмæ. Уый ахæм уавæрты фыццаг хатт кодта хæринаджы куыст æмæ йæ хъус дардта Игорьмæ. Йæ зæрдæ йыл дардта, кæд исты, куыд æмбæлы, афтæ нæ араза, уæд ын уый бацамондзæн.

Викторыл цыд дыууын фондз азы. Уымæй кæстæр къорды ничи уыд, æмæ йæ уымæ гæсгæ къорды уæнгтæ нымадтой «цъæхæй рæгъæд» альпинистыл. Йæхæдæг дæр ахæм цæстæй каст йæхимæ. Æмбæрста: цæмæй хæхты хуыздæр базона æмæ сыл æдæрсгæ цæуын сахуыр уа, уый тыххæй хъæуы къорд азы.

– Лæппутæ, æрбадут, ныртæккæ цæттæ уыдзæн не ‘хсæвæр, – адзырдта йе ‘мбæлттæм.

Лæппутæ скодтой сæ хъарм дарæс, систой къустæ æмæ уидгуытæ.

Æхсæвæры фæстæ сын Игорь радта дыккаг бонмæ хæслæвæрд:

– Ходæн цæттæ кæнын хауы Андреймæ. Æз æмæ Сергей араст уыдзыстæм æртæ сахатыл. Уыцы афон, кæй зæгъын æй хъæуы, нырма талынг уыдзæн, уымæ гæсгæ немæ ахæсдзыстæм рухсгæнæнтæ. Цæудзыстæм ихæвæрд фæхстыл. Тынг къул кæм уа, ахæм рæтты нæ бахъæудзæн къах æрæвæрæн дзыхъхъытæ къахыны сæр. Андрей æмæ Виктор, сымах стухдзыстут цатыр æмæ рацæудзыстут махæй æрдæгсахат фæстæдæр. Хæрдмæ цæудзыстæм бæндæнты æххуысæй, цы нæ вæййы… Разæй цæуджытæ рæстæгæй-рæстæгмæ ивдзысты кæрæдзийы.

Игорь дзырдта ныллæг æмæ хъуыдыгæнаг хъæлæсæй. Уыцы уагæвæрд, гæнæн уыд, æмæ уыдаид æндæрхуызон дæр. Гæнæн уыд, æмæ ходæн сцæттæ кодтаид æндæр исчи. Разæй чи ацыдаид, уыдон дæр, гæнæн уыд, æмæ уыдаиккой æндæртæ. Фæлæ уымæй хъуыддаджы æнтыстдзинад къухы бафтын кæнынæн ницы уабæрæг ысаниуæг уыд. Хъуыд ахæм фæтк, къорды уæнгтæй алкæмæн дæр æнæмæнгхъæугæ чи уыдаид, алкæмæй дæр бæрндзинад чи домдтаид.

Уымæ гæсгæ сын Игоры нывæст уыд, куыд æфсæддон раздзоджы бардзырд размæ абырсыны агъоммæ. Хъуамæ алчи дæр зона йæ хæс, цы бынат ахсы къорды. Игоры ныфсдæттæг æмæ хиуылхæцгæ дзырдтæ лæпputæй алкæй уæнгты дæр бауагътой разæнгардгæнæг тых, æмæ сæхи цæттæ кодтой райсомы «абырстмæ».

Бынтон æрталынг. Æнæмигъ арвыл тыбар-тыбур кодтой стъалытæ. Сцæйтылд мæй, æмæ хæхтæ разындысты тар æндæргтæй.

– Цæй, фынæй афон у, лæппутæ, – загъта Игорь. – Райсом нæм стыр хъуыддаг æнхъæлмæ кæсы.

* * *

Поезд Кавказмæ цыд изæрмилты. Цыппар лæппуйы дæр бадтысты иу купейы. Поезды ацыдмæ ма баззад æрдæгсахаты бæрц, афтæ сæм купейы æрдæггом дуарæй йæ сæр бадардта иу æвзонг чызг.

Виктор йæ бынатæй фестад.

– Ларисæ, æрбацыдтæ! Салам! Рахиз мидæмæ, базонгæ у ме ‘мбæлттимæ.

Чызг æфсæрмыгæнгæ бахызт купемæ. Уымæн уыд стыр морæхуыз цæстытæ æмæ мыдхуыз сæрыхъуынтæ. Йæ тæлтæг æлвæст уæнгтыл диссаджы фидыд кодта æрвхуыз къаба. Бæрзонд, бæзæрхыг Викторы цур зынд чысыл чызджы хуызæн.

– Сбад, – загъта йын Виктор, йæ фарсмæ æвæрд дзаумæттыл иуварс ахæцгæйæ.

Уый нымдæй æрбадт æмæ йæ цæст дзаумæттыл ахаста.

– Куыд бирæ хæссинæгтæ уæм ис?

– Уыдон цы сты, хæхтыл ма сæм бафтдзæн, – загъта Виктор.

Бацайдагъ сын иумæйаг ныхас, фæлæ Ларисæ тыхст, сæ цуры ма чидæртæ кæй уыд, уымæй.

«Æддæмæ уал нæ ахизын хъæуы. Уадз абадой, куыд ничи сæ хъыгдара, афтæ», – ахъуыды кодта Игорь, фæлæ Виктор йæхæдæг фæраздæр:

– Ларисæ, цом атезгъо уал кæнæм, нырма нын рæстæг бирæ ис.

Чызг æмæ лæппу ахызтысты купейæ.

– Лирикæйы тæваг… – райдыдта та Сергей.

– Хъуыддаг дæ кæм нæй, уым дæ фындз ма тъысс, – йæ цæстытæ йæм фæдзагъул кодта Игорь, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Йемæ цæуын дæ кæй хъæудзæн, уый ма рох кæн.

– Хæйрæджыты хай фæу, Барис, фæсайдта нæ, – йæ уæраг æрцавта Сергей.

– Æндæрæхсæв мæм дзырдта, – загъта Игорь.

– Дзырдта? – бадис кодта Андрей.

– Цы ма йæ хъуыд? – фыдæх хъæлæсæй йæ афарста Сергей.

– Нæ зонын. Мæхæдæг хæдзары нæ уыдтæн, Нинæимæ ныхас кодта. Фарста нæ. Нинæ йын загъта, кæд цæуæм, уый. Чи зоны нæм фæзына… фæндараст кæнынмæ.

– Кæд ын йæ ус бар радта, уæд, – ныппыррыкк кодта Сергей.

Барис дæр сæ къорды раздæры уæнг уыд. Зымæджы дæр арæх нал цыд цæттæгæнæнтæм. Уалдзæджы сын загъта, ус курын, зæгъгæ. Чындзæхсæвмæ сæ хонгæ дæр фæкодта.

…Чындзæхсæвы уыд дзæвгар адæм. Сарæх сты куывдтытæ, фæндиæгтæ. Цалдæр рæгъы фæстæ Сергей фæгæпп кодта æмæ райдыдта кувын хæхты тыххæй. Уазджытæ се ‘ппæт дæр сразы сты йемæ, æмæ сæ агуывзæтæ бакъуырцц кодтой альпинисттимæ. Сæ иу, хæхтæ æрмæстдæр телевизоры чи федта, ахæм тæнтъихæг лæппу фестад æмæ хъæрæй загъта:

– Цæй æмæ альпинистты тыххæй исты зарæг акæнæм.

Гæмæхсæр сæвджынтæ конд ацæргæ лæг бæзджын хъæлæсæй базарыд:

*Лучше гор могут быть только горы...*

– Æз хæхты тыххæй нæ бануаздзынæн, – загъта ног чындз.

– Разы дæн демæ, мæ уды гага, – йæ фарс рахæцыд иу нæрст сылгоймаг. – О, рæсугъд сты хæхтæ, кæс æмæ сæм кæс! Уый кæуылты æхцондзинад у, фæлæ сыл хæрдмæ хилын, – уый, мæнмæ гæсгæ, сæрхъæндзинадыл дзурæг у. Иу ныхасæй, альпинизмы хъуыддаг у хи удæн мæлæты тæрхон хæссæгау.

Чындз æм хъуыста æмæ йæ сæр разыйы ‘нкъуыст кодта.

… – Мæнмæ гæсгæ, зæгъдзæн йæ мойæн: «Кæнæ æз, кæнæ хæхтæ», – загъта Андрей Игорæн, чындзæхсæвæй куы рацыдысты, уæд.

– Цæхгæр, – мæсты худт бакодта Игорь, – Барис фæлмæнзæрдæ лæппу у, йæ рохтыл ын æрхæцдзæн æмæ…

Афтæ дæр рауад. Барис мæй æмæ æрдæджы бæрц нал фæзынд цæттæгæнæнтæм. Къорды уæнгтæй йæ ничи æрцагуырдта, ног усджын

у, зæгъгæ, æмæ йæ… Стæй уæддæр Сергей йæхи нæ баурæдта æмæ йæм фæдзырдта телефонæй. Хæтæл систа ног чындз, Барис йæхæдæг хæдзары нæ разынд. Æви… Уый фæстæ та йæм фæдзырдтой ногæй.

– Барис нæр бинонты хицау у, æмæ йæ ныууадзут йæ адыл. Ныр ын хæхты цоппай кæнынæй ахсджиагдæр хъуыддæгтæ ис! – тыфылтæ калгæ йын загъта йæ ног ус.

Фæстæдæр æм Игорь йæхæдæг фæдзырдта. Йæ куыстмæ.

– Де ‘мкъай дын загъта, мыййаг, Сергей дæм дыууæ хатты кæй дзырдта?

– Нæ, Маринæ мын кой дæр ницы скодта, – дзуапп ын радта Барис.

– Уый дын гъе! Уæдæ ацы аз нæ фæнд кæныс Ирыстоны хæхтæм цæуын?

Барис райдыдта йæхи рæстытæ кæнын.

– Æмбарыс, Игорь… Тынг æнæвдæлон дæн æмæ… Куысты дунейы хъуыддæгтæ, хæдзары дæр – афтæ… Маринæйæн та, нæ зонын, цæмæн ын афтæ æнæуынон сты хæхтæ…

– Æмбарын дæ, – загъта Игорь. – Ды нæм хъуамæ фæдзырдтаис æмæ нын бамбарын кодтаис æппæт дæр.

Ууыл ахицæн сæ ныхас. Барисы бæсты къордмæ бакодтой Викторы.

…Чидæр хъавгæ бахоста купейы рудзынг. Перроныл лæууыд Барис æмæ сæм худт йæ мидбылты.

– Салам, лæппутæ!

Стæй схызт купемæ. Сæ къухтæ сын куы райста, уæд фæхатыд, уазал зæрдæйæ йыл кæй сæмбæлдысты.

– Цæут… Дыууæ боны фæстæ уыдзыстут хæхты… Куы зониккат, куыд тынг уæм хæлæг кæнын.

– Æмæ дæу исчи рæхыстæй ныббаста? – фæрæхуыста йæ Сергей, стæй фестад æмæ æддæмæ ахызт.

– Нæ йæ æмбарын, афтæ тынг мæм цæуыл фæхæрам? – хъыгзæрдæйæ сæ бафарста Барис. – Куы йæ зонут, тынг мæ кæй фæнды хæхтæм, фæлæ ацы аз… Маринæ йæхи бар нæу, куыд æй ныууадзон иунæгæй?..

Игорь йæ сæр æмбарæджы ‘нкъуыст кодта. Барис нывнæлдта йæ хызынмæ æмæ дзы сæны авг систа.

– Лæппутæ, уæд та фæйнæ бануазиккам… Уæ балцы тыххæй.

– Нывæр æй, дæ хорзæхæй, – загъта Игорь. – Куы ‘рыздæхæм, уæд фембæлдзыстæм æмæ…

– Хорз. Ӕнæмæнг-иу нæм фæзынут. Маринæимæ хæстæгдæр базонгæ уыдзыстут. Радзурдзыстут ын уæ балцы хабæрттæ.

– Хорз, хорз, фæзындзыстæм уæм, – ныфс ын бавæрдта Игорь. Йæхинымæры та ахъуыды кодта: «Кæд дын дæ ус бар радта, уæд. Чи зоны, ардæм дæр йæ сусæгæй рацыдтæ».

Барис сæны авг фæстæмæ нывæрдта æмæ сын райста сæ къухтæ.

– Цæй, фæндараст ут!

– Бузныг, фенынмæ, – дзырдтой йын уыдон дæр.

Барис вагонæй ахызт. Перроныл лæууыдысты Виктор æмæ Ларисæ. Чызг йæ арм æрæвæрдта Викторы армыл.

– Виктор, тæрсгæ дын кæнын… Мыййаг, исты фыдбылыз…

– Ма тæрс, ницы мыл æрцæудзæн, æппæт дæр уыдзæн хорз, – ныфсытæ йын æвæрдта Виктор.

– Зæгъгæ, ахæм исты, уæд æз…

– Ма тæрс. Нæ къорды уæнгтæ иууылдæр фæлтæрд сты, уыдонимæ мын тас ницæмæй у. Цæй, мæнæн афон у. Дыууæ минуты фæстæ араст уыдзæн поезд. Фенынмæ.

Поезд анкъуыст. Сергей купемæ куы баздæхт, уæд ын Игорь карзæй загъта:

– Сергей, Барис ард нæ бахордта, мыййаг, цæмæй цæрæнбонтæм демæ балцы цæуа. Алкæмæн дæр нæ ис хисæрмагонд хъуыддæгтæ, æмæ, зæгъæм, мæн дæр ацы аз нæ равдæлд хæхтæм ацæуынмæ, уæд мæныл дæр дæ пырх афтæ калдтаис?

Сергей ныхъхъус, бæрæг уыд, Игоры ныхæстæ йæм кæй бахъардтой.

Виктор бадт рудзынджы цур æмæ æнкъардæй каст æддæмæ. Уымæн нырма дæр йæ хъуыдытæ Ларисæйы цур уыдысты.

Альпинистты лагерь уыд арф комы сæрмæ нæзыты къохы. Цыппар лæппуйæ æрцардысты иу цатыры. Дыууæ къуырийы дæргъы сæхи цæттæ кодтой ихæвæрд къæдзæхтыл бырынмæ. Уыдысты Зæрæмæджы сæрмæ бæрзонд хохрагъыл. Куыд алы хатт, афтæ та сæ балцы дæр Андрей æмæ Игорь уыдысты иу цæджы. Уыдон, цалдæр азы иумæ уæвгæйæ, хорз æмбæрстой кæрæдзийы. Сæ хъус дардтой Виктормæ дæр. Уый разынд зæрдæргъæвд, хъаруджын, йæ алы къахдзæф дæр уыд арæхстджын, зыдта йæхи хъæхъхъæнын.

– Куыд хъуыды кæныс Викторы тыххæй? – иуизæр, цатыры бадгæйæ, Игорь бафарста Андрейы.

– Ӕвзӕр нӕ цӕуы, фӕлӕ йын бӕстон аргъ скӕнын мӕ бон нӕма у, нырма йӕ вазыгджындӕр балцыты цӕугӕ нӕ федтон.

Сӕ фӕстаг дыууӕ балцы, ӕцӕгӕйдӕр, вазыгджындӕр уыдысты. Ацы хатт Викторыл зынд, йӕхиуыл фаг кӕй нӕма ӕууӕндыд. Иуӕй йӕм фаг фӕлтӕрддзинад нӕма уыд, иннӕмӕй та хатыд, йе 'мбӕлттӕ йӕм аивӕй сӕ хъус кӕй дарынц, ӕмӕ йӕ уыцы хъуыддаг тыхсын кодта. Се 'ртыккаг балцы йӕ Игорь арвыста разӕй. Лӕппу цыма фӕлварӕн лӕвӕрдта – архайдта йӕ фӕстаг тыхтӕ ӕрбамбырд кӕнгӕйӕ. Изӕры лагерьмӕ куы 'рыздӕхтысты, уӕд дзы Игорь раппӕлыд:

– Виктор, абон цыдтӕ тынг хорз.

Викторы цӕстытӕ цины ӕрттывд фӕкодтой, фӕлӕ ма йӕ уӕддӕр къахӕджы фарст акодта:

– Ӕцӕг зӕгъыс ӕви?

– Уартджын хӕфсы хылд кодта, – мӕстӕймарӕгау загъта Сергей.

– Ӕмӕ мах дугъон бӕхтӕ куынӕ хъӕуы, – зулмӕ йӕм бакаст Игорь.

Къорды хистӕры уыцы ахаст ӕхсызгон уыд Андрейӕн. Йӕхинымӕры дзы бабуц. Йӕхӕдӕг дӕр раппӕлыд Викторӕй:

– Раст зӕгъы Игорь, Виктор, абон арӕхстджындӕрӕй цыдтӕ.

Викторы зӕрдӕ хуры фарсмӕ абадт. Фӕлӕ йӕм Сергей ахӕм ӕнӕуынон цӕстӕй кӕй каст, уыцы хъуыддаг ӕй йӕхимӕ ныхъхъусын кодта. Сӕ уыцы ахаст райдыдта уалдзӕджы, ӕмӕ нырма дӕр сӕ дзырд кӕрӕдзийыл нӕ бады. Андрей ӕмӕ Игорь сӕ цуры куынӕ уаиккой, уӕд сын, ӕвӕццӕгӕн, стыр загъдмӕ дӕр асайдтаид.

Дыккаг бон сын уыд улӕфты бон. Райсомӕй Игорь ӕмӕ Андрей сӕхи ӕхсынмӕ ныххызтысты, комы цы чысыл цӕугӕдон уыд, уырдӕм.

– Ныр та хъуамӕ ацӕуӕм Сау хохмӕ, – фӕстӕмӕ здӕхгӕйӕ загъта Игорь. – Фӕлӕ ацы лӕппутӕн цы бачындӕуа, нӕ зонын.

Андрей бамбӕрста, Игоры цы зӕгъын фӕндыд, фӕлӕ ницы сдзырдта, ӕнхъӕлмӕ каст, Игорь дарддӕр цы зӕгъдзӕн, уымӕ.

– Хӕйрӕджыты хай фӕуой, сӕ дыууӕ дӕр дзӕбӕх лӕппутӕ куы сты, уӕд… Викторmӕ фаг арӕхстдзинад нӕма ис, фӕлӕ ӕвзӕр нӕ архайы, цы ма дзы нӕ цӕуы Сергейы зӕрдӕмӕ, нӕ зонын.

Андрей хъуыдыты анығъуылд. Знон дӕр сӕ балц диссаджы хорз рауад, фӕлӕ… Ӕнӕхъӕн фӕндагыл кӕрӕдзимӕ хъыззыгӕнгӕ фӕцыдысты. Уымӕ гӕсгӕ фехӕлд се 'ппӕты зӕрдӕйыуаг дӕр.

– Ахицæн кæнын сæ хъæуы, – сдзырдта Андрей ныллæг хъæлæсæй, – æз цæудзынæн Викторимæ, ды та – Сергеимæ. Дæумæ хорз хъусы, ды йын стыр авторитет дæ.

– Мæнмæ гæсгæ нын æндæр гæнæн нæй, – йемæ сразы Игорь. – Цом, баныхас кæнæм семæ.

Ходæны фæстæ бауынаффæ кодтой: Сау хохмæ цæудзыстæм Сергей Игоримæ, Андрей – Викторимæ.

Дыккаг бон райсомæй сæхи цæттæ кæнын райдыдтой. Хæринæгты æфтауцдонæй райстой фæндаггаг, æрбæрджытæ кодтой сæ дзаумæтты. Сæ хæссинæгтæ дих никуы кодтой, алчи дæр дзы йæхимæ иста намысджынæй, иннæты зæрдæхудты куыд нæ бацыдаид, афтæ. Виктор консервы банкæты иуулдæр ныккалдта йæхи рюкзакы. Уый фæхатыд Игорь æмæ загъта Андрейæн:

– Банкæты æмбис дæ рюкзакы нывæр.

– Нæ хъæуы, мæхæдæг сæ ахæсдзынæн, – фæцæттæ Виктор.

– Нæ мæ уырны, – фæрæхуыста йæ Сергей.

– Виктор, ма быцæу кæн, хистæры бардзырд æххæст кæнын хъæуы, – загъта Андрей, банкæты æмбис йæхи рюкзакы æвæргæйæ.

Цатыры дуарæй йæ сæр бадардта хæрæг. Лагеры уыдис дыууæ хæрæджы, уыдоныл комы рæбынæй хастой, лагерьмæ цы дзаумæттæ æмæ хæринæгтæ æмбæлд, уыдон, уымæн æмæ машинæ комы дымæгæй уæлæмæ нæ цыд. Альпинисттæ хорз цæстæй кастысты ацы дыууæ хæрæгмæ. Иуæй, сæ дарæг уыдон уыдысты, иннæмæй та, сæхæдæг дæр æдзух уæргъытимæ кæй цыдысты, уымæ гæсгæ сæхи дæр хæрджытыл нымадтой. Æрыгон альпинисттæ-иу сыл хатт бадгæ дæр скодтой, семæ истой сæ къамтæ.

– Хæрæг хивæнд нæу, хæрæг зондджын у, – дзырдта-иу сын æфтауцдоны хицау, ацæргæ ирон лæг. – Хæрæгыл, гæнæн ис, сæвæрай æвдай киллограмы уæзæн уаргъ. Уымæй фылдæр ыл куы сæвæрай, уæд æй ницæй тыххæй ахæсдзæн. Ныууоцани уыдзæн, æмæ… Хæрæг сæрхъæн нæу.

Хæрæг лæууыд цатыры раз æмæ сæм каст æнкъардæй, цыма, кæй цæуынц, уый йын хъыг уыд, æмæ сæ кæй мысдзæн, уый сын æмбарын кодта, уыйау.

– Цы кæныс, нæ хæрзгæнæг, сæххормаг дæ? Уæд дын мæнæ хус кæрдзын, æмæ йыл дæхи ирхæфс, – сдзырдта йæм Виктор æмæ йæм

кæрдзыны къæбæр бадардта. Хæрæг кæрдзыны къæбæр ахордта æмæ араст иннæ цатырты ‘рдæм.

Спорты æндæр хуызты вæййы ныхмæлæуджытæ æмæ уæлахизгæнджытæ, афтæ ма фембылдуæвджытæ дæр. Фæлæ альпинистæн æрмæстдæр иу ныхмæлæуууæг ис – хæхтæ. Уыдон та æгъатыр сты. Иу чысыл æнæраст къахдзæф, æмæ дæм æнхъæлмæ кæсы… кæнæ мæлæт, кæнæ та рынчындоны сынтæг. Уымæ гæсгæ альпинисттæ фæархайынц хæларæй цæрыныл, цæмæй уыцы ныхмæлæуууæгыл кæддæриддæр уæлахиз кæной æмдыхæй, кæрæдзийы æххуысæй.

* * *

Игорь райхъал. Фынæйгæнæн голладжы кæрæттыл фæйнæрдæм ахæцыд æмæ сахатмæ æркаст. Уыд дыууæ сахатмæ æввахс. Игорь куыдфæнды фæлладæй дæр райхъал уыдаид, стын æй цафон хъуыдаид, уыцы афон.

Йæ фарсмæ талынг цатыры фынæй кодтой йе ‘мбæлттæ. Галиуæрдыгæй фынæйгæнæн голладжы, йæ сæр ныттухгæйæ, фынæй кодта Андрей. Виктор лагеры сынтæджытыл сахуыр уæлгоммæ фынæй кæнын æмæ ныр æнæхъæн æхсæв рафт-бафт кодта, къуындæг цатыры йæ фарсыл хуысгæйæ. Игоры рахизфарс хъæрæй хуыр-хуыр кодта Сергей. Уымæ нæ хъардта, цатыр къуындæг кæй уыд, уый, æмæ хуыссыд уæлгоммæ, цатыры фылдæр хай йæхи бакæнгæйæ. Цатыры кæрæттæй мидæмæ хъуызыд уазал уæлдæф, фæлæ цыппар адæймаджы комытæф цатыры уазал кæнын нæ уагъта.

Игорь рабадт. Иу хатт ма æркаст сахатмæ. Уыд стын афон.

– Уæлæмæ, лæппутæ! – загъта, лæппуты радгай бауигъгæйæ.

– Ехх, ныр ма иу-фондз сахаты афынæй кæн, – йæ ком ивазгæ, батæхуды кодта Сергей. – Ныр цæмæ стæм, цы уæз ныл цæуы?

Игорь цырагъ ссыгъта. Уый фенгæйæ, лæппутæ тагъд-тагъд акодтой сæ дарæс.

Уыд мæйрухс æхсæв. Цалхыдзаг мæй рухс кодта хæхты цъуппытæ. Лæппутæ иугай хызтысты цатырæй æмæ райдыдтой сæхи цæттæ кæнын.

«Цæй диссаджы рæсугъд æрдз у, – ахъуыды кодта Виктор, алфамбылайыл йæ цæст ахæсгæйæ. – Тæхуды, Ларисæ дæр куы фенид ацы рæсугъддзинад. Фидæнмæ йæ æнæмæнг ракæндзынæн мемæ Ирыстоны рæсугъд хæхтæм».

Андрей арт скодта æмæ райдыдта аходæн цæттæ кæнын. Аходæн хордтой лæугæйæ.

– Сергей, цæуæм, – загъта Игорь.

Игорь æмæ Сергей скодтой сæ каскæтæ, систой сæ рюкзактæ æмæ араст сты. Мæйрухсмæ хорз уыдтой сæ развæндаг, æмæ сæ нæ бахъуыд сæ каскæтыл конд рухсытæ ссудзыны сæр.

– Скæнæм лæгдзæфхæдтæ, – загъта Игорь, ихæвæрд айнæгмæ куы бахæццæ сты, уæд æмæ æрлæууыд.

Дыууæ лæппуйы æристой сæ рюкзактæ. Сæ уæлæ æрбакодтой дзуарæвæрд рæттæ æмæ сыл даргъ бæндæнты кæрæттæ бафидар кодтой. Уый фæстæ скодтой лæгдзæфхæдтæ æмæ араст сты дарддæр. Райдыдтой ихыл хæрдмæ бырын. Игорь хылд разæй, йæ фæстæ иу-дæс метры дæрддзæфдæр цыд Сергей, йæ къухы бæндæнты тыхтæттæ, афтæмæй. Къул бынатмæ куы бахæццæ сты, уæд Игорь æрлæууыд. Йæ рюкзакæй систа, йæ сæрыл тымбыл цæг кæмæн уыд, ахæм къæбæл, æмæ йæ бакъуырдта айнæджы скъуыды. Стæй къæбæлы цæджы атъыста, йæ ронмæ фидаргонд чи уыд, уыцы бæндæны кæрон æмæ райдыдта кахæрæвæрæн дзыхъхъытæ къахын. Дзыхъхъытæ уыдысты асины къæпхæнты хуызæн. Их уыд сæртæг, æмæ йæ нæ хъуыд бирæ фыдæбон кæныны сæр. Ихлыггæнæн фæрæтæй-иу цалдæр цæфы цы ран æркодта, уым-иу уайтагъд февзæрд асины къæпхæн. Къæпхæнтæ кодтой фылдæрæй-фылдæр. Ихы фæзгъæртæ калдысты коммæ. Сергей лæууыд бынæй æмæ, Игорь куыд дарддæр цыд, афтæ бæндæн йæхирдæм ивæзта. Игорь бæндæны æмбисы бакъуырдта ног къæбæл æмæ та къæбæлы цæджы аласта бæндæны кæрон. Уымæ гæсгæ йæ бынат фæуæлдæр кодта Сергей дæр.

Уæдмæ сæм схæццæ сты Андрей æмæ Виктор дæр. Мæй хæхты фæстæ баивгъуыдта æмæ æрталынг. Лæппутæ ссыгътой сæ каскæтыл конд рухсытæ. Игорь, бæндæн цас аххæссыд, уыйбæрц куы ацыд, уæд бакъуырдта æртыккаг къæбæл æмæ ахъæр кодта Сергеймæ:

– Рацу!

Сергей схызт Игоры къахт къæпхæнтыл. Игорь æй хъахъхъæдта уæлейæ, бæндæн йæхирдæм ивазгæйæ. Куы йæм схæццæ, уæд сæ бынæттæ баивтой. Ныр та Сергей райдыдта къæпхæнтæ къахын. Игорь баззад фæсте æмæ йæ хъахъхъæдта, æрдæбон ын йæхи куыд

хъахъхъæдта, афтæ. Арв скæсæнæрдыгæй рухс кæнын райдыдта, афтæ сæ раивтой Андрей æмæ Виктор.

Хуры тынтæ сæндзæвыдысты хæхты цъуппытыл, афтæ цыппар лæппуйы схæццæ сты айнæджы сæрмæ. Ихджын фæндаг фæцис, æмæ ныр та хылдысты сур къæдзæхы тигътыл. Лæпputæ раластой сæ лæгдзæфхæдтæ æмæ сæ бафснайдтой рюкзакты.

– Цæй, иу-фынддæс минуты бæрц аулæфæм, – загъта Игорь. – Виктор, цыхт дæумæ ис?

– О, – дзуапп радта Виктор æмæ йæ рюкзакæй цыхт фелвæста. Фæйнæ карсты дзы авæрдта лæппутæм, æркодта сын, йемæ цы цай рахаста, уымæй дæр.

Хур скаст. Бæрæг уыд, зноны хуызæн тæвд бон та кæй уыдзæн. Игорь сыстад æмæ йæ цæст къæдзæхыл ахаста. Рагацау ын хъуыдыгонд уыд, кæуылты хъуамæ схизой, уый, фæлæ ма агуырдта æндæр схизæн дæр. Уый йæ хæс уыд, куыд къорды къухдариуæггæнæгæн. Иннæтæ бадтысты мадзурайæ, æнхъæлмæ кастысты сæ хистæры бардзырдмæ. Игорь йæ рюкзакæй систа къæпсырджын рæхысты баст æмæ цæгджын къæбæлтæ. Стæй скодта йæ рюкзак æмæ цæстæй ацамыдта Сергейæн, цæуæм, зæгъгæ. Уый сыстад. Игорь сласта йæ роны тъыст дзæбуг æмæ райдыдта къæбæл къуырын. Стæй йыл бафидар кодта рæхысы къæпсыр, рæхысы цæджы аласта бæндæны кæрон æмæ сдзырдта Сергеймæ:

– Æз цæуын. Хъахъхъæн мæ.

Сергей йæм йæ сæр батылдта, цæттæ дæн, зæгъгæ. Игорь сæвнæлдта айнæджы цыргъ тигъмæ, йæ къах фæбыцæу кодта къæмбырмæ æмæ райдыдта хæрдмæ хилын. Цалдæр метры куы ацыд, уæд та айнæджы скъуыды бакъуырдта ног къæбæл, бафидар та кодта рæхысы кæрон æмæ араст дарддæр. Сергей йæм каст, йæ цæст дæр нæ ныкъуылдта, афтæмæй.

Иннæтæ дæр æм кастысты, сæ улæфт бауромгæйæ, цыма йæ фыццаг хатт федтой къæдзæхтыл хилгæ, ахæм цымыдисæй. Уымæн йæ алы фезмæлд дæр уыд аив, арæхстджын, зындис ыл йæ бирæ азты фæлтæрддзинад. Игорь æмæ Сергей куы адард сты, уæд уыдон дæр сыстадысты æмæ райдыдтой сæ фæдыл хилын. Андрей йæ хъус дардта Виктормæ.

Хуры тынтæ æндæвтой айнæджы къултæм, æмæ лæппутæ тæвд

кæнын райдыдтой. Иу чысыл фæзбынатмæ куы схæццæ сты, уæд æрбадтысты æмæ раластой сæ хъарм хæдæттæ. Систой сæ рюкзактæ дæр æмæ уагътой сæ фæллад. Ихтæ тайын райдыдтой, æмæ та айнæджы сур фæрстæ ногæй бауымæл сты. Хохы сæрæй хауд иугай дуртæ æмæ, къæмбыртыл æмбæлгæйæ, схъиугæ тахтысты коммæ. Иу дур дзы, айнæджы фахсыл сæмбæлгæйæ, зулмæ фæхауд æмæ æруад Сергейы каскæйыл. Игорь сыстын кодта лæппуты æмæ сæ акодта айнæджы рæбынты. Ууылты цæуынæн зынвадатдæр уыд, фæлæ дзы дуртæй тас нæ уыд. Хохы цыргъ тигътæм куы схæццæ сты, уæд федтой, бацæуæнтæ кæй уыдысты æгæр цæхгæр къул, æмуырдыг тигътыл бацæуынæн сæ хъуыд къæбæлтæ къуырыны æмæ сæхи æрдæбонау бæндæнтæй хъахъхъæныны сæр. Сæ разы слæууыд, йæ дæргъ æртын метры бæрц кæмæн уыд, ахæм къул. Къæдзæхæн йæ иннæ фæрсты бацæуæн нæ уыд, тас уыд дурзæйæ. Уымæ гæсгæ Игорь аскъуыддзаг кодта куыдфæндыйæ дæр къулыл комкоммæ бацæуын. Систа йæ рюкзак, цæмæй йæ ма хъыгдардтаид, стæй цæстæй ацагуырдта, къæбæл кæм бакъуырдтаид, ахæм бынат. Ссардта, гæзæмæ йеддæмæ бæрæг чи нæ дардта, ахæм скъуыд æмæ дзы къæбæл бакъуырдта. Райдыдта хæрдмæ хизын, йæ къухтæй дæрзæгдæр бынæттæм хъавгæйæ. Къæхтыл резинæбын дзабыртæ уыд, æмæ  хъуамæ ма бырыдаиккой къулыл, фæлæ къултæ хуылыдз кодтой уæлейæ лæдæрсгæ донæй, æмæ къæхтæ цъыллиф кæнын райдыдтой. Игорь куыддæрты схылд айнæджы сæрмæ, бакъуырдта та ног къæбæл æмæ райдыдта иннæтæн æххуыс кæнын. Бахъуыд сæ дыууæ сахаты бæрц, цæмæй иууылдæр сирвæзтаиккой, Игорь кæдæм схызт, уыцы бынатмæ.

Дарддæр сын фезмæлæн ничердæмуал уыд. Сæ разы дыууæ цыргъ къæйы æлвæст хъаматау сфардæг сты арвы риуы. Уыдоныл сбырын уыдаид фæцу æмæ ма ‘рцуйы фæндагыл цæуæгау. Се ‘хсæнты абырын та… Кæрæдзимæ æгæр хæстæг уыдысты, æмæ Игорь райдыдта дывæнд кæнын. Къорды уæнгтæй Сергейæ тæнтъихæгдæр ничи уыд, æмæ бакаст уымæ.

– Бафæлвар, æз дæ хъахъхъæндзынæн.

Сергей бæндæны кæрон йæ роныл фæхæцын кодта, иннæ кæрон радта Игорьмæ æмæ алæсыд скъуыды. Игорь хæцыд бæндæныл æмæ йæм каст æдзынæг. Уый кодта цыбырæй-цыбырдæр. Бæндæн куы

фæци, уæд уæлейæ æрыхъуыст дзæбуджы къуырцц-къуырцц, йæ уæлвæд – Сергейы хъæлæс:

– Хъахъхъæнæн бæндæн цæттæ у! Рацу!

…Хур дзæгæрæг кодта. Айнæг сын сæ разы æвæрдта амæй-ай зындæр аиуварсгæнæн ныхдуртæ – раст сын цыма афтæ згъынмæ хъавыд: кæд уæ æрмæст хохы сæрæй афæлгæсын фæнды, уæд ссарут æнцонвадат фæндаг, æз та банхъæлмæ кæсдзынæн сымахæй фæразондæр æмæ ныфсхастдæртæм.

Фæлæ цыппар лæппуйæ æнæныфсхаст ничи разынд, се 'ппæт дæр архайдтой сæ хъаруйыл нæ ауæрдгæйæ, кæрæдзийæн æххуыс кæнгæйæ.

Иу байбыны та куы 'рлæууыдысты, уæд Игорь, йæ сахатмæ æркæсгæйæ, загъта:

– Æхсæз сахаты у, лæппутæ. Цæй, фаг уал уæд абон. Æхсæвиуат кæнæм ацы ран.

Къорды уæнгтæй йын дзуапп ничи радта, се 'ппæт дæр уыдысты тынг фæллад, æмæ æнæ уæлдай ныхасæй сразы сты Игоры фæндоныл. Сергей йæ цæст ахаста байбыныл, цы иугай дуртæ дзы уыд, уыдоныл къахæй фæйнæрдæм ахæцыд, æмæ загъта:

– Цатыр сæвæрдзыстæм ам.

Иннæтæ, цыма Сергейы ныхасмæ æнхъæлмæ кастысты, уыйау, сæ фæллад ницæмæуал даргæйæ, фестадысты æмæ райдыдтой æхсæвбынат цæттæ кæнын.

– Андрей, æхсæвæры агъоммæ уал нын фæйнæ цайы куы бадарис, – загъта Игорь.

Андрей сыгъдæг ихы фæзгъæртæ æрсаста æмæ сæ аджы ныккалдта, стæй йæ фæтæгенæй судзгæ пецыл авæрдта. Уæдмæ иннæтæ арæвдз кодтой цатыр æмæ æрбадтысты цай цымынмæ. Уалынмæ сцæттæ æхсæвæр дæр. Кæрдзын хордтой æнæдзургæйæ. Æхсæвæры фæстæ уайтагъд абырыдысты фынæйгæнæн голджыты. Сæ абоны фæллад сыл афтæ æртæфст, æмæ, куыд афынæй сты, уый хатгæ дæр нæ фæкодтой. Æрмæст нæ фынæй кодта Игорь. Уый хуыссыд уæлгоммæ, цатыры рудзынгæй каст хæхты цъуппытæм æмæ стъалыджын арвмæ. Каст, æмæ йæ йæ хъуыдытæ хастой сæхимæ, йæ бинонтæм.

* * *

Игорь æмæ Нинæ сæ цард баиу кодтой, Игорь ма цыппæрæм

курсы куы ахуыр кодта, уæд. Чындзæхсæв скодтой сæрды фæстаг сессийы фæстæ. Чындзæхсæвы фæстæ æрцыдысты Ирыстонмæ. Игоры фæндыд Нинæйæн хæхтæ бауарзын кæнын. Иу къаннæг хæххон хъæуы баххуырстой фатер. Райсомæй-иу куыддæр ходæн бакодтой, афтæ-иу ацыдысты тезгъо кæнынмæ. Фæзылдысты-иу дидинæгджын уыгæрдæнты, стæй-иу сæ фæллад суагътой фынккалгæ цæугæдоны былыл.

Иурайсом ацыдысты хæхтæм дæр. Нинæ фыццаг хатт федта сæрдыгон мит – уыцы мит æм, зымæгон Уырысы тыгъд быдырты цы мит вæййы, уый хуызæн уазал нæ фæкаст.

– Цæй диссаг у! Сæрд æмæ мит… Цæй, æмæ митын къуыбæрттæй ахъазæм, – йæ зæрдæйы циндзинад тыххæй уромгæйæ, дзырдта Нинæ.

Мит уыд фæлмæн, æмæ дзы къуыбæрттæ кæнын æнцон уыд.

– Тынг мыл сæ ма цæв, – миты къуыбæрттæй йæхи тылиф кæнгæйæ, хъæр кодта Игорь Нинæмæ, фæлæ уый нæ саст.

– Сабийау ма ку, – кæл-кæл кодта Нинæ. – Альпинист куы дæ…

– Дæ зæрдæмæ цæуынц? – ацамыдта йын Игорь митæмбæрзт хæхтæм, хъазт куы фесты, уæд.

– Тынг, – йæ мидбылты æхсызгон худт кодта Нинæ.

– Фæнды дæ уырдæм?

– Кæд, ныртæккæ?

– Нæ, æз дæ æнæуи фæрсын. Фæнды дæ хæхтæм цæуын?

Нинæ хъуыдыты анығъуылд, стæй, хæхтæй йæ цæстæнгас нæ атонгæйæ, ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Нæ, мæ бон нæ бауыдзæн.

– Цæуылнæ? Хæхтæ дæ зæрдæмæ цæуынц: уæдæ, сылгоймаг уæвгæйæ, æнæхъару дæр нæ дæ, де ‘нæниздзинад та – табу Хуыцауæн…

– Раст зæгъыс, мæ зæрдæмæ цæуынц, тынг рæсугъд у ам, адæймаджы цæст йæхимæ ‘лвасынц, фæлæ… мæнæн мæ зæрдæмæ Уырысы тыгъд быдыртæ тынгдæр цæуынц. Æнæниздзинад та?.. – хъуыдыгæнгæ нымдзаст хæхтæм. – Цæмæй уырдæм схизай, уый тыххæй æрмæст æнæниздзинад фаг нæу. Хæхтæ мæм цæмæндæр хæстон мæсгуыты хуызæн кæсынц, æмæ сæ цæмæй басæттай, уый тыххæй хæстон хъуамæ уай. Æз та хæстон нæ дæн, æз дæн хуымætæджы сылгоймаг.

Нинæ йæ хъуыды загъта комкоммæ æмæ фæндфидарæй. Альпинистты лагерьмæ цы чызджытæ бахауы, уыдонмæ райдианы вæййы

рæсугъд романтикон сæнттæ, фæлæ дзы уыцы дæсныйадыл стæмтæ йеддæмæ ничи ныххæцы. Уымæ гæсгæ Нинæ хæхтæм йæ ахаст равдыста æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ.

Фесты йæ сæрды улæфты бонтæ. Нинæ æмæ Игорь æрцыдысты Дзæуджыхъæумæ æмæ поездмæ билеттæ райстой. Билеттæ сæ дыккаг бонмæ кæй нал фæцис, уымæ гæсгæ Игорь аскъуыддзаг кодта сæхимæ ацæуыны размæ бон Нинæйы Дайраны коммæ акæнын.

Дыккаг бон ацыдысты автобусыл. Фæндаг цыд Дайраны комыл. Комы куыд арфдæр цыдысты, афтæ хæхтæ кодтой бæрзондæй-бæрзонддæр. Нинæ каст рудзынгæй, æмæ йæ нал фæндыд алфамбылайы рæсугъддзинадæй йæ цæстæнгас атонын. Автобус ахызт Терчы доны сæрты хидыл æмæ æрлæууыд Сæнайы хохы бын. Нинæ æмæ Игорь æрхызтысты автобусæй æмæ сæ цæст ахастой Сæнайы хохыл. Хохæн йæ хуссарварс иу чысыл хæххон хъæуы сæрмæ къæдзæхы тигъыл зынд зæронд аргъуан.

– Уый Пушкины «Моладзандон Хъазыбеджы хохыл» у, – загъта Игорь.

– Цом, схизæм æм, – фæцæттæ Нинæ.

Хъамылты, къæдз-мæдзы къахвæндагыл фæхæрд кодтой аргъуаны ‘рдæм. Аргъуанæн уыд къуырф, æмдымбыл цар. Йæ къултæ рыг æмæ сæджы бын раджы фесты æмæ зындысты фæныкхуызæй. Нарæг рудзынгæй кæсгæйæ дзæбæх зынд комы алы фæзилæн дæр. Ацы аргъуанмæ раджы заманы цыдысты кувынмæ, фæлæ-иу сæм тыхгæнæг куы ныббырста, уæд-иу дзы спайда кодтой мæсыджы бæсты дæр. Бæзджын, дойнаг дурæй амад къултæ-иу сæ алы хатт дæр бахъахъхъæдтой фыдызнæгтæй.

– Ацы аргъуан мæм кæсы згъæрхудджын бæгъатыры хуызæн. Лæууы сæрыстырæй æмæ хъахъхъæны комбæсты, – загъта Игорь, аргъуанæй куы рахызтысты æмæ та сæ цæст алфамбылайыл куы ахастой, уæд.

– Скæс-ма, куыд бæрзонд у кæнæ цас мит ис йæ сæрыл, – ацамыдта йын Нинæ хохы сæрмæ. – Искуы дзы уыдтæ?

– Фарон сæрды йæм схызтыстæм.

– Хæрзаг, уырдыгæй акæсгæйæ, фенæн ис æгас Кавказ.

– Æвæццæгæн. Махæн боныхъæд нæ къух нæ саразта – мигъ бон уыд.

Стæй сбадтысты, Дзæуджыхъæумæ чи цыд, иу ахæм рог машинæйы.

…Тæккæ уалдзæджы æмбисы райгуырд сæ чызг Катя. Бинонтæ иуыылдæр се ‘ргом аздæхтой чысыл сабимæ. Игоры фæндыд сылгоймæгтæн æххуыс кæнын, фæлæ йæ уыдон никуы батыхсын кодтой, уадз æмæ йæ ахуыры хъуыддаг кæна, зæгъгæ. Игорь фæуд кодта институт. Андреимæ сæхи уæхскуæзæй цæттæ кодтой фæлварæнтæм, фæлæ уæддæр сæхи нæ тылиф кодтой цæттæгæнæнтæй. Æниу уыцы аз Игорь нæ фæнд кодта хæхтæм ацæуын – куыд ныууагътаид Нинæйы æртæмæйдзыд сывæллонимæ. Фæлæ, йæ институт куы фæцис æмæ йæ диплом куы райста, уæд ын æркой кодта Нинæ:

– Цы хъуамæ аразай æнæхъæн мæй хæдзары? Ацу хæхтæм, дæхи аирхæфс. Андреитæй дæр худинаг у.

– Æмæ ды та? Куыд архайдзынæ сывæллонимæ? – диссаджы бузныг дзы фæцис Игорь.

– Мах мæт ма кæн, æххуысгæнджытæ мын уыдзæн, мæ мад мæ цуры нæй æви?.. Æрмæст дæхи хъахъхъæн, дæ чысыл чызджы сидзæрæй ма ныуадз.

Игорь æй æрбахъæбыс кодта.

– Ма мын тæрс, мæхи Нинæ. Стыр бузныг дын, кæй мæ уадзыс, уый тыххæй. Æз дæу тынг уарзын, Нинæ! – загъта ма æмæ фæдзырдта Андреймæ.

Уæдæй фæстæмæ, кæд сын дыккаг сывæллон дæр фæзынд æмæ Нинæйæн йæ хæдзары куыстытæ фæфылдæр сты, уæддæр никуы бакъуылымпы кодта йæ мойы. Игорь раздæрау цыд хæхтæм, иу сæрд дæр никуы ауагъта. Иуахæмы йæ йæ раздæры æмбæлттæй чидæр фæрсгæ дæр бакодта:

– Куыд ма дæ уадзы дæ ус хæхтæм?

– Мæ ус иннæты хуызæн æнæмбаргæ нæу, мах кæрæдзи æмбарæм.

– Тæхудиаг дæ, мæныл та мæ ус сахсæн сæвæрдта. Хæхты кой йын куы скæнын, уæд йæ загъдæй нал æмæ нал фенцайы. Æз дæр мæ къух ауыгътон альпинизмыл – цы бон мæ ис…

…Игорь йæ мысинæгты афтæ ныддздзæгъæлтæ, æмæ зонгæ дæр нæ бакодта, рæстæг æмбисæхсæвæй куыд ахызт, уый. Хуыссыд уæлгоммæ æмæ хъуыста йе ‘мбæлтты улæфтмæ. Уымæн йæ зæрдæ рухс уыд сæ абоны балцæй.

«Цæй, фынæй афон у», – ахъуыды кодта æрæджиау æмæ æрзылд йæ иу фарсыл.

* * *

Дыккаг бон дæр хуры скастыл сæмбæлдысты фæндагыл. Нырма цыдысты, дурзæйæ тас кæм нæ уыд, ахæм бынæтты, фæлæ хохæн йæ хуссарварсмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ сæрты тæхын райдыдтой иугай дуртæ, æмæ лæппутæ бамбæрстой, хорз рæтты цыд кæй нæ фесты.

Дурзæй цы нысан кæны, уый Андрей йæхиуыл бавзæрста. Фондз азы размæ цыдысты Лæугæ хохмæ. Уыдысты æхсæзæй. Семæ ма уыд иу дзæуджыхъæуккаг ирон лæппу дæр, хуыдтой йæ Мурат. Иннæ дыууæ лæппуйы уырыссæгтæ уыдысты. Ихджын айнæгыл хилгæйæ, Андрей цыд разæй. Иуафон хохы сæрæй рахауд чысыл дур. Андрей хæрдмæ фæкаст æмæ ауыдта, æндæр дуртæ дæр кæй базмæлыдысты. Уый йæхи балхъывта къæдзæхы фарсмæ, ихлыггæнæн фæрæтæй йæ сæр хъахъхъæнгæйæ. Иу стыр дур дзы сæмбæлд йæ къахыл. Лæппу дуры цæф нæ баурæдта æмæ абырыд йæ фазыл. Игорь фидар хæцыд хъахъхъæнæн бæндæныл, æндæра йæ дурзæй комы нарæджы амидæг кодтаид. Тыхамæлттæй ма йын бантыст æдасдæр бынатмæ сирвæзын, стæй… Къахы судзгæ рыст рæхуыста зæрдæйы рæбынмæ, йæ туг фемæхст.

– Хæйрæджы хай фæу! – сирвæзт дзы йæ фыр тыхстæй. Стæй йæ сæры ферттывта тæссаг æмæ удмарæг хъуыды: афтæ тагъд нал слæудзæн йæ къахыл, нал ын ис дарддæр цæуæн, уый та нысан кæны, ацы аз ын кæй нал бантысдзæн хохы сæрмæ схизын. Йæ хъустыл, цыма йæм арф уæрмæй дзырдта, ауад Игоры хъæлæс:

– Андрей, дæхи фæфидар кæн, фæцæуæм дæм!

Йæ хъæдгомыл ын сæвæрдтой ихы фæзгъæр, цæмæй туг мауал цыдаид. Уый фæстæ йын æй бабастой, фæлæ йын йæ рыст нал урæдта.

– Лæппутæ, тагъддæр нæхи айсæм ардыгæй, гæнæн ис, æмæ рацæуа ног зæй, – загъта Игорь.

Æрталынгмилтæ, афтæ йæ куыддæртæй æрхæццæ кодтой коммæ. Дыккаг бон æй сæумæцъæхæй æрхастой лагерьмæ æмæ йæ аластой Дзæуджыхъæуы рынчындонмæ. Уыцы бон йæ уавæр ноджы февзæрдæр. Къахы стæг пырх разынд. Дохтыртæ йæ райдыдтой операцимæ цæттæ кæнын. Операцийы фæстæ йæм бацыдысты лæппутæ. Андрей сын, йæ рыст тыххæй уромгæйæ, хъаст кодта:

– Кæцæй мæм каст ацы бæллæх… Ныр мæ, цæмæй зонын, кæд афысдзысты рынчындонæй. Ме ’нæзонгæ сты дохтыртæ – райдайдзысты æфсæнттæ кæнын. Уыдоны бынтондæр не ’ндавы, мæныл, хæхтæм тырнгæйæ, рæстæг кæугæйæ кæй цæудзæн, уый.

– Цы дæ фæнды, æппæт дæр хъысмæтæй кæнгæ у. Дохтырты та сæхи бар уадз. Уыдон куынæ уыдаиккой, уæд дæм цы ’нхъæлмæ каст, уый зоныс? Цæрæнбонтæм цæнкуылæй æрвыстаис дæ бонтæ. Хорз у, æмæ дæм рæстæгыл æркастысты, æндæра тас уыд, дæ къах лыг кæнинаг куы фæуыдаид, уымæй. Ныр та тыхсгæ ма кæн, слæудзынæ дæ къахыл. Дæ дохтыртæн та цæрæнбонты кувгæ кæндзынæ, – дзырдтой йын лæппутæ.

Игорь хъавгæ æрбадт йæ дæлфæдтæм, æмæ йын ныккаст йæ цæсгоммæ.

– Тыхсгæ ма кæн, Андрей. Æз ныхас кодтон дæ дохтыримæ, æмæ мын ныфс бавæрдта, тагъд рæстæджы дæ къахыл кæй слæудзынæ, уымæй. Стæг, дам, тагъд бандидздзæн. Куыд у, риссы ма дын?

– Куыд æй уромын, афтæ, – йæ мидбылты тыхсаст худт бакодта Андрей. – Игорь, курын дæ, хæдзармæ куы ныффыссай, уæд мæн тыххæй кой дæр ма скæн. Мæ мадмæ фæстæдæр мæхæдæг ныффысдзынæн. Ныр та цæугæут лагерьмæ, мæн уæ сæр нал хъæуы, стыр бузныг уе ’ххуысæй. Ма никъкъуылымпы кæнут уæ хъуыддаг.

Лæппутæ ма иудзæвгар абадтысты йæ цуры, стæй йын «хорзæй баззай» загътой æмæ ацыдысты.

Андрей та анығъуылд рынчындоны царды æнтъыснæгдзинады. Уæддæр хорз уыд, æмæ, йемæ палатæйы цы рынчынтæ хуыссыд, уыдон æй æнкъард кæнын нæ уагътой, цыбыр рæстæгмæ схæлар семæ. Уыдон се ’ппæт дæр разындысты хъæлдзæг æмæ, кæрæдзийы ирхæфсгæйæ, æрвыстой сæ рæстæг.

Андрейы тынг хъыгдардта йæ къахы рыст, боныгон ма куыддæрты быхста, фæлæ æхсæвыгон, иннæтæ-иу куы бафынæй сты, уæд-иу ыл тынгдæр æртæфст, æмæ-иу æхсæв-бонмæ рафт-бафт кодта йæ хуыссæны. Ахæм рæстæг-иу ын скодтой рыстуромæн уколтæ, æмæ-иу уæд бонæрдæм чысыл афынæй.

Андрейæн иу уысм дæр йæ хъуыдыйæ нæ хицæн кодтой йе ’мбæлттæ. Гом рудзынгæй-иу æм сыфтæрты сыбар-сыбур куы ’рбайхъуыст, уæд-иу æй йæ хъуыдытæ ахастой хæхтæм. «Дымгæ дымы хæхты

‘рдыгæй, – ахъуыды-иу кодта йæхинымæры. – Ныртæккæ уыцы хæхты хъуамæ уаин æз дæр ме ‘мбæлттимæ, фæлæ… Æмæ цæй тыххæй? Цы фæрæдыдтæн хъысмæты раз, цæмæн мын ныббаста ме уæнгтæ сынтæгмæ? Афонмæ ме ‘мбæлттæ здæхынц хохæй. Се ‘ппæт дæр – фæллад, фæлæ хъæлдзæг, зæрдæрухс. Кæд сæ балц сæхи фæндиаг рауад, уæд та сæ кæрæдзийы арæхстдзинадæй æппæлдзысты. Мæн та… мысдзысты мæ, кæй зæгъын æй хъæуы. Фæрсдзысты кæрæдзийы: «Цымæ, афонмæ цытæ хъуыды кæны Андрей та?» Æз та хуыссын уæлгоммæ æмæ хъизæмар кæнын».

Иубон та йæм фæзындысты æмбырдæй. Кæрæдзийыл фаг куы фæцин кодтой, уæд сæ афарста æнæрхъæцæй:

– Цæй, куыд, Лæугæ хохмæ ссыдыстут?

Игорь йæ сæр æнæдзургæйæ батылдта, ома ссыдыстæм. Иннæтæ дæр бадтысты мадзурайæ.

– Мурат, Андрейы кæнæм дæ бæрны. Ды ам уыдзынæ æмæ-иу æм дæ хъус фæдар. Абæрæг-иу æй кæн рæстæгæй-рæстæгмæ. Рынчындонæй йæ куы рафыссой, уæд æй сбадын кæн поезды, – загъта æрæджиау Игорь.

…Андрей йæ мадмæ ныффыста, цыма фæндаггон бæллæхы бахауд æмæ йæ къах чысыл бахъыгдард. Ныфс ын бавæрдта, тагъд рæстæджы кæй фæзындзæн сæхимæ. Мурат æм арæх цыд рынчындонмæ. Бирæ цæуылдæрты-иу фæдзырдтой, фæлæ Мурат цæмæдæр гæсгæ йæхи хызта хæхты кой скæнынæй. Уый хорз зыдта, хæхты алы скойæ дæр Андрейы мастыл кæй æфтдзæнис дывæр маст.

Дыууæ мæйы фæстæ Андрей сыстад æмæ райдыдта лæдзджыты ‘нцой цæуын. Дохтыртæ æмæ йын иннæ рынчынтæ æххуыс кодтой æнæ лæдзджытæй цæуынæн дæр, фæлæ нырма æдас нæ уыд, кæронмæ чи нæ бахсыст, уыцы стæг куы фæхъыгдард уыдаид, уымæй.

Иу мæйы фæстæ йæ рафыстой рынчындонæй. Мурат ын поездмæ билет райста æмæ йæм æрбацыд йæ кæстæр æфсымæримæ. Андрей азылд палатæйы рынчынтыл æмæ сын сæ къухтæ райста. Дохтыртæ йæ рахизын кодтой рынчындоны кæрты дуары онг.

– Куы фæфидардæр уай, уæд фæстæмæ ацæудзынæ хæхтæм? – бафарста йæ, операци йын чи скодта, уыцы хирург.

– Нæ зонын, – дзуапп ын радта Андрей.

– Ацæудзынæ, – фидарæй йын загъта хирург. – Альпинизм дæр,

хосгæнæн кæмæн нæй, ахæм «низ» у. Дзæуджыхъæуы-иу куы уай, уæд-иу мæм фæзын уазæгуаты. Ардæм нæ, кæй зæгъын æй хъæуы, – хæдзармæ. Мурат зоны, кæм цæрын, уый.

– Стыр бузныг, æнæмæнг бацæудзынæн.

Рог машинæ æрлæууыд кæрты дуармæ. Андрей сбадт шофыры фарсмæ, сбадтысты Мурат æмæ йæ кæстæр æфсымæр дæр.

– Фæндараст ут! – загъта дохтыр æмæ йæ тыхджын къухæй бавнæлдта Андрейы уæхскмæ.

Вокзалы уыд бирæ фæндарастгæнджытæ. Мурат бацыд Андрейы дæларм, афтæмæй йæ бахизын кодтой купейы онг. Æртæ лæппуйы æрбадтысты купейы фæлмæн бандæттыл, стæй, поезды цæуын афон куы ‘рхæццæ, уæд Мурат æмæ йе ‘фсымæр сыстадысты.

– Хорзыл амбæл, Андрей. Игоритæн фехъусын кæндзынæн, æмæ дыл фембæлдзысты. Дæхæдæг дæр… Зонын æй, фыссын нæ уарзыс, фæлæ-иу ныффысс, – загъта Мурат æмæ атыхст Андрейыл. – Фенынмæ. Фидæн сæрды дæм æнхъæлмæ кæсдзыстæм.

Поезд анкъуыст. Андрей бадт рудзынджы цур æмæ йæ цæстæнгас нал иста фæсте зайæг хæхтæй. Каст сæм, æмæ йæхимидæг аскъуыддзаг кодта, фидæнмæ сæм æнæмæнг кæй фæзындзæн.

Игорь æмæ йæм Сергей æцæгæйдæр æнхъæлмæ кастысты æфсæнвæндаджы станцæйы. Бакодтой йæ суанг хæдзары онг. Андрейы йæ мад лæдзджытимæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ суынгæг æмæ цæссыг калгæ ныттыхст йæ фыртыл.

– Андрей, мæ хъæбул!..

– Æрмæст кæугæ нæ, гыцци, – сабыр æй кодта фырт.

– Ма йын тæрс, ныр æнæниз у, – æмдзыхæй сдзырдтой Игорь æмæ Сергей дæр.

– Уæдæ ма ацы лæдзджытæ… – йæ кæуын тыххæй уромгæйæ, сдзырдта мад.

Дзæвгар рæстæджы дæргъы се ‘ртæ дæр архайдтой йе ‘рсабыр кæныныл. Загътой йын, къахы саст тынг хорз кæй байгас, дохтыртæ йын кæй загътой, кæй йæ никуы бахъыгдардзæн, зæгъгæ. Сылгоймаг сæм хъуыста, æмæ иучысыл æрсабыр йæ зæрдæ, фæлæ, уый фæстæ æмбырдæй фынгыл куы сбадтысты, уæд фæндфидарæй балхынцъ кодта йæ хъуыды:

– Уæдæ афтæ, мæ хъæбул, нырæй фæстæмæ никуыуал ацæудзынæ

хæхтæм! Цы дыл æрцыд, уый дын зонд-зонæн фæуæд. Дарддæр та зон, хъысмæтимæ тохгæнæн кæй нæй, уый.

– Ам хъысмæт ницы даві, гыцци, – Андрей ацархайдта йæ мады хъуыды фæивынил, фæлæ йæ уый сыбыртт скæнын дæр нал суагъта:

– Банцай! Æз дын нал ратдзынæн уырдæм ацæуыны бар.

– Æз чысыл лæппу нал дæн, гыцци, – ныллæг хъæлæсæй та сдзырдта Андрей.

– Ды мæнæн чысыл лæппу дæ, æз дæ схъомыл кодтон, æмæ мын уый бар ис, цæмæй дын зæгъон мæ хъуыды: ды хæхтæм никуыуал ацæудзынæ! – цæхгæр загъта мад.

– Раст дын зæгъы дæ мад, Андрей, æз дæр разы дæн йемæ, дæуæн хæхтæм цæуæн нал ис, – загъта Игорь.

– Æз дæр афтæ хъуыды кæнын, – йæ ныхасы хай баппæрста Сергей дæр.

Андрей бамбæрста, Игорь æмæ Сергей барæй кæй дзырдтой афтæ. Ныртæккæ зæрдæрыст мады ныхмæ цæуын æмæ йемæ быцæу кæнын уыдон канд æнæпайдайыл нæ нымадтой, фæлæ ма æгъатырдзинадыл дæр. Цъус маст нæ бавзæрста, мыййаг, йæ лæппуйы хабар куы фехъуыста, уæдæй фæстæмæ. Уадз æмæ йæ зæрдæ фæфидардæр уа сæ ныхæстæй, зæгъгæ, хъуыды кодтой лæппутæ. Афтæ хъуыды кæнын райдыдта Андрей йæхæдæг дæр æмæ бадт æнæдзургæйæ.

Андрей лæдзджытимæ йæ куыстмæ куы фæзынд, уæд ыл йе 'мкусджытæ сæмбæлдысты, хæсты быдыры фесгуыхæг хъæбатырыл куыд фембæлынц, ахæм цытимæ. Сарæх сты алыхуызон фæрстытæ æмæ медицинон зондамонæнтæ. Уыдон æм кастысты ахæм цæстæй, цыма, уый цы бавзæрста æмæ уый кæуыл фæуæлахиз, ахæм хъуыддаг уыдонæй ничи сфæрæзтаид. Андрейæн ырма зын уыд æрвылбон куыстмæ цæуын, фæлæ йе 'мкусджытæй сæ иу йæ цуры цард æмæ-иу æй аласта машинæйæ.

Æрбалæууыд зымæг, Андрейы лæдзджыты сæр нал хъуыд, фæлæ цыд арæхстгай. Йæ къах æй нырма бирæ лæууын кæнæ цæуын нæ уагъта, уайтагъд-иу йæ уæраджы кæхц æндзыг кæнын райдыдта, æмæ йæ уый фæлмæцын кодта. Искуы-иу искæй лæдзæгимæ цæугæ куы федта, уæд-иу æм нымдзаст тæригъæдгæнгæ. Иуахæмы, автобусы рудзынгæй кæсгæйæ, ауыдта, къæхтæ кæмæн нæ уыд, ахæм ацæр-

гæ лæджы йæ лæдзджытæ куыд фæсайдтой æмæ бырынцъаг ихыл дæлгоммæ куыд ахауд. Чи йæм каст, уыцы адæмæй йын алчи дæр фæтæригъæд кодта, фæлæ уæлдай тынгдæр фæрыст Андрейы зæрдæ. Уыцы уысм уымæй тынгдæр ничи бамбæрста æнамонд адæймаджы зæрдæйы уаг.

Сæрды Андрейы æмбæлттæ сæхи цæттæ кæнын райдыдтой хæхтæм. Уый та Андрей базыдта бынтон æнæнхъæлæджы. Иуизæр Игоры куы абæрæг кодта, уæд æм баййæфта цалдæр лæппуйы. Уым уыдысты Сергей æмæ Барис дæр. Уыдон тæрхон кодтой сæ балцы хъуыддæгтыл. Ныхасы йæхи фæхæццæ кодта Андрей дæр, æмæ лæппутæ бамбæрстой, уый дæр кæй фæнд кæны семæ ацæуын. Æхсæвæры фæстæ лæппутæй алчи йæ хæдзар куы бацагуырдта æмæ уынджы куы фæхицæн сты, уæд Игорь фæурæдта Андрейы:

– Куыд бамбæрстон, афтæмæй фæнд кæныс ацы аз немæ рацæуын?

– О, – бакаст æм мидбылхудгæ Андрей.

– Æмæ дæ мад… Сразы уыдзæн?..

Андрей хъуыдыты ацыд.

– Аныхас кæнын бахъæудзæн йемæ. Хъуамæ йæ сразы кæнон, – загъта æрæджиау.

– Æрмæст ын æвиппайды ма зæгъ дæ хъуыды. Бацæттæ йæ кæн. Йæ цуры арæхдæр кæн хæхты кой. Цадæггай йын æй бамбарын кæн, æнæ уыдон дын тынг зын кæй уыдзæн. Æркой йын кæн, хæххон сыгъдæг уæлдæф дæ удыхосау кæй хъæуы. Чи зоны, фæсæтта.

Иуцалдæр боны фæстæ, æхсæвæр кæнгæйæ, Андрей арф ныуулæфыд æмæ бакаст йæ мады цæстытæм.

– Тагъд райсдзынæн отпуск…

– Ацу денджызы былмæ, баулæф.

– Цас дзы баулæфдзынæн? Дыууæ боны, иу къуыри, стæй… Лæг куыдзы фæлмæцыд суыдзæн æмæ…

– Уæд та дæхи æндæр искуы аирхæфс, – загъта мад.

– О, фæлæ кæм? – йæхи сбуцтæгæнæг кодта лæппу.

– Андрей, æз хорз зонын, дæхи кæдæм æппарыс, уый. Чысыл дæ фæцис хæхты азарæй? – фæбæрзонддæр мады хъæлæс.

– Иугæр иу хатт басыгътæн сæ азарæй, уæд мæм дзы дыккаг хатт нал æрхаудзæнис. Денджызы та… Дæхæдæг æй хорз зоныс, хæхтæй денджызы фылдæр адæм кæй мæлы.

Уыцы изæр ын мад загъта цæхгæр «нæ». Фæлæ та йын цалдæр боны фæстæ Андрей æркой кодта ногæй:

– Зоныс, гыцци, мæнæн мæ бон уыд, æмæ дын сразы уыдаин денджызы былмæ улæфынмæ ацæуыныл, мæхæдæг та афардæг уыдаин хæхтæм, фæлæ мæ дæ фæсайын нæ бафæндыд.

Уыцы ныхас басаста мады, æмæ ницыуал зæгъын сфæрæзта йæ фырты ныхмæ. Æмæ июлы æмбисы Андрей йе ‘мбæлттимæ ацыд Ирыстонмæ.

Ныр, фондз азы размæ æрцæугæ цау æрымысгæйæ, Андрей архайдта арæхстджындæрæй. Æмбисбон цыппар лæппуйы æрбадтысты иу чысыл фæзуаты æмæ райдыдтой сихор кæнын. Рюкзактæй систой цыхт æмæ кæрдзыны хустæ. Сергейы рюкзакы ма разынд тахынæджы лыггаг дæр, æмæ йæ æркарста тъæпæн дуры уæлæ. Уалынмæ сæ хъустыл ауад цæйдæр уынæр. Уынæр кодта тыхджынæй-тыхджындæр, æмæ лæппутæ фестадысты. Тигъæй акастысты галиуæрдæм æмæ федтой, сыхаг хохы сæрæй кæй рацыд дурзæй. Дурты змæлдмæ фескъуыд мит дæр, æмæ, уæлдæфы цы митрыг сыстад, уый хуры тынтæм тæмæн æрттывд кодта. Лæппутыл æрбадымдта уазал уддзæф.

– Андрей, дæ зæрдыл нал лæууы, Памиры хæхты ныл цы зæй рацыд, уый? – бафарста Игорь Андрейы.

Андрей йæ сæр æнæдзургæйæ батылдта.

Уыцы хабар æртæ азы размæ æрцыд. Уæд Андрей æмæ Игорь экспедицийы уыдысты, семæ ма уыд дæс адæймаджы. Къорд цыд Дарвазы бæрзæндтæм, лæгæрстой арф миты. Хаттæй-хатт-иу ронбасты онг дæр аныгъуылдысты уыцы арф миты. Уæлдай зындæр уыд, разæй чи цыд, уымæн. Къорды уæнгтæ се ‘ппæт дæр ныффæлладысты, улæфт сын нал фаг кодта. Алкæй дæр сæ фæндыд фæлмæн митыл уæлгоммæ схуыссын. Хуысс æнæзмæлгæйæ, æрмæст улæф æмæ улæф, афтæмæй кæс арвмæ. Дарваз хæйрæджыты хай фæуæд! Фæлæ кæрæдзийы æфсæрмæй фæрæзтой. Лæгæрстой, сæхинымæры сæхицæн ныфсытæ æвæргæйæ. Чысыл ма, æмæ схиздзысты гæмæхтæм, уым мит бирæ нæ лæууы, уайтагъд æй дымгæ фелвасы. Уым, гæнæн ис, æмæ сæ фæллад дæр суадзой. Цæмæй сæ хидмæцъæл уæнгты уазал ма бацæуа, уый тыххæй фæйнæ тæвд цайы дæр ануаздзысты æмæ стæй улæфтæй дарддæр кæндзысты сæ фæндаг.

Андрей цыд Игорæй иу-дæс метры дæрддзæфдæр. Иуафон йæ

хъустæ акъуырма сты цавæрдæр тыхджын уынæрæй. Скаст уæлæмæ æмæ ауыдта, мит стыр мигъы къуыбарау кæй фессæста се ‘рдæм. Лæппутыл нырма рауылæн кодта зæйы уазал дымгæ, стæй сæ мит йæ быны æрнуæрста, афтæмæй сæ скъæфта комы ‘рдæм. Цалдæр уысмы фæстæ ныссабыр æппæт дæр. Андрей йæ цæстытæ байгом кодта, фæлæ ницы федта йæ алфамбылай. Цæсгом уыд над миты бын. Ацархайдта сулæфыныл, фæлæ йæ ком айдзаг æрмæстдæр миты рыгæй. Къухтæ æмæ къæхтæ фезмæлын нал куымдтой, фæлæ уæддæр йæ тых, йæ бонæй ацархайдта. Йæ амондæн æй зæй иуварс аппæрста, уым та мит тæнæгдæр уыд, æмæ йын куыддæрты бантыст йæхи миты уацарæй ссæрибар кæнын. Стæй, тыхулæфтгæнгæ, æрхауд миты уæлæ.

«Æнхъæлдæн, æмæ аирвæзтæн, – уыд йæ фыццаг хъуыды, стæй рабадт æмæ йæ цæстæнгас фæйнæрдæм ахаста. «Кæм ис Игорь, кæм сты иннæ лæппутæ?» – ферттывта йæ сæры.

Игорь хуыссыд йæ фæсонтыл æнæзмæлгæйæ Андрейæ чысыл фалдæр.

– Игорь! – йæ хъæлæсыдзаг æм ныхъхъæр кодта Андрей, фæлæ йын уый дзуапп куынæ радта, уæд æм райдыдта йæ фазыл бырын. Игорь хуыссыд цъындцæстæй, Андрей йын бавнæлдта йæ цонджы хъулмæ. Куы базыдта, лæппу удмидæг ис, уæд æй йæ тых, йæ бонæй бауыгъта:

– Игорь!

Уый сындæггай байгом кодта йæ цæстытæ. Андрей йын ацагъта йæ цæсгомы миттæ æмæ йæ рабадын кодта. Игорь бавнæлдта йæ сæрмæ æмæ йæ цæсгом сæнцъылдтæ кодта.

– Исты ныццавтай? – афарста йæ Андрей.

– Æнхъæлдæн, мæ сæр. Риссы…

– Хорз у, æмæ дæу дæр иуварс ахаста, æндæра…

– Куыд сты иннæтæ?

Андрей та фæйнæрдæм акаст. Уæдмæ иннæ лæппутæ дæр иугай-дыгай хылдысты миты бынæй. Андрей сæ райдыдта нымайын. Æмæ лæппу фæсонтау:

– Игорь, дыууæ лæппуйæ никуы зынынц!

…Райдыдтой сæ агурын над миты бын. Цас рæстæг рацыд, уый Андрей нæ бахъуыды кодта, фæлæ уалынмæ кæйдæр цæстытæ андæгъдысты миты бынæй зынæг бæндæны кæроныл. Се ‘ппæт дæр бакалдысты уыцырдæм. Райдыдтой къахын. Дыууæ лæппуйы дæр

разындисты уыцы ран. Ӕвӕццӕгӕн, зӕй куы рацыд, уӕд ма сӕ фыр тыхстӕй фӕлӕбурдтой кӕрӕдзимӕ ӕмӕ не суагътой кӕрӕдзийы, цалынмӕ сӕ мит йӕ быны ныгӕдта, уӕдмӕ. Лӕппутӕ ма сӕ райдыдтой ратил-батил кӕнын, фӕлӕ дзӕгъӕлы, ӕгӕр бирӕ рӕстӕг баззадысты миты бын ӕмӕ… Сӕ бон сын баххуыс кӕнын ницӕмӕйуал баци.

Систой мӕрдты ӕмӕ сӕ зӕрдӕрисгӕйӕ ӕрхастой коммӕ…

…Уӕдӕй фӕстӕмӕ Андрей йе сӕфт федта митӕй.

– Цӕй диссаджы бон скодта абон, уары фӕлмӕн ӕмӕ хӕмпус мит, – загъта иуахӕмы Андрейы ӕмкусджытӕй чидӕр, рудзынгӕй ӕддӕмӕ кӕсгӕйӕ.

Андрей арф ныуулӕфыд.

«Сымах нӕ федтат, уыцы хӕмпус мит цас ӕнамонддзинад ӕрхӕссын зоны, уый!» – йӕхинымӕры ахъуыды кодта лӕппу, фӕлӕ ӕргом ницы сдзырдта. Уый ӕмбӕрста, ахӕм тӕссагдзинад йӕхи цӕстӕй чи нӕ фена, уымӕн ӕй нӕ бауырнын кӕндзынӕ.

Ныр дӕр, Игоритимӕ лӕугӕйӕ ӕмӕ митзӕйы фӕдтӕм кӕсгӕйӕ, Андрей лӕууыд ӕмырӕй. Ницы дзырдта Игорь дӕр. Уымӕн дӕр, ӕвӕццӕгӕн, йӕ зӕрдыл ӕрлӕууыдысты уыцы цӕрынхъуаг лӕппутӕ, ӕмӕ нырхӕндӕг, ныхъхъуыста йӕхимӕ.

*Уырыссаг ӕвзагӕй ГӔБӔРАТЫ Юрийы тӕлмац*

*Уыдзӕн ма*

*БАГАТЫ Аврам*

# ХЪУЫРНАТЫ ФИРУЗ

*Радзырд*

Адæмæн сæ фылдæр æнæхин æмæ æууæндаг кæй сты, уый раджы бамбæрста Хасырбег. Æмæ дзы пайда кæнын дæр раджы райдыдта. Зыдта, уый тыххæй йыл куыдз дæр кæй не срæйдзæн. Æмæ йыл æниу цæмæн хъуамæ срæйа, – сайгæ нæ кæны, закъон нæ халы. Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр хæс райсы фондз мин сомы куы иуæй, куы иннæмæй. Кæд стыр хицау нæу, уæддæр ын æмкусджыты 'хсæн кад ис, уарзынц æй, уымæн æмæ адæмимæ уæзданæй дзурынмæ арæхсы, куыстмæ æрбацæуы булкъдастæй, къæрццарæзтæй. Уæдæ бинонты хъуыддаг дæр афоныл бакодта, йæ лæппу Джахъойыл фондз азы цæуы ныр. Иуæй-иутау нозтылмард дæр нæу æрыгон фыд.

Уыцы æвæрццæг миниуджыты тыххæй йыл æууæндынц цехы кусджытæ. Йæ хинæйдзаг ми афтæ арф æмбæхст уыдис, æмæ йыл никуы ничи фæгуырысхо цалдæр азмæ.

Хасырбеджы кусæн уаты дуар æрбахостæуыд. Лæппулæг фестад йæ бынатæй, къулыл ауыгъд кæсæны размæ бауад, йæ сæр æнгуылдзтæй алæгъзытæ кодта æмæ дуар æрбахойæгмæ адзырдта:

– Мидæмæ!

Дуар байгом, æмæ къæсæрæй æрбахызт цехы раззагдæр кусджытæй иу, Хасырбеджы сыхаг Къуырматы Хангуассæ. Салам раттыны фæстæ йæ сменæйы мастер дзурын дæр не суагъта, стъолы фарсмæ цы бандæттæ уыд, уыдонмæ йын ацамыдта:

– Сбад, дæ хорзæхæй, Хангуассæ, – уæзданæй загъта Хасырбег. – Æз ма дæм мæхæдæг бауаинаг уыдтæн...

– Цæмæ?

– Знон сихорыл не 'фсинимæ хæдзары дзаумæтты дуканимæ бауадыстæм, нæ зæрды шифанер балхæнын уыд, фæлæ нын иучысыл æхца не сфаг, æмæ мын, зæгъын, хæс куы авæрис ардыгæй мæйы кæронмæ.

– Цас? – афарста сылгоймаг.

– Фондз мин сомы æдæппæт.

– Ныртæккæ мæм уыйбæрц нæй, фæлæ райсом мемæ райсдзынæн.

– Æрмæст, дæ хорзæхæй, макæмæн æй зæгъ, суанг дæ лæгæн дæр,

мæ хæларæн, – загъта Хасырбег æмæ йæхинымæр ахъуыды кодта: «Уый дæр та нæхи у».

Сылгоймаг цæмæ ‘рбацыд, уый дæр дзы æрбайрох.

– Райсоммæ йæ æрхъуыды кæндзынæ, ам нæ уыдзыстæм, – загъта сменæйы мастер æмæ йæ къæлæтджыны йæхи æруагъта.

Куыддæр сылгоймаг къæсæры æдде фæци, афтæ Хасырбег стъолы лагъз раласта, цъæх-цъæхид блокнот фелвæста, рафæлдæхта йæ æмæ Хангуассæйы, хæс кæмæй райста, уыдон номхыгъды бафыста. Уыдис иуæндæс æмæ æртиссæдзæм. «Искуы мын сæдæмæ куы схæццæ уаид сæ номхыгъд, – ахъуыды кодта Хасырбег, – уæд мæм 500 мин сомы уаид æмæ сæ машинæ алхæнин».

Номхыгъды Хангуассæйы разæй чи уыд, уый – Рæузондаты Азалияйы – ныххахх кодта æмæ хъуыдыты анигъуылд: «Хорз ын рацахстон дысон йæ лæг Джигары сæ хæдзармæ бахизæны. Мидæмæ рацу йын цы нæ зæгъгæ уыд. Фæйнæ дæр куыннæ ануæзтам. Зæрдиаг арфæтæ сын фæкодтон, феппæлыдтæн сæ стырæй, чысылæй. Сыгъзæрин бинонтæ стут, зæгъгæ сын загътон. Хæдзары хицауы зæрдæйыл цыма мыдадзын цырагъæй буд æртагъд, афтæ афæлмæн. Ноджы ма куы цыдтæн нæхимæ, уæд сывæллон лæппуйы къухы сырх фондз мин сомы куы фæсагътон, уæд ма Джигарæн мæнæй лæгдæр кæм уыд. Цæмæй йæ зыдта, мæ хæстæ ахæм хуызы кæй бафидын, уый. Ирон лæг йæхиуыл хæс нæ уадзы. Дæс æмæ уал æртиссæдзæй барæвдыдтой нæ гыццыл лæппуйы фæндзгай минтæй. Уый дын 350 мин сомы...»

Цыдысты бонтæ, къуыритæ, мæйтæ. Иу азы фæстæ Хасырбег шофыры курсытæм бацыд, сахуыр кодта машинæ скъæрыны хабæрттæ æмæ сынты базырæй саудæр æрттиваг машинæ æрæлхæдта. Фæлæ рулыл æрхæцын æмæ горæты уынгты æдæрсгæйæ скъæрынмæ йæ ныфс нæ хаста æмæ баххуырста репетитор-инструктор. Къуырийы бонмæ йæ ацахуыр кодта, куыд æмбæлы, афтæ скъæрыныл. Æмæ иубон куыстмæ йæ машинæйы куы ‘рбацыд, уæд, хæстæ кæмæй фæисста, уыдон ын арфæтæ кæныныл схæцыдысты. Хæстæ та фылдæр иста, лæг æмæ сывæллæттæ кæмæн уыд, ахæм сылгоймæгтæй. Æмæ йыл кæд гуырысхо кæнын райдыдтой, сæхимидæг æй кæд хæсты ветеран хуыдтой, уæддæр сæ дзыхтыл хæцыдысты. Фæдзæхсгæ сæ бакодта, макæмæн, дам æй зæгъут æмæ... Сæ хицау у, сæ хицау.

Æрæджы та ноджы диссагдæр арæхстдзинад равдыста Хасырбег йæхи ахъæздыг кæнынмæ. Куыддæр Китайы Хъуырнаты Фируз (коронавирусæн уыцы ном дæр йæхæдæг æрхъуыды кодта) фæзынд, æмæ маскæтæ, стæй тæнæг æрмкъухты кой фехъуыста телевизорæй, афтæ отпуск райста æмæ афтектыл зилын райдыдта. Фæндзгай сомтæй æлхæдта сæдæгай маскæтæ, дыууадæсгай сомтæй – æрмкъухтæ, нæ заводы кусджытæн, дам мæ хъæуынц. Йæ гаражы тæрхæджытæ куы байдзаг сты, уæд та сæ хæдзармæ хæссын райдыдта.

– Цы кусыс, цæмæн дæ хъæуынц утæппæт æрмкъухтæ æмæ маскæтæ? – мæсты йæм кодта Сафирæт.

– Ма мæ хъыгдар, не ‘фсин, ды Марксы «Капитал» уынгæ дæр никуы фæкодтай, кæсгæ нæ, фæлæ, науæд зонис, æхца бакусæн куыд ис, уый.

Иуизæр æрбадт стъолы фарсмæ æмæ анымадта йæ фидæны пайда: «Алы мин маскæйæ дæр мæм æрбахаудзæн æппынкъаддæр 30 мин сомы, æрмкъухты алы мин фæлыстæй та – 40 мин сомы. Гаражы мын ис дæс мин маскæйы, уый уал дын 300 мин сомы. Уыйбæрц сты æрмкъухтæ дæр. 400 мин сомы æхца не сты! Уæдæ фатеры дæр – фондз мин маскæйы æмæ æрмкъухты уал фæлысты. Миллионерæй агæпп кæндзынæн уæллæй!» Уыцы хъуыдытæй Хасырбеджы уæнгтæ афтæ рог систы æмæ йæ стæхынмæ бирæ нал хъуыд.

Куыддæр Хъуырнаты Фируз стынг ис, бонæй-бонмæ дзы фылдæр адæм рынчын кæнын райдыдтой, афтæ горæты афтекты налдæр маскæтæ аззад, налдæр æрмкъухтæ. Æмæ Насырбегты Хасырбег йæ фæндон æххæст кæнынмæ бавнæлдта. Йæ хæстæджытæй, сыхæгтæй æмæ зонгæтæй кæмæдæрты уыдис хи афтектæ. Семæ баныхас кодта аргъыл æмæ, йæ фатеры цы маскæтæ æмæ æрмкъухтæ уыд, уыдон сыл айуæрста. Йæхæдæг телефоны раз æрбадт æмæ дзурын райдыдта куыстуæтты, кусæндæтты æмæ организациты хицæуттæм. Йæхи-иу амыдта Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрнон кусæгæй. Радта-иу сын, маскæтæ æмæ æрмкъухтæ балхæнæн кæм ис, уыцы афтекты адристæ.

Æртæ бонмæ Хасырбеджы уд цы ныффæрæзта афтектæм маскæтæ æмæ æрмкъухтæ ласынæй, уый диссаг у. Фæлæ-иу ын йæ къухы æхца куы æрнымадтой, уæд-иу йæ фæллад æрбайсæфт. Сæхицæн дæр-иу сын дзы авæрдта, кæй зæгъын æй хъæуы. Фæлæ афтæмæй дæр милуан

сомæй фæфылдæр – йæ сыгъдæг æфтиаг. Куы сæ æрнымадта, уæд йæ зæрдæ уæрыккау скафыд йæ риуы. «Тæккæ райсом сæ, фараст процентты кæм æфты афæдзмæ, уыцы æфснайæн банчы сæвæрдзынæн, дæс æмæ цыппарыссæдз мин сомы сыл бафтдзæн иу азмæ, æмæ уыдон дæр æхца сты, æхца», – афтæ хъуыдытæ кæнгæйæ, уыцы ‘хсæв адджын фынты ахæсты бахауд Хасырбег.

Хур дыууæ бæндæнæй фылдæры бæрц суадис арвыл. Фæлæ Насырбегты Хасырбег уæддæр нæма рабадт. Æппынæрæджиау райхъал, йæхи аивæзтытæ кодта, æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, æфснайæн банкмæ йæ цæуын кæй хъæуы, уый. Фæлæ йæхи арæвдз кæныныл не схæцыд. Йæ цæстытæ æрцъынд кодта æмæ хъуыды кæны, кæцæй ма цы ратона, ууыл. «Къорд азы размæ доллæртæй бæргæ дзæбæх æфтиаг акуыстон, æртæ туманы куы уыд доллæры аргъ, уæд мын банчы 300 мин сомы уыдис æвæрд. Уайтагъд сæ райстон æмæ сæ доллæртæ алхæдтон. Æртæ къуырийы фæстæ доллæр хæрдмæ ныццавта, æмæ мæ сыгъдæг æфтиаг дыууæ хаттæй фæфылдæр. Ныр ыл сыгъд ссæуа ацы доллæрыл, йæ аргъ нал æмæ нал хауы бынмæ. Уæвгæ, куыд фæзæгъынц, бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Чи зоны, æмæ... Ехх, бæргæ, мæ милуаныл ма иу уыйбæрц бафтид, æмæ нæ иууатон фатерæй дыууæуатонмæ баивиккам, нæ зæронд сынтæджытæ æмæ шифанер ногтæй раивиккам...»

Ахæм хъуыдытимæ йæ сынтæгæй рахызт Хасырбег æмæ хихсæнмæ бацыд. Цалдæр минуты фæстæ та къæбæр хæрыныл æрбадт. Тагъдтагъд цыдæртæ ахордта æмæ скъаппы дуар бакодта дæгъæлæй. Куыддæр æхцаты гуцъула райста, афтæ гом рудзынгæй æрбайхъуыст сау халоны уасын.

– Кыс! Кыс! Хæйрæг дæ фæхæсса! – рамæсты Хасырбег æмæ уайтагъд рудзынг æхгæнынмæ фæци.

Иннæ бон цехыл айхъуыст æнамонд хабар, Хасырбеджы æрттиваг машинæйæ, дам, равдисынмæ ницыуал бæззы, йæхæдæг, дам, стæгсæстытæй рынчындонмæ бахауд.

– Тæригъæд нæ тайы, нæ, – загъта Хангуассæ.

– Дæуæй дæр фондз мины хæс райста? – афарста йæ æрыгон сылгоймаг – кусджытæй иу. – Уæдæ уæд йæ хинтæ йæхиуыл æртыхстысты...

ÆЛБОРТЫ Беллæ

# ЦЪÆХБАЗЫР УАЛДЗÆГЫЛ ТА ЗАРЫН

## РАГУАЛДЗÆГ

Йæ урс бæхыл та афардæг и зымæг,
Кæны нæ æрдз дæр цадæггай цæрдуд.
Æрлæууыди та рагуалдзæг йæ рады,
Рæу монцытæй та байдзаг и мæ уд.

Куыд æхцон у дæ комулæфты андзæвд,
О рагуалдзæг, дæ цæрайæ цæрын.
Куы фенын æз фыццаг дидинæг – малусæг,
Нæ быдырты фыццаг арвы нæрын.

Куы фæуайынц цæугæдæттæ ивылдæй,
Куы райхъуысы сæ абухгæ уынæр.
Йæ тарф фынæйæ райхъал вæййы хъæд дæр, –
Иугай бæлæстыл рахæцы сыфтæр.

Куы ма фенын фæстаг миты фæзгъæртæ
Кæмдæр гæзæмæ хъæдрæбынты, уæд
Мæхинымæр зæрдæрайгæ фæзæгъын:
– Æрмæстдæр уалдзæг а зæххыл цæрæд!

Куы фехъусын дзывылдарæн йæ зарæг,
Уæд царды ноджы бауарзын фылдæр.
Ныфсы базыртæ базайы мæ удыл,
Ысхæцын та уæд зарыныл æз дæр.

Дæ тæркк митæ дын бирæ уарзын, уалдзæг,
Дæ мидбылхудт куы амбæхсыс æваст.
Куы зилдух кæнынц уæлдæфы къуыпатæ,
Фæкæсынц мæм гæлæбутау уæд раст.

Дæ комулæфт æвдадзы хос у, уалдзæг,
Кæны цæрæццаг, цардбæллон мæн дæр.
Тæхуды ‘мæ дæ зæрдæйы фæндиаг
Зæрдæрухс æмæ цинæфсæстæй цæр.

## УАЛДЗÆДЖЫ КОМУЛÆФТ

Рагуалдзæг, куыд фæбæллын æз де ‘рцыдмæ,
Уаззæлон фæндырæй æрдз куы ‘рцæгъды.
Маргъау цыма базайы мыл базыртæ,
Атæхын мæ арвы цъæхмæ ‘рфæнды.

Дард бæстæй æртахти та нæм дзывылдар,
Урс къуыпатæ рахæцыди бæрзыл.
Рацыди зæхкусæг заргæ быдырмæ,
Разынди йæ гутоны фæд зæххыл.

Рухс фæндтæн та арвы дуар байгом и,
Комулæфт, сыгъдæг уæлдæфы тай.
Бæрз бæлас нæ хъæуы кæрон цады был, –
Уыцырдæм, мæ зæрдæ та æхсай.

Бацыдтæн æм, загътон ын æгас цæуай,
Зæрдæскъæфт мæ йæ бакастæй фæкодта.
Лæууы гуырвидауц мадзура къæмдзæстыгæй,
Уалдзæг ыл чындздзон фæлыстыскодта.

Растыгътон бæрзы зæнджы хъæдабæ цъар,
Байдзаг и мæ армы дзыхъхъ йæ донæй.
Ме уæнгты æлутон цыма ахъардта,
Банкъардтон мæхи цыдæр уæнгрогæй.

Фемæхсти цæссыгау дон йæ хъæдгомæй,
Æмæ дзы мæ мондæгтæ ысуагътон:
– Фестай мын, о буц уалдзæг, дæуæй хуыздæр
Ницы ис кæд а зæххыл! – æз загътон.

# УАЛДЗЫГОН СÆНТТÆ

Æрцыди уалдзæг, дуне райхъал ногæй,
У хуры хъармæй зæххы риу æфсæст.
Бæрз бæлæстæ къæбæлдзыг дидин калынц,
Цыма сты раст чындзы хызæй æмбæрзт.

Иу иннæмæй – хуыздæр æмæ бæрæгдæр,
Цыма зæгъы: «Æрбакæс-ма мæнмæ».
Йæ хъусцæджытæ ‘рцауыгъта къæбырттæг
Кълeнц чызгау цъæх уалдзæджы цæстмæ.

Дæ комулæфт мæ цæсгомыл æндзæвыд,
Дæ фендæй æз зæрдæрайгæ фæдæн.
Фæлæ мæм ды нæ бахудтæ дæ мидбыл,
Мæ буц уалдзæг, кæд нал базыдтай мæн?..

Тæхудиаг у, чи фæзындзæн цардмæ,
Кæмæн у ногæй а зæххыл цæргæ.
Цæрæнбонтæм æз дæр æвзонг куы уаин,
Куы мæм раздæхид цард-амонд бæргæ.

Нæ раттæг æрдз, æрвон тыхты фæндонæй
Дæ хуыз ивгæ дæ рæстæг дыл цæудзæн.
Мæнæн та, оххай, ничиуал нæ сисдзæн
Мæ сæры халас – урс миты хъæпæн.

Сæумæйæ зары булæмæргъ зæллангæй,
Ræу дымгæ йын йæ уадындзæй цæгъды.
Мæ зæрдæ та йæ сонты бонтæ мысы,
Ивгъуыдмæ йæ раздæхын фæнды!..

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## АВСТРИАГ ЛИТЕРАТУРÆ



**Стефан Цвейг**

**Стефан Цвейг** (1881 – 1942) – туг æмæ стæгæй Кафкайау – дзуттаг, фæлæ куыд фыссæг, афтæ та – австриаг, уымæн æмæ йæ райгуырæн горæт уыд Венæ. Бирæтæй хъауджыдæр ын йæ сабидуг амонддджын схонæн ис: хъæздыгæй цæрæг уыдысты сæ бинонтæ…

Ахуыр кодта Венæ æмæ Берлины университетты, йæ гæнæнтæ амыдтой бæстæтыл зилын – Индокитай, Цæгат Америкæ… Базонгæ уæды раззагдæр – сæ зондахаст æмæ сфæлдыстадмæ гæсгæ – фысджытæ Эмиль Верхарн, Райнер Мария Рильке, Ромен Роллан (тынг бахæлар сты), Жюль Роменимæ (францаг фыссæг, йæ æцæг ном Луи Фаригуль), скульптор Огюст Роденимæ…

Фыццаг дунеон хæсты азты Стефан – зындгонд фыссæг – бæрнонæй дзуры милитаризмы ныхмæ йæ публицистикæйы, Швейцарийы кусы австриаг уацхæссæгæй, растдæр зæгъгæйæ та ис эмиграцийы.

1928 азы Советон Цæдис кадджын уавæрты бæрæг кодта Лев Толстойы райгуырды 100 азы. Æмæ Цвейг сæмбæлд юбилейы, базонгæ Максим Горькиимæ, стыр аргъ ын кодта йæ уацмыстæн.

Цалдæргай азтæ-иу ацард Лондоны, Нью-Йорчы, 1940 азæй фæстæмæ – Бразилийы. Ам бынтондæр йæ хъуырмæ сси фашизмæй, удхар кодта йæ райгуырæн зæхх мысгæйæ æмæ… Æмæ йæ бинойнагимæ æмцæдисонæй, фервæзæн кæмæй нал уыд, уыйас фынæйгæнæн хос бануæзтой…

(Стæ-ма, къæлæтты мидæг иу цыдæр зæгъон… Афтæ дзурæг стæм, зæгъгæ, курдиатджын адæймаг алы хъуыддаджы дæр курдиатджын у. Фæиннæрдæм кæнæм ацы дзырдбаст: фашист та уæдæ – немыцаг

---

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 – 3-æм номырты*

адæмы зонд арæхстджынæй галиутæ-тæссармæтæгæнæг пропагандæйы министр Иозеф Геббельс чи уыд, уый та куы федта, сæ цъаммар цардарæзтæн йæ кæрон кæй æрцыд, уый, уæд йæ ус Магдæимæ марг аныхъуырдтой, фæлæ ма семæ акодтой сæ цоты дæр – иу лæппу æмæ фондз æнахъом чызджы. Сæ мад сын морфийæ уколтæ скодта… Æмæ та абон дæр цыма цыдæр хæстмондаг сты размæцыд немыц, уыйау мæм кæсы. Куы рæдиин, уæд цы хорз уаид!).

Цвейг райдианты фыста лæмæгъгомау æмдзæвгæтæ, фæлæ йын хуыздæр уадысты æндæр поэтты уацмыстæ ивын немыцаг æвзагмæ – Бодлеры, Верлены, Верхарны… Уæд рахызт драмæтæм дæр, фæлæ йын ацы жанры дæр рæгъмæ хæссинагæй ницы бантыст, номдзыд фыссæджы ном ыл сбадт йæ новеллæты руаджы, бæлвырддæрæй та «Мендель-букинист» æмæ «Æнæнхъæлæджы фембæлд ног дæсныйадимæ», йæ роман «Æнæрхъæц зæрдæ», зындгонд адæмы (Лев Толстой, Зигмунд Фрейд, Фридрих Ницше…) цардвæндæгты тыххæй беллетристикон уацмысты фæрцы: ныффыста ахъаззаг литературон портреттæ дæр – Достоевский, Диккенс, драматург æмæ фыссæг Генрих фон Клейст… Уæдæ Бальзакы биографийыл та кæд æмæ фыдæбон кодта 30 азы дæргъы, фæлæ йын æнæ æххæст фæудæй дæр раппæлинаг рауад.

Йе сфæлдыстады хицæн сæрмагонд бынат æрхауд йæ историон романтæм: «Мария Стюарт» æмæ «Мария Антуанеттæ», стæй йæ мысинæгты чингуытæм дæр: «Ивгъуыд дуне», «Адæмимæ, чингуытимæ, горæттимæ фембæлдтытæ». Сгуыхтыл – сфæлдыстадон æнтыстыл – нымад цæуынц йæ фæстаг романтæ дæр – «Магеллан» (1938) æмæ «Америго» (1942)…

Уираг… Дзуттаг… Еврей…

Зигмунд Фрейд æмæ Альберт Эйнштейны фæллæйттæ, Стефан Цвейгы чингуытæ фашисттæ арты хай бакодтой, фæлæ уыцы арты кæд исты саусыгъд бакодта, уæд уыдоны, уæдыккон фашистты, сæртæ. Æрмæст та… Мæнæ бæллæхты сафинагдæр – бындзарæй! – бæллæх: фашизмы билцъ дæр æххæстæй не сфæнык æмæ та ног æвзартæ цыма суагъта ранæй-рæтты…

Кæддæр чехаг фыссæг, уый дæр фашистты амæттаг, Юлиус Фучик сидтис: «Цырддзаст æмæ къæрцхъус ут, адæм!» Уый хъуыст йæ чиныг «Хурхгондæй фыст репортаж»-æй…

Фæлæ, оххай, историйæн адæм хуызддæр зондыл ахуыр кæнын нæ комынц, алы фæлтæр дæр нæ дурсаст йæхи æнамонд сæр кæны цæмæндæр.

Оххына, нæ уæлæуон цард нын цытæ бавзарын кæны, уыдон зындоны хъизæмæрттау рауайынц раст. Пушкин XIX æнус схуыдта «мой жестокий век», бæллæхтæй йæ былтæй кæлæг XX æнусæй та фæйнæхуызон эпитеттæ загътой дыууæ стыр поэты: Мандельштам – «век-волкодав», Цветаева – «век мой громкий», суанг Къостайæн дæр æмбалæн – уарзон æмкоймагæн бæззæг Нигер та ссæдзæм æнусы æртынæм азты кæроны цардæй æнафоны мæлæтмæ бæллыд – абон дæр ма бирæтæн куырм, æвæсмон уарзтæй уарзон Советон бæстæйæ:

*Иуæй иннæ бон уырыддæр –*
*Афтæ гъе мæ цард æрвитын,*
*Тайын, руайын æмæ джитын.*
*Бон, æхсæв мæлæтмæ сидын.*
*Зилы сагъæсæй мæ рыст сæр...*

*..................*

*Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..*
*Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!*
*Ам ныл аудæг нæ уыди,*
*Ам нæ зард бæсты нæ цыди, –*
*Уым ныл саудалынг æртыхсдзæн!..*

Стефан Цвейг дæр 1941 азы фыста: «Апокалипсисы æгъуыз бæхтæ мæ царды дыууæрдæм кодтой – революци æмæ стонгæй мæлæт, инфляци æмæ террор, рын æмæ лигъдоны утæхсæн. Мах фæлтæрæн дæхи бафæсвæд кæнынæн дæр æмæ дæ сæр бафснайынæн дæр иннæтау фадæттæ нæ уыд. Кæдæм фæлидзай, нæдæр ахæм бæстæ разындаид, нæдæр, балхæнæн дæр кæмæн уыд, ахæм æнцойад – кæддæриддæр æмæ нæм-иу кæмдæриддæр хъысмæты дзæмбыджын къух баххæссыд æмæ та-иу нæ йæ хъазæнхъул сарæзта».

Фæлæ, дам, цыфæндыйæ дæр дунейы хæрам тыхтæн никуы бантыст сæ дæлбар скæнын – сæхи милуантыл уæлахиздзаутæ схонджытæн, иунæг ууыл бæхбадт бакæнын – сæрибар æфсармыл. Æмæ уый йæ тугамæст къухы нæ бафтыд суанг Хуыцауы æлгъыстагдæр фашизмæн дæр.

Цвейг йе стырдæр амонд хуыдта сфæлдыстадон куыст ӕдас, сæрибаргонд зонды фæрцы.

Иттæг хорз зондарæхст ныхæстæ баззад Стефанæн йе сфæлдыстадон бынты…

*Æхсарджын уæвын ма уый дæр амоны, æмæ хъуамæ сæттын ма комай æппæтхъомысджын хъысмæтæн дæр.*

* * *

*Стыр æмæ хæрзаудæнгæнæг хъуыддæгтæ кæддæриддæр адæмы иугæнæг æмæ æнгомгæнæг сты.*

* * *

*Цалынмæ исты ногæй саразай, уый размæ уал цæсты бафтау, цы ис, уыдон.*

* * *

*Мæрдтимæ быцæуы æгæстæ алы хатт дæр раст сты.*

* * *

*Лæгæн йæ гениалон курдиат уыцы иу рæстæг вæййы йæ æнæрайы хъысмæт дæр.*

* * *

*Политикæйы иу цыргъзонд дзырд куыд тынг сахады дзæнгæдайы бæсты, афтæ литературæйы дæр миниатюрæты дуг рауайы бирæ дæргъвæтиндæр бæзджын романты цардæй.*

* * *

*Алыхуызон зонындзинæдты альфæ æмæ омегæ, алы наукæты райдианты райдиан дæр у чиныг.*

* * *

*Йæхæдæг йæхиуыл чи фæхæст, уый ацы дунейы ницæмæйуал фæхъуаг уыдзæн. Иу кæддæр бон йæхимидæг адæймаджы мидис чи сбæлвырд кодта, раиртæста, уый æппæт адæмы уаг дæр бамбардзæн.*

* * *

*Хицæн адæмыхаттæн цы стыр æнтыст бафты йæ къухы, уый свæййы æппæт адæмты уæлахиз дæр.*

* * *

*Милуантыл цы æппæрццæг тыхтæ фæуæлæхох вæййынц, уыдоны бон дæр сæрибар æфсарм сæ дæлдæр скæнын нæу.*

* * *

*Фæзминаг хъуыддаг саразын кæмæн бантысы, æппæты уæлдæр нысанмæ уый схæццæ вæййы.*

* * *

*Йæ худæджы хал схауынæй чи нæ тæрсы, ууыл фыдгæнæгæй уæлдай æууæнк нæй.*

* * *

*Иу хосгæнæг дæр ныфсæй хуыздæр ирвæзæн мадзал – æвдадзы хос – нæ зоны фæллад буар æмæ удæн.*

* * *

*Хъысмæт – уый дын æппæтæй дæр гениалондæр поэт.*

* * *

*Æрмæстдæр æххæст рæстдзинад у табуайаг. Къахыртæгонд рæстдзинад мур дæр ницы ахады.*

* * *

*О хицаудзинады Медузæйы цæстæнгас! Иунæг хатт дæр йемæ чи фемдзаст, уый дзы йæ цæстытæ нал сисдзæн: йæ уацары бахауы, йæ кæлæнты цъысимы стæлфы. Чидæриддæр иунæг хатт дæр хицаудзинад æмæ бардзырдтæ дæттæджы ноздджынгæнæг адджын адæй фæхъæстæ ис, уый уыцы къæппæгæй никуыуал фервæздзæн.*

* * *

*Зын бауырнæн цы рæстдзинад у, уымæй алæмæты рæсугъддæр ницы ис.*

## ÆНÆ БÆЛВЫРД НОМ ЛИТЕРАТУРÆ

Литературон энциклопедийы агуырдтон хицæн сæргонд «Америчы Иугонд Штатты литературæ», зæгъгæ, фæлæ дзы нæ разынд. Æвæццæгæн, уымæн, æмæ алы бæстæтæй алы адæмыхæттыты минæвæртты

фæрцы равзæрд æмткæй сæ културæ, аивад æмæ литературæ дæр.

Стыр фысджытæ та дзы фаг бахъомыл, се сфæлдыстад дунеон литературæйы хæзнадонмæ бахæссыны аккаг кæмæн рауад, ахæмтæ. Фæлæ уал раздæр – иучысыл истори…

Америкæ политикон хуызы хæдбар сси XVIII æнусы кæрон, Англисы колонитæ дзы куы нал уыд, уæд. Æмæ, дам, ныр мах, дунейы мидæг цы æхсæнад нæма æрцард, ахæм аразæм – демократон. Тынг хорз! Уый у «Америкаг бæллиц»!

Фæлæ штаттæн се 'мбисы та цагъардзинад йæ кæнонтæ кодта. Æмæ йын макæн афтæ, зæгъгæ, цасфæнды куы дзырдтаис, уæддæр уый сагойæ донмæ лæбурæгау уыдаид. Гъемæ XIX æнусы, иу домбай паддзахады дæр цы цау нæма æрцыд, ахæм цау райдыдта ам – Граждайнаг хæст.

Æрмæстдæр уый фæрцы фесæфт цагъардзинад, бæстæ цæхгæрæй рæзты къахыл ныллæууыд. Æрмæст фысджытæ, иуæй, цин кодтой, иннæмæй та-иу фыдæнхъæл фесты. Фæзынд бынхор коррупционертæ, иуты цард – мыды къус, иннæты – мамæлайы къæбæр. Хицаудзинад йæ алыварс дунемæ кæрæф æмæ зыд цæстытæй каст, йæхи ма цы бæстæтæ æмæ зæххытæ бакæна, ууыл хъуыды кæнгæйæ.

Æрвылбоны царды æууæлтæй иуварс куыд хъуамæ баззадаиккой фысджытæ дæр, зæрдæхæлд кодтой сæ зынгæдæртæ дæр – Герман Мелвилл, Уолт Уитмен, Марк Твен… Æцæг, сæ алыварс цы диссаджы æрдз уыд, цы бæстывæрд, ууыл дæр радысты, сæ истори æмæ културæйæ сæхи разæнгард кодтой сфæлдыстадмæ. Сæ зæрды æрæфтыд ног аивадон мадзæлттæ ссарын, ног литературон æвзаг, фæрæзтæ. Мелвилл ма афтæ дæр загъта, мах, дам, америкаг Шекспир нæ хъæуы, нæхи ахорæнтæ кæд дæрзæг сты, æнæхсæстау, ницы ахæм ахадгæ, уæддæр сæ хæдхуыз махæн сæрыстыры хос у… Æмæ се 'ргом аздæхтой, фыццагдæр уым чи æрцард, уыдоны цардмæ кæнæ индейæгты таурæгътæм. Ног зæххыты – прериты – цæрынæн бæзгæ чи кодта, горæттæ дзы чи арæзта, уыдоны кад бæрзонд кодтой. Зæгъæм, æвæринаг персонаж – сæ цуанон лæг – зыбыты иунæгæй цæры æгæндæг хъæды æмæ у амондджын æрдзимæ йæ иудзинадæй, йæ уарзтæй, æппындæр æй цивилизацийы уавæртæ не 'ндавынц…

Дунеон литературæйы раз америкаг фысджыты уацмыстæн цæсгом æмæ номгæнæг систы Эдгар По, Марк Твен, Ралф Уолдо Эмерсон,

Уолт Уитмен, Герман Мелвилл, Вашингтон Ирвинг, Фенимор Купер, Натаниел Готорн, Эмили Дикинсон (ай хъысмæт уæлдай диссаг у), Генри Джеймс… Æрмæст та æппæты тыххæй, ай-гъайдæр, бæстон æмæ бæлвырдæй нæ дзурдзыстæм, ноджы дзы кæйдæрты ном чиныгкæсджытæн – сæ хистæртæй – рагæй зонгæ у… Æмæ, хатырæй фæуæд, фæлæ нæ цыбыр афæлгæсты дæр иннæтæ се ‘ппæт нæ бахаудзысты – мæ хæс æндæр у…



**Вашингтон Ирвинг**

Америкаг национ литературæ, зæгъæн ис, æмæ райдыдта фыссæг-романтик **Вашингтон Ирвингæй** (1783 – 1859). Йе ‘мдугонтæ йын айдагъ йæ чингуытæ нæ уарзтой, фæлæ ма, куыд адæймаг, афтæ йæхи дæр – бынтон æнæхин, стыр æмæ хæлар зæрдæйы хицауы.

Америкæйæн эпос нæ уыд, æмæ дын Ирвинг куы бавдæлид йе ‘рхъуыды кæнынмæ: ныффыста «Нью-Йорчы истори» – сæрæй бынмæ æрымысгæ. Адæм худæгæй мардысты. Фæлæ йæм æцæг фыссæджы кад та æрхауд «Эскизты чиныг»-ы руаджы – цард куыд ивгæ цыд æмæ цæуы, уый тыххæй хицæн сценæтæ.

Цыдæриддæр фыста, уыдон худгæбылæй. Æмæ европæйаг чиныгкæсджытæ дæр америкаг фысджытæй се ‘ргом æппæты разæй уымæ аздæхтой.

Уæддæр Америкæйæ дарддæр фыццагдæр уæрæх зындгонд рауад **Джеймс Фенимор Купер** (1789 – 1851). Бальзак дæр ын æхсызгонæй каст йæ романтæ, Лермонтовы зæрдæмæ дæр цыд. Денджызонты тыххæй фыццаг роман дæр Фенимор сфæлдыста – «Лоцман».

Æдæппæт йæ сисы бынæй рацыд 30 романы æмæ хицæн уацмысты æмбырдгæндтæ дæр ма. Чиныгкæсджыты дзыллæтæ ‘взонджы бонтæй фæстæмæ сæ зæрдыл дардтой Чингачгукы, Зверобойы, Следопыты, Соколиный Глазы, сæйрагдæр та – Кожаный Чулочы… Фыссæджы миддунейæн хæстæг у йæ персонаж Зверобой (Сырдмарæг), уый номæй фыссæг зæгъы: «Зæххы къори у хæдзонд



**Джеймс Фенимор Купер**

адæмæн аргъуан. Нæдæр фидæрттæ, нæдæр кувæндæттæ мах амонддæр кæрæдзимæ фыдгулты цæстæй джын не скæндзысты. Уæлдайдæр та уымæн, æмæ нæ цæрæнуæтты иуулкæсынц, уый æмæ дын тар хъæды цард – алы ран дæр фидыды фæтк, фыдæхæн дзы бынат нæй».

Фенимор Купер сси æнахъомты уарзон автор, чи дзы-иу нæ бакаст «Могикантæй фæстагдæр» æмæ-иу уыцы сæргонд дзыхырадавинаг, фидисы хуызæн кæмæн нæ уыд…

Æрмæст Иугонд Штатты нæ, фæлæ æгас дунейы мидæг дæр хуыздæр романты номхыгъдмæ чи бахаудта, уыцы уацмысæн йе сфæлдисæг у **Герман Мелвилл** (1819 – 1891). Хуыйны «Моби Дик, кæнæ Урс кит», рухс федта 1851 азы. Герман киттыл цуангæнæг уыд æмæ, цæуыл фыста, уый æгæр хорз дæр ма зыдта. Фыст та афтæ дæсны у, æмæ йын йæ кæсынæй нæ фæлмæцыс.



**Герман Мелвилл**

Урс кит у дунейы хæрæмтты, фыдæх тыхты символ, у рæстады фæндагыл стыр цæлхдур. Æмæ йыл, кæд цуангæнджытæн сæттын нæ бакуымдта, уæддæр романы сæйраг герой Ахава æмæ æппæт моряктæ дæр сæхи састыл нæ банымадтой сæ мæлæты размæ: куыдфæнды æмæ, дам, цыфæнды куы уа, уæддæр рухсæн талынгыл æнæ фæуæлахиз уæвæн нæй.

Мелвилл ма къорд чиныджы ныффыста, суанг «Кларель» дæр – æмдзæвгæтæй фыст роман, фæлæ номдзыд фыссæг сси «Моби Дик, кæнæ Урс кит»-ы фæрцы.

Америкаг фысджытæй æппæтæй кадджындæр чи уыд, зæгъгæ, куы бафæрсæм, уæд – **Генри Уодсворт Лонгфелло** (1807 – 1882). Стыр



**Генри Уодсворт Лонгфелло**

ахуыргонд, Гарварды университеты фæсарæйнаг æвзæгты профессор, тæлмацгæнæг, прозаик, поэт, филолог. Йæ руаджы америкæгтæ хъулон уарзтæй поэзи бауарзтой. Раст цыма сывæллæттæн фыссы, ахæм хуымæтæг æмæ зæрдæмæдзæугæ уыд йе 'рмдзæф, уæлдайдæр йæ хъуыстгонд «Гайаваты тыххæй кадæг»-ы. Поэмæ æнæхъæнæй дæр уырыссаг æвзагмæ раивта – иттæг хорз æмæ аивæй! – Нобелы премийы лауреат Иван Бунин.

Лонгфелло бæрзонд æвæры индейæгты лæгдзинад, сæ зонд, æнæбасæттон кæй сты сæ туджыхъæдмæ гæсгæ, уый. Фæзминаг ма сын хоны уый дæр, æмæ сæ хуыцау бардуаг Гитчи Манитойы фæдзæхстыл æнувыд кæй сты:

*Ваша сила – лишь в согласье,*
*А бессилие – в разладе.*
*Примиритеся, о дети!*
*Будьте братьями друг другу!*

Генри Уодсворт куыд нæ зыдта царды гуыргъахъхъытæ, хатгай æнауæрдон кæй вæййы, фыдгæнд, æгъатыр, фæлæ йæ уæддæр уырныдта цардæн йæ хорзæх дæр, уый та уæд бавзардзæн адæймаг, æмæ æфсымæрад тæхудиаг уавæры куы уа дзыллæйы 'хсæн:

*Жизнь великих призывает*
*Нас к великому идти,*
*Чтоб в песках времен остался*
*След и нашего пути...*

Куыд дызгъуынтæ, куыд хъулæттæ, куыд æнæрай рауайы хатгай кæцыдæр чиныджы хъысмæт, куыд! 1855 азы фæзынд æмдзæвгæты æмбырдгонд «Кæрдæджы сыфтæр». Æмæ йыл æрмæстдæр Ралф Эмарсон æмæ Генри Торо, философтæ æмæ поэттæ, разæнгардæй сæмбæлдысты, чиныгкæсджыты фылдæр хай та йæ ныхмæ сыстады-

сты, дур дзы дурыл æмæ дзы хъæд хъæдыл нал ныууагътой, афтæ дзы се сæфт федтой. Иу зындгонд, фæлæ къуымых зонды амæттаг поэт та йæ схуыдта «хулиган чиныг» æмæ йæ арты баппæрста…

Чиныджы æмбис бацахста поэмæ «Зарæг мæхиуыл» – æмæ, дам, ахæм цæхгæрмæгуырд поэтмæ мæстæй ма атъæпп лас!.. Фæлæ уый уыд поэзийы дзыхъхъынног хъæлæс, дæрзæг, ноджы ма йæм рифмæтæ-йедтæ нымады нæ уыдысты, айдагъдæр ритм, йæ ныхас та арæзт у йæ бæстæ æмæ æгас дунемæ:

*Я теперь, тридцати семи лет, в полном*
*здоровье, начинаю эту песню*
*И надеюсь не кончить до смерти.*

Æмæ ма афтæ дæр нымайы, зæгъгæ, поэты ахсджиагдæр нысан у, йæхæдæг цы у æмæ чи у, цы мæрддаг у, уый æргомæй равдисын: «Каждый поет свое, присущее только ему…»

1865 азы 14 апрелы театры Президент Авраам Линкольны дамбацайæ мæлæтдзаг цæф фæкодта иу галиузонд актер, цагъардзинады фарсласæг. Авраам та дзы адæмы сæрибар скодта. О, æмæ куы фæзиан, уæд ыл поэт ныффыста цыппар æмдзæвгæйы, се ʻхсæн, америкаг поэзийы шедеврыл нымад чи æрцыд, уый: «Когда во дворе перед домом цвела этой весною сирень».

Æмæ дзы ис цæссыгхæццæ ахæм рæнхъытæ дæр:

*Каждой новой весной эти трое будут*
*снова со мной!*
*Сирень в цвету, и звезда, что на западе*
*никнет,*
*И мысль о нем, о любимом.*

Уарзон та поэтæн æрмæст Линкольн нæу, фæлæ ахæм сты æппæт адæмтæ дæр, суанг фидæны фæлтæртæ дæр:

*Сейчас, полный жизни, ощутимый*
*и видимый,*
*Я, сорокалетний, на восемьдесят*
*третьем году этих Штатов,*
*Человеку через столетие – через любое*

*Число столетий от нашего времени, –*
*Тебе, еще не рожденному, шлю*
*эти строки, они ищут тебя.*

Бæргæ, бæргæ, тæхуды, тæхуды, æмæ-иу поэты хорз зондыл хæст куы уаиккой паддзæхтæ дæр…

...Æмæ загъта чызг-поэт: «Кæд, цæргæ кæй кæныс, уый дæм хъары, уæд амондджын дæ». Цытæ фыста æмæ сæ, сæйраджыдæр, куыд фыста, уыдон сæхæдæг дæр – æхцон дисы æфтауæг, фæлæ ма чи уыд æмæ куыд цард, куыд уыд йе ‘рвылбоны цард æмæ куыд рауад йæ фидæн, уыдон дæр уадиссаг сты.


**Эмили Элизабет Дикинсон**

Уый у **Эмили Элизабет Дикинсон** (1830 – 1886), йæ фæсмæлæт стыр поэты кад ссарæг: фыста ахъаззаг, хæдхуыз æмдзæвгæтæ, фæлæ сæ мыхуыр кæнынмæ та нæ лæвæрдта, ноджы ма фæдзæхста, цæмæй йын йæ архив байсафой. Йæ 2000 цыбыр уацмысæй, æгас ма куы уыд йæхæдæг, уæд джиппы уагъд æрцыдысты æрмæстдæр æртæ цыдæр. Йæ фыццаг æмбырдгонд та рухс федта йæ фæсмæлæт – 1890 азы.

Ацы уарзондзинады дæлвæндæгтæ æмæ уæлвæндæгтæ, йæ лæгъзытæ æмæ тæссæрттæ! Бауарзта Эмили удуæлдай уарзтæй, фæлæ дзы амонды хъæстæ нæ фæцис, æрмæст зæрдæнкъуыст. Æмæ йæхиуыл уынджы дуæрттæ сæхгæдта, йæ боны рухс, йæ хуры цæст – литературæ æмæ сфæлдыстад. Циу цард, цы у, уæлдайдæр, мæлæт, цы у уæддæр æмæ уæддæр уарзт, цы у, Хуыцау кæм нæй, уыцы дуне…

Стæ-ма, ма йæ къуыхцытæ кæнæнт стихамады фæтк алы рагон домæнтæ, грамматикæ, рифмæтæ-йедтæ, кæд æмæ сæ бæсты тынг хорз дæр ма сты ассонанстæ, ома æмзæлланг… Æцæг курдиат, æнæфæивддзаг æрмдзæф, фæлæ XIX æнусы нырма ахæм поэт америкаг поэзийы нæма уыд – йæ ном дæрдтыл нæргæ-нæрын айхъуыст æрмæст XX æнусы райдиан азты.

Айдагъ базонгæйы охыл дзы уæд та ма иу цитатæ æрхæссæм:

*Если сердцу – хоть одному –*
*Не позволю разбиться, –*
*Я не напрасно жила!*
*Если ношу на плечи приму,*
*Чтобы кто-то мог распрямиться,*
*Боль – хоть одному – уйму.*
*Одной обмирающей птице*
*Верну частицу тепла –*
*Я не напрасно жила!*

Курдиатæн табу кæн, æндæр циу, уый Иунæг Хуыцау йеддæмæ ничи зоны, æмæ йæ иу зæххон цæрæг дæр искæмæн рæстмæ æмбарын нæ бакæндзæн…

Гъемæ ма уыйадыл нымад рæнхъытæ Дикинсонæй:

*Нет лучше Фрегата, чем Книга –*
*Домчит до любых берегов,*
*Нет лучше Коня, чем страница*
*Гарцующих стихов.*
*Ни дозоров в пути, ни поборов –*
*Не свяжет цепью недуг.*
*На какой простой колеснице*
*Летит человеческий Дух!*

Ох-хына, нæй, дам, пророка в своем отечестве, фæлæ куы нæй, куы, æнусты дæргъы пехуымпар нæдæр Библийæ, нæдæр Хъуыранæй, нæдæр Поэтæй. Фæлæ цыфæндыйæ дæр Дзырд-Хуыцауы ныфс нæ сæтты æмæ йæ дугæй-дугтæм уырны йæ хъомыс, æндæр уæдæ цæй охыл гуырынц хуымæтæг поэттæ дæр æмæ хъулон уарзтæй уарзон Поэт дæр?!

Кæд фысджытæй искæй цард дзаг уыд алы трагедитæй, уæд уыцы Хуыцауы æлгъыстимæ – ацы номдзыд фыссæджы цард дæр. Хонгæ та йæ кæнынц **Эдгар Аллан По** (1809 – 1849) – цалдæр литературон жанрæн бындурæвæрæг: детективон, наукон фантастикæйæн, æбуалгъы хабæрттæн, символизмæн…

Райгуырд горæт Бостоны, фæлæ йыл 3 азы куы сæххæст, уæд



**Эдгар Аллан По**

фæсидзæр – амард йæ мад, уымæй размæ та йæ фыд фæцыдæр, фæлыгъд йæ бинонтæй. Эдгары йæ хъарм дæлбазыр бакодта хъæздыг сæудæджергæнæг Аллан, аласта йæ Англисмæ. Ам лæппу ахуыр кодта сæрмагонд пансионаты Лондоны, стæй та – колледжы, фæстæдæр – Америкæйы. Иу афæдз уыд Виргинийы университеты студент – дарддæр ахуырæн ын амал нал фæци: къамæй хъазгæйæ фæхæрд, æмæ йын Аллан йæ фиддонтæ нæ фыста – фæхыл сты, æмæ уæд Эдгар ацыд йæ райгуырæн Бостонмæ.

Фергомыздæхт литературон сфæлдыстадмæ, æрмæст, цы æмдзæвгæтæ, æмбырдгæндтæ ныммыхуыр кодта, уыдон æнтыстджын нæ рауадысты. Стæй йæ рад ралæууыд уæлахизæн дæр: нымад номгæнæг ын фæцис йæ чиныг: «Сынт» æмæ æндæр æмдзæвгæтæ», уалынджы йæ новеллæ «Авджы мидæг ссаргæ къухфыст» рамбылдта иу журналы конкурс.

Фæлæ уæддæр стыр хъуагтæ æййæфта, йæхи иу куыстæй иннæмæ раппар-баппар кодта, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ. Ракуырдта йæ хæстæг чызг, цыппæрдæсаздзыд Вирджинийы, æмæ йæ катайаг сагъæстыл бафтыд, уæддæр фыста æмæ фыста æмдзæвгæтæ, ахъаззаг новеллæтæ, «Артур Гордон Пимы царды цауты уацау», дыууæ томы «Гротесктæ æмæ арабескæтæ».

Чысыл йæхиуыл фæхæцыд, æхсæз азы фæцард Филадельфийы, снысан æй кодтой журналы редакторæй.

1844 азы афтыд Нью-Йоркмæ. Йе ‘мдзæвгæ «Сынт»-ы кой айхъуыст, зынгæ ‘нтыстыл нымад ын уыд. Эдгары зындгонд журналмæ бахуыдтой куыстмæ, фæлæ цыппар мæйы фæстæ журнал ныкъкъуыввитт, бæллæх та иунæгæй цæуын нæ зоны – ræуджыты низ ын аскуыдта Вирджинийы цард… По фæцалх опиум æмæ нозтыл, йæ сæрызонд дæр фæцудыдта, уæддæр йæ фыссын нæ уагъта, лекцитæ касти, йæ философон фæллой «Эврикæ»-йæ хицæн хæйттæ зæрдылдаргæйæ дзырдта горæт Ричмонды хæрæндæтты кусджытæн æмæ сихоргæнджытæн.

Цæйдæр фæдыл фæцæуæг горæт Балтиморма æмæ æрдæгфæндагыл бавзæр, фæхæццæ ма йæ кодтой мæгуырты рынчындонмæ, фæлæ бирæ нал ахаста…

Алы æвирхъау цаутæ-хабæрттыл ма Пойы размæ дæр фыстæуыд, фæлæ аивадон детективтæ та – уæдмæ никæд. Дунеон литературæйы хæзнатæ сты «Моргы уынджы лæгмæрдтытæ», «Мари Рожейы сусæг», «Давды фыстæг», «Сызгъæрин хъæндил». Уæдæ йын поэзийы дæр бантыст цæхгæр ивддзинæдтæ царды рауадзын, уæрæх пайда кодта аллитерацитæй, рефрентæй, фæлхат кæнынæй, йе ‘мдзæвгæты мидис-иу барæй мигъæмбæрзт фæкодта, уадз æмæ чиныгкæсæг дæр фыдæбон кæна рæстмæ йæ бамбарынил, зæгъгæ…

Уарзоны мæлæт та хуыдта æппæтæй поэтикондæр темæ:

*Небеса были пепельно-пенны,*
*Листья были осенние стылы,*
*Листья были усталые стылы,*
*И октябрь в этот год отреченный*
*Наступил бесконечно унылый.*

Эдгар Аллан Пойы тыххæй æвæджиауы ныхæстæ загътой дыууæ уырыссаг фыссæджы:

Александр Куприн: «Конан-Дойль, заполнивший весь земной шар детективными рассказами, все-таки умещается вместе со своим Шерлоком Холмсом, как в футляр, в небольшое гениальное произведение Э.По – «Убийства на улице Морг».

Æмæ Федор Достоевский: «Он почти всегда берет самую исключительную действительность, ставит своего героя в самое исключительное внешнее или психологическое положение, и с какою силою проницательности, с какою поражающею верностию рассказывает он о состоянии души этого человека!..»

Ныр, цалынмæ сæ бынтон нæ адард дæн, нæ афæлгæсты цыбырæй кæй ранымадтон, уыдонæй, уæдмæ сын æрхæссон сæ цыргъзонд ныхæстæ.

**Джеймс Фенимор Купер:**

*Æгуыстæй бадын фæлладуадзæн нæу.*

* * *

*Æцæг курдиаты диссагæй ницы ис: уый æрдзы лæвар у, æмæ йæхицæн фарсхæцæг дæр æрдзы фæкæны.*

* * *

*Чингуытæ дæр рæмудзæн æрмæгау рауайынц: кæнæ ирвæзынгæнæг сты, кæнæ халæг, дæрæнгæнæг.*

* * *

*Знагæн уымæй ныфсхастдæргæнæн мадзал нæй: рагагъоммæ йæ зонæд, тæрсгæ дзы кæй кæныс, уый.*

* * *

*Хæстон лæгæн æхсарджын уæвын куыд æмбæлы, уымæй къаддæр ын не 'мбæлы къæрцхъус уæвын дæр.*

* * *

*Искæй уынаффæтæм чи нæ хъусы, уый йæхæдæг дæр нæ бæззы уынаффæгæнæгæн...*

*Æппæтæй зындæр ссарæн циу зæххыл, уый – æцæгæй дæр – рæстаг лæг.*

* * *

*Тых кæддæриддæр раст у. Хъыгагæн...*

* * *

*Цæст цы уыны, уый равдисын, сныв кæнын дзыхы бон æдзух нæу.*

* * *

*Цæссыгтæй æхсад уарзондзинады дуг цыбыр у, тагъд хус кæны.*

**Эдгар Аллан По:**

*Кæд уæ исты æвæстиатæй ферох кæнын фæнды, уæд уæ боныджы афтæ ныффыссут, уый мын зæрдылдаринаг у, зæгъгæ.*

**Эмили Дикинсон:**

*Кæмфæнды куы цæрæм æмæ уæм, уæддæр Хуыцау нæ фарсмæ ис.*

*Уыдзæн ма*

*КОКОЙТЫ Тарзан,*
*Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты хистæр ахуыргæнæг*

# КЪОСТА – СÆРИБАРЫ ЗАРÆГГÆНÆГ

*Уац*

Ирон адæммæ дзæвгар ис курдиатджын поэттæ, фæлæ дзы Ирыстон нууыл рæдаудæр кæмæ разынд, нууыл парахатдæр кæмæн балæвар кодта йæ тæхудиагдæр национ-адæймагон миниуджытæ, йæ хæдбындур æмæ диссаджы аивдзинад, йе 'взаджы фидауц æмæ кæлæн, уый у Хетæгкаты генион Къоста.

Мах арæх фехъусæм нæ фысджытæй æмæ ахуыргæндтæй дæр, зæгъгæ, Ирыстон Къостайæ хуыздæр никæй радта æмæ Къостайæ фылдæр Ирыстонæн ничи фæцис.

Зынгæ ирон поэт Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ уац «Къоста кæддæриддæр»-ы фыста: «Мах бар-æнæбары дис кæнæм, цымæ искуы ахæм рæстæг уыд, æмæ Къоста кæд нæ цард, йæ хъæлæс кæд нæ хъуыст, сагъæс æмæ катай, хъизæмар æмæ тох кæд нæ кодта? Дис кæнæм, уымæн æмæ абон махæн зын бауырнæн у, зæгъгæ, искуы æнæ Къоста уыд цæрæн æмæ кусæн, уарзæн æмæ фæлдисæн».

Кæд Къоста йæхæдæг дзырдта, зæгъгæ, «Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин», уæддæр зарыд рагон нæртон лæгау, уымæн æмæ уыд æмæ у рагон, æнахуыр рагон, фæлæ сæйраджыдæр, уыд æмæ у ног, æнахуыр ног. Стæй канд ног нæ, фæлæ ма кæронмæ, бындзарæй райхалæн æмæ раиртасæн кæмæн нæй, ахæм. Алы фæлтæрæн дæр уыд æмæ у се 'мдугон, сæхи поэт.

Уый фыста дыууæ æвзагыл – иронау æмæ уырыссагау. «Къостайы уырыссаг æмдзæвгæтæ æвæлхат, аив сты, йæ ирон æмдзæвгæтæ та арвмæ дæр хъуысынц», – фыста Ирыстоны адæмон поэт Джыккайты Шамил.

Абон, цардивæн заман, нæ царды бирæ уæззау, вазыгджын фæрстытæн дзуаппытæ арæм Къостамæ. Чи зоны, абоны хуызæн мах никуыма хъуыд Къостайы сæр, йæ хъуыды æмæ йæ куырыхон зонд, йе 'мбæстагон æмæ йе сфæлдыстадон дæнцæг.

Мах арæх æвæрдтам цæхгæр хицæндзинад Къостайы дуг æмæ нæ

дуджы ‘хсæн, кæрæдзийæн сæ æцæгæлон хуыдтам, дзырдтам, зæгъгæ, Къоста цы фыста, уый хауы æрмæст йæ дугмæ, нæ дугимæ йын ницы бастдзинад ис. Бирæ цæмæндæртæн бар нæ лæвæрдтам, йæ фыстытæй йын цæмæйдæрты тарстыстæм, æппæрстам сæ, мыхуырмæ сæ нæ уагътам, раст ын паддзахы цензурæ куыд кодта, афтæ. Уый уыд йæхирдыгонау тыхми. Къоста та кæддæриддæр уыд тыхми æмæ фыдгæнды ныхмæ, сæ риумæ сын йæ риу уæндонæй дардта – йæ дуджы дæр æмæ нæ дуджы дæр.

Къоста æгæрон аргъ кодта сæрибарæн, фæлæ нæ «æцæг сæрибар» домы ахъаззаг бæрн адæмы раз, иумæйагадæймагадон моралон хæзнаты раз, цивилизацион демократизм, æгъдау æмæ фæтк.

Æцæг сæрибар, Къостамæ гæсгæ, адæймагæй домы, цæмæй йæхи уæгъд кæна зæронд мæлинаг цайдагътæй, фидиссаг уагахастæй, алыхуызон æлгъаг стереотиптæй, зонд æмæ уды хъадамантæй.

Къоста уыдис номхæссæн, ардхæрæн адæймаг, стыр патриот æмæ интернационалист. Ирон адæмы уарзт æм сырæзт дуне æмæ дун-дунейы уарзтмæ. Къоста йæхицæй куыд загъта: «Дуне – мæ кувæндон, мæ зæды хай – лæгуарзон, æгæрон дун-дуне – мæ фыдызæхх мæнæн», афтæ зæххы къорийыл алы адæймаг дæр йæхицæй куы зæгъид æмæ æцæгæйдæр ахæм куы уаид, уæд адæймагады мæлæты тасæй нæ зæрдæтæ нæ кæрзиккой, уæд абон сусæг-æргом не ‘нхъизиккой æмæ нæ хъызиккой шовинизм æмæ национализм.

Къоста номхæссæн адæймаг уымæн сси, æмæ йæм уыд æцæг гуманизм æмæ æцæг рæстдзинад. Гуманист æмæ раст адæймаг уарзы алы адæймаджы дæр, тыхсы йыл, ауды йыл, аргъ ын кæны, адæймаг кæй у, уый тыххæй, кæмæйфæнды дæр æмæ кæцонфæнды дæр ма уæд.

Къоста кæд æгæрон дун-дуне йæ фыдызæхх хуыдта, уæддæр фылдæр уарзта йæ раттæг адæмы æмæ йæ райгуырæн хъæу:

*Æз уарзын ‘гас дуне.*
*Æфхæрд адæмы карз зын*
*Ныххауд мæ зæрдæйы,*
*Фæлæ уый сусæг нæу, –*
*Уæддæр æз се ‘ппæтæй фылдæр*
*Кæй уарзын нæ мæгуыр адæмы æмæ*
*Нæ мæгуыр хъæу.*

Къоста ирон адæмы разæнгард кодта, цыд сæ разæй рæсугъд сæрибар цардмæ, фыдæвзарæн æмæ тугкалд кæм нæй, сыгъдæг намыс, рæстдзинад, рухсад, сæрибар æмæ уарзт кæм ис, ахæм цардмæ:

*Нæ федтон амонд æз, фæлæ*
*Мæ уды бартæ, –*
*Кæд мын зынаргъ ысты, раст амондау, уæддæр, –*
*Мæ мæгуыр адæмæн рæсугъд сæрибар цардмæ*
*Æз иу къахдзæфыл дæр дæн раттынмæ цæттæ.*

Фæдзурынц, æнусон ницы ис, зæгъгæ, фæлæ, Къоста цы мæсыг самадта йæхицæн дзыллæйы зæрдæты æмæ хицæнæй алы ироны зæрдæйы, уыцы мæсыгæн фехæлæн нæй.

Къостайы сæйраг домæн та у: алы ирон лæг дæр хъуамæ уа Нæртон, æмæ йæм уыцы номæй кæддæриддæр бадзурæн уа.

О, абон махæн зын бауырнæн у, зæгъгæ, искуы ахæм рæстæг уыд, æмæ Къоста кæд нæ цард.

Уадз макуы уæд ахæм рæстæг, æмæ кæд нæ цард Къоста!

Макуы уæд ахæм рæстæг, æмæ кæд нæ уой ирон æвзаг, ирон литературæ, ирон культурæ!

Макуы уæд ахæм рæстæг, æмæ кæд нæ уа Ирыстон!

*УАНИОН*

# ИРЫ ФÆНДЫР ДÆ ЗАРÆГ ЦÆГЪДЫНÆЙ НÆ БАНЦАД!

Къостайы амæлæты бонæй рацыд 120 азы. Бирæ зæрдылдарæн мадзæлттæ уыд арæзт йæ номыл, фæлæ иу хъуыддаг къухы бафтыд æрмæст æрæджы: 4 апрелы Иры фæтæг Къостайы рухс номыл Елхотыхъæуы ауагътой дугъ.

Ацы ахсджиаг хъуыддаг арæзт æрцыд Æхсæнадон змæлд «Иудзинад», Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас», Хетæгкаты мыггаг, Хетæгкаты Къостайы номыл фонд æмæ Кировы районы администрацийы хъæппæрисæй.

Къостамæ йе ʻмдзæвгæ «Æнæ хай»-ы ахæм рæнхъытæ ис: *«Кæй фæндыр ысцæгъддзæн мæ иунæджы зарæг, / Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх?»* Къоста, дæ фарстæн дзуапп – ацы мадзал! Иры фæндыр дæ зарæг цæгъдынæй нæ банцад! Уæдæ дæ номыл дугъы архайынмæ уыйбæрц фæсивæд æрбацыд Ирыстоны алы кæмттæй æмæ ма суанг Кæсæг-Балхъары Республикæйæ дæр, æмæ дзы иу иннæмæй сæрæндæр æмæ арæхстджындæр разынд!

Фыццаг бынат бацахста елхотаг сæрæн лæппу Гæбæраты Артур (йæ бæх – Томирис).

Дугъы архайджытæн «Иудзинад» Къостайы номыл зæрдылдарынæн балæвар кодта куырæттæ æмæ бухархудтæ.

Дугъы уайджытæй дыууæ уыдысты чызг-барджытæ.

Артисттæ бакастысты Къостайы уацмыстæ. Архайджытæ арфæ ракодтой, ацы хорз хъуыддаг кæй зæрдыл æрлæууыд, уыдонæн. Уый фæстæ се ʻгъдау адарддæр кодтой Дзæуджыхъæуы. Къостайы ингæнмæ ссыдысты æлæм æмæ тырысаимæ. Уым сæм цы сывæллæттæ æнхъæлмæ кастысты, уыдоныл байуæрстой æлæмы адджинæгтæ, æнгузтæ. Къостайы ингæны раз уæлахиздзауæн Хетæгкаты номæй мыггаджы хистæр Хетæгкаты Мурат кадджын уавæры балæвар кодта сæракæй бæхифтындзæн гæрзтæ æд саргъ.

Поэты цыртыл сæвæрдтой дидинджытæ. Уый фæстæ йын «рухсаг» загътой «Иудзинад»-ы бæстыхайы. Ацы арфæйаг хъуыддаг саразыны хæрдзтæ иуыылдæр йæхимæ райста «Иудзинад»-ы æхсæнады æвзæрст лæг Мæрзойты Тамерлан. Дугъ ауадзынил удуæлдайæ чи бакуыста,

уыдон сты Уататы Зелим, «Иудзинад»-ы æвзæрст лæг Туаты Алан, æхсæнадон архайджытæ Гæбæраты Артур Елхотæй, Гутнаты Вячеслав Фыййаджыбылæй. Ælæм саразтой Галазты Иринæ Беслæныхъæуæй, Плиты-Томайты Светланæ Фыййаджыбылæй, Сечъынаты – Гуацъæты Ларисæ Æрыдонæй æмæ Боциты Зæринæ Михайловскæй.











*КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,*
*Ирон æвзаджы райрæзты центры разамонæг,*
*филологон наукæты кандидат*

# АДÆМОН АХУЫРАДЫ ПРОБЛЕМÆ ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ

*Уац*

Мин фарастсæдæ нæуæдз æртыккæгæм азы мыхуыры рацыд чиныг «Антология педагогической мысли Северной Осетии», бацæттæ йæ кодтой Къарджиаты Эльбрус æмæ Чеджемты Сергей [1]. Фидарæй ахæм хъуыдыйыл лæуд дæн, æмæ чиныджы æрмæгимæ æнæмæнг зонгæ кæнын хъæуы педагогон факультетты студентты, бахæссын æй хъæуы педагогикæйы курсмæ куыд сæрмагонд хай – «Ирыстоны педагогикæйы истори». Хорз уаид, æрвылаз ахуыргæнджытæн сæ дæсныйад уæлдæр кæныны курсыты программæмæ хаст куы æрцæуид ахæм хай, уæд дæр. Уымæн æмæ рохуаты баззадысты нæ æцæг рухстауджытæй бирæтæ.

Сусæггаг нæу уый, æмæ ныртæккæ нæ зонадон æмæ ахуырадон кусджытæн сæ фылдæры куы бафарстæуа, йæ удæй арт чи цагъта Ирыстоны адæмон ахуырад рапарахат кæныныл, зæгъгæ, уæд фехъусдзыстæм æрмæст дыууæ номы – Аксо æмæ Къоста. Æнæмæнг, раст дзуапп у, фæлæ уыдон иунæг нæ уыдысты: зонын æмæ зæрдыл дарын хъæуы, Гасситы Афанаси æмæ Байаты Гаппо, Хъаныхъуаты Инал æмæ Уырыймæгты Харитон, Дзасохты Гиго æмæ Цæлыккаты Ахмæт, иннæ æцæг ирон интеллигенттæ цы стыр æвæрæн бахастой адæмон ахуырады хъуыддагмæ, уый.

Интеллигенттæ, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ зæгъын. Ныртæккæ уырыссаг æвзаджы дæр æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ирон æвзаджы дæр дзырд «интеллигенци» нысан кæны бæлвырд социалон къорд, хаст æм цæуынц, уæнгдыхæй нæ, фæлæ зондæй чи кусы, ахæм ахуыргонд адæймæгтæ. Фæлæ дзырдæн йæ бындурон нысаниуæг æндæр уыди: латинаг дзырд intelligens нысан кодта «чи æмбары, чи зоны, уый», ома зонджын, æмбаргæ адæймаг. Уæдæ ацы дзырд комкоммæ хауы, уæды рæстæджы æмæ ныртæккæ дæр йæ адæмы хорздзинадæн

цы хъæуы, уый чи зоны æмæ, уыцы хъуыддаг къухы цы хуызы хъуамæ бафта, цавæр фæндагыл æм цæуын хъæуы, уый чи æмбары, æппæт уыдонмæ.

Ахæм ирон интеллигенцийы æхсæн бæрæг дары Хетæгкаты Къоста. Йæ публицистикæйы цыппæрæм хай комкоммæ баст у адæмон ахуырады фарстатимæ [3]. Хицауады сæйрагдæр хæсыл нымадта скъолатæ гом кæнын, адæмы ‘хсæн ахуырад парахат кæнын [2]. Уыимæ йæ хъуыдытæ æмæ йæ фæндтæ декларативон нæ уыдысты, йæ ныхас æмæ йæ архайд æмдзу кодтой. Дисы æфтауы йæ профессионалондзинад. Алы уацы дæр, алы фыстæджы дæр хъуыды æмæ ныхас фидар кæны æцæг факттæй, нымæцтæй. Абоны терминтæй пайда кæнгæйæ мæм афтæ кæсы, æмæ Хетæгкаты Къостайы уацты жанр сбæрæг кæнæн ис куыд «журналисты слест», фæлæ ацы жанры фæлгæттæй дæр ахызтысты, уымæн æмæ хъæндзинæдтæ, аиппытæ, фыдракæндтæ æрмæст хурмæ нæ хæссынц, фæлæ комкоммæ æвдисынц, куыд сæ аиуварс кæнын хъæуы, уый. Уымæн æмæ Къоста иуварсæй нæ касти, цы фыста, уымæ, фæлæ алы хъуыддагæн дæр зыдта йæ ратæдзæн, йæ аххосаг, йæ алы фæзилæн дæр. Цыди скъолатæм, зонгæ уыди ахуыргæнджытимæ, сæ куыст æмæ сæ царды уавæртимæ, скъоладзауты ахуыримæ æмæ сæ дарддæры цардимæ, официалон документтимæ; иу дзырдæй, уыди слестгæнæг, иртасæг, философ, рухстауæг, журналист дæр.

Цал æмæ цал фарсты æрæвæрдта æрмæст йæ иу уац «Церковно-приходские школы в Осетии», зæгъгæ, уым. Уацы фыццаг абзацы комкоммæ зæгъы, скъолаты бæзгæ ахуыргæнæн чингуытæ кæй нæй («За отсутствием сколько-нибудь сносных учебников, съезд постановил ввести в осетинских школах известный учебник русского языка Я. Гогебашвили «Русское слово» [3: 172]).

Хорзыл банымадта аргъуаны приходты скъолаты ахуыргæнджыты съезды уынаффæтæ: мадæлон æвзаджы ахуыргæнæн чингуытæ аразын райдайын, Æрыдоны семинарийы ирон скъолатæн ахуыргæнæн æххуысчингуыты скълад æмæ ахуыргæнджытæн библиотекæ байгом кæнын. Уыдон тынг хорз сты, фыссы Къоста, фæлæ ацы скъолаты куысты тынг бирæ хъæндзинæдтæ ис. Уый афтæ æмбаргæ у, æмæ, цы хъæндзинæдты кой кæны, уыдон æрмæст приходты скъолаты куыст нæ къуылымпы кæнынц, фæлæ æмткæй адæмон ахуырады рæзт, йæ парахат кæныны хъуыддаг.

Быхсинаг чи нæу, уыцы хъуыддæгтæн сæ сæйрагдæр схуыдта ахуыргæнджыты уавæр, уыимæ æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ æппæт Кавказы дæр. Мæстæлгъæдæй дзуры, «сеятели разумного, доброго, вечного» мамæлайы къæбæры фаг мызд кæй исынц (афæдз дыууадæс сомы), уыцы капеччытæ дæр сын афойнадыл кæй нæ фидынц, Ирыстоны алы къуымтæй сæм ахуыргæнджыты мæгуыргуртау Æрыдонмæ цæуын кæй фæхъæуы, æмæ хъал цардæн нæ, фæлæ къæбæры фаг дæр кæй нæ кæны уыцы мызд [3: 173].

Иннæ стыр цæлхдур – скъолаты агъуыстыты уавæр, уæлдайдæр хæхбæсты: уыдон рухсадон уагдæтты хуызæн не сты, фæлæ скъæтты хуызæн, фыссы Къоста æмæ æмбарын кæны, хæхбæсты зын уавæрты уæлдай æргом аздахын кæй хъæуы æмбæлгæ уагыл арæзт скъолаты агъуыстытæм æмæ ахуыргæнджыты фатертæм, алы хъæутæй цæуæг сабитæн пансионтæ саразынмæ.

Абон махмæ зынтæй цы хъуыддаг хъары, уый растдзинадыл гуырысхо нæ кодта Къоста æмæ домдта ахуырад мадæлон æвзагыл рацаразын [3: 174].

Уæлдай æргом здæхта сылгоймæгты ахуырадмæ [4]. Зындгонд у йæ тох Ольгæйы скъола сæхгæныны ныхмæ. «Маленькая история» хуыйны йæ фыстæг. Цас мæстæйдзаг ирони, сарказм ис ацы сæргонды дæр! Кæмæндæрты «хæрз чысыл хъуыддаг» уыди чызджыты иунæг скъола сæхгæнын, кавказаг сылгоймæгтæн сæ адæймаджы бартæ байсын, æмæ сын иуцасдæр рæстæг æнтысгæ дæр бакодта, фæлæ хъазуатон тох самадтой Къоста æмæ йæ фарсхæцджытæ, уыимæ хуымæтæг горæтæгтæ дæр æмæ фæуæлахиз сты – скъола ногæй кусын байдыдта йæ раздæры бынаты. Фыстæджы райдайæны æвдыст цæуы скъола байгом кæныны истори, йæ арæзт æмæ йæ куысты мидис. Къоста иттæг хорз зонгæ у скъолайы куыстимæ, фыссы, цал ирон чызджы дзы уыдис, горæты ирон хайы куы уыди, уæд, стæй йæм цæрджытæ цы цæстæй кастысты, уый. Æргом кæны, чи æмæ цæмæн сфæнд кодта скъола сæхгæнын. Рæнхъæй рæнхъмæ æвзары, 1891 азы Гуырдзыстоны экзархаты журнал «Духовный вестник»-ы цы уац рацыдис, «О поводах к преобразованию владикавказской женской школы», зæгъгæ, уый. «Не вдаваясь в полемику, я постараюсь только сравнить содержание этой статьи с официальными

документами и голой действительностью» [3: 50], – фыста Къоста æмæ дур дурыл нал ныууагъта мæнгард ныхæстæй.

Хетæгкаты Къостайы хъуыдытæ ахсджиаг сты нæ абоны царды дæр: 1) ирон адæмы хъæуы мадæлон æвзаджы бындурыл арæзт ахуырад; 2) мах хъæуы хорз ахуырад; 3) цæмæй ахуырад хорз уа, ахадгæ уа адæмы культурæйæн æмæ хъысмæтæн, уый тыххæй æмбæлгæ аргъ хъуамæ уа ахуыргæнæджы куыстæн, хъæугæ уагыл арæзт уа ахуырадон процесс, чингуытæй райдай æмæ скъолаты агъуыстытæй фæу, афтæмæй.

**Литературæ:**


1. Антология педагогической мысли Северной Осетии / Сост. Э.К. Каргиев, С. Р. Чеджемов. Владикавказ: Ир, 1993.
2. Бетеева М. М. Право на образование как один из акцентов в публицистике К. Л. Хетагурова // Вестник науки и образования. 2015. № 2 (4). – 66 – 68 ф.
3. Коста Хетагуров. Собрание сочинений. Том 3. Статьи. Письма. М.: Художественная литература, 1974.
4. Чибиров Л. А. Коста Хетагуров и женское образование в Осетии // Вестник Владикавказского научного центра. 2009. Т. 9. № 5. – 50 – 53 ф.

ГАСАНТЫ Валери

# ИРОН ТЕАТРЫ ОРФЕЙ

*Уац*



*Ацы зæххыл æппæты рæсугъддæр фæзы цы уардитæ зайы, уыдоны сæ равзæрдæй фæстæмæ хур йæ тынтæй фаг фæрæвдауы, зæххы риуæй дæр фаг узæлд байййафынц. Афтæмæй сæ урс, сырх, сау, бур хъæдабæхуыз сыфтæй, сæ хæрздæфæй фæрæвдауынц адæмы, æрдзы, алы цæрæгойы; мыдыбындзытæ æмæ сыл кæркæ-мæркæ гæлæбутæ дæр уæлдай æхсызгондæрæй фæцин кæнынц. Фæлæ уадтымыгъ куы сысты, бæстæ зилдух куы свæййы, уæд уыцы уардитæн сæ удирдгæнæг цæхæр атоны йæхи уыцы зилдухæнтæй æмæ балæууы арвы хъæбысы. Уым та фесты, зæххыл куыд рæсугъд уыд, уымæй ноджы аивдæр стъалы æмæ, нæ тæригъæдджын зæххыл йæ рæсугъддзинадæй адæмы, æрдзы зæрдæйы цы уарзт байтыдта, уымæй баззайы буцæн, мысинагæн фæлтæртæн, арвы хъæбысæй та йæ рухс фæзыны, цардæй кæм нæ бафсæст, уыцы уæзæгмæ æмæ, йæ цæхæр рæдау æмæ парахатæй кæмæн лæвар кодта, уыдонмæ.*

Нæ театры сфæлдыстадон азфысты сыфтæ фæлдахгæйæ, йæ алы артисты царды фæндагыл афæлгæсгæйæ мæм уыцы рæсугъд стъалы фестæг уардийы хъысмæтау кæсы нæ театры курдиатджындæр артисттæй иу, сценæ æмæ кинойы æнувыд зиууон, нæ аивады æнхъæлцау Цæрæкты Оледжы хъысмæт.

Йæ хæдхуыз æмæ æнæбафæзмгæ сфæлдыстадон цæхæр æмæ курдиатæй Олег йæ цыбыр, фæлæ ирд сценикон цардæй дæр ног уылæн бахаста нæ национ театралон аивадмæ, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд рæдыд нæ уыдзæн.

Олег райгуырд 1956 азы 29 апрелы Хъарман-Сындзыхъæуы. Æр-

дзæй рахаста хæдзонд; алы бæззон хъуыддагмæ дæр æй цымыдис чи кодта, уыдис æм ахæм миниуджытæ. Уыдон ын арвæй бæрæгдæр фесты астæуккаг скъолайы ахуыры рæстæг дæр – фæахъаз ын сты бындурон зонындзинæдтæ райсынæн æмæ скъола æнтыстджынæй фæуынæн. Дарддæр йæ хъысмæты фæндагыл цы къахдзæф акæн-дзæн, ууыл Оледжы бирæ хъуыды кæнын нæ бахъуыд. Суанг йе ‘взонгæй фæстæмæ йæ сæнттæ дæр æмæ царды фæзилæнтæ дæр, æхсæв уа, бон, уæддæр баст уыдысты Ирон театры аивадимæ. Æмæ скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд нæ театры цур скъола-студимæ. Уыцы рæстæг та архайдта спектакльты дзыллон сценæты, чысыл рольтæ дæр-иу ын режиссертæ йæ бар бакодтой. Олег уыцы рæстæг хуыдта æппæты амондджындæр, уымæн æмæ æрлæууыд, сабийæ дæр тæхуды кæмæ кодта, нæ театры номдзыд æмæ курдиатджын актертæ сæ уды цæхæрæй арт кæм цагътой, сæ тæмæссаг, фæлæ ирд сценикон сагъæсты уацары-иу театрдзауты кæм райстой, уыцы сценæйы. Æмæ сын æхсызгон æмæ цымыдисæй ахуыр кодта сæ фæлтæрддзинадыл; театры диссаджы æнкъарæн-джын, фæлтæрд дунейы цас арфдæр хызт, уыйбæрц æй йæ фæдыл тынгæй-тынгдæр сайдта. Тала йæ зæнгæй бæрæг куыд у, афтæ ацы курдиатджын лæппу дæр йæхиуыл сфæлдыстадон хъуыддаджы никуы ницæмæй бацауæрста.

1978 азы ахуыр кæнынмæ бацыд нæ бæстæйы рагондæр театралон аивады уæлдæр скъолатæй иу – Ярославлы Федор Волковы номыл уæлдæр театралон институтмæ. Ацы номдзыд уæлдæр скъола Олегæн басгуыхт йæ курдиаты ирд фæлварæн артдзæст. Ам йæ рæстæджы цы номдзыд æмæ зындгонд актертæ-ахуыргæнджытæ куыстой, уыдон Оледжы ахуыр кодтой, цæмæй йæ сценикон хъазтæй, йæ уды сфæл-дыстадон хъизæмарæй, зæрдæйы цæхæрæй, кæрдаг зонды æрхъуыды-йæ аивадуарзджытæм ссара йæхи сæрмагонд фæндаг, сфæлдыстадон æгæрон фурды цæуа, иннæ кусджытæ хъуыды дæр кæуыл никуы акодтой, ахæм æрфыты æмæ байбынты. Æмæ æргомæй æдæрсгæ афтæ зæгъæн ис, æмæ Олег йæ хистæр зондамонджыты æуууæнчы аккаг кæй разынд йæ цыбыр сценикон царды дæр.

1983 азы Олег æнтыстджынæй каст фæцис институт. Йæ дипломон спектакль уыд æвæрд Теннисси Уильямсы пьесæ «Орфей ныххизы зындонмæ»-мæ гæсгæ. Æмæ дзы æнтыстджынæй сарæзта сæйраг арха-

йæг зæды зæрдæйы æмæ уаз æнкъарæнты хицау, æууæндаг, сыгъдæгуд, аивады фарны рухстауæг Орфейы сурæт.

Паддзахадон къамисы уынаффæмæ гæсгæ йæ хъуамæ арвыстаиккой Смоленскы паддзахадон театрмæ. Фæлæ, уыцы хабар нæ театры уæды директор, УФ-йы сгуыхт артист Тлаттаты Бексолтан куы базыдта, уæд йе 'ппæт хъарутæй дæр бацархайдта, цæмæй Олег Ярославлæй ссæуа Ирыстонмæ.

Хъуыдыгæнæг, æрдзон æмæ царды арф æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæй хайджын, курдиатджын артист Цæрæкты Олегæн йæ фыццаг сæрмагонд роль уыд Хæмыцаты Цæрайы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Сау бæлас»-ы Мураты сурæт. Ам йæ фыццаг къахдзæфæй дæр Олег йæхимæ æркæсын кодта цæстуарзон театрдзауты. Уымæн æмæ уыд, нæ театрæн ног чи у, уыцы аивадон скъола – Ярославлы театралон институты – бындурон æгъдæуттæ хæссæг. Уый та дзы домдта мидцæхæрæй, мидхъуыдыты фæрцы сценикон сурæтыл адæмы æууæндын кæнын, театрдзауимæ сценæйæ удæй удмæ уæздан æмæ рæвдаугæ дзурын, сценæйы къахы уынæрæй дæр ын йæ театралон нывы хи нывæст ма банкъуысын кæнын. Уыцы æппæт миниуджытæ Олег хаста нæ театрдзаутæм, йæ аивадон гæнæнтыл нæ ауæрдгæйæ, хæдбындур æмæ уырнинагæй.

Курдиатджын актеры дыккаг стыр æнтыстыл та банымайæн ис Шиллеры пьесæ «Уарзт æмæ фыдæх»-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы Фердинанды сурæт. Премьерæйы æмæ уый фæстæ бонты дæр театры зал адæмæй йедзаг уыд. Æмæ Олег ам дæр йе 'гæрон курдиаты цæхæрæй театрдзауты зæрдæтæм хъарм удирдгæнæг цæхæр ныппарын бафæрæзта.

Спектаклы фыццаг акты сценæйы æмбæрзæн куыддæр байгом, афтæ разынди аив фæлгонцгонд херы. Йæ уæлæ – дыууæ уарзоны Фердинанд æмæ йе 'мкъай Луизæйы дыууæ табæты. Луизæ æмæ Фердинанд – уындджын æмæ кондджын, кæрæдзимæ æгæрон уарзты монцтæй дзаг æнкъарæнтæй хайджын дыууæ уды уыцы херыйы дыууæ табæты лæууыдысты, афтæмæй, цыма зæххы тæригъæдтæ æмæ фыдæхтæй сæ уарзтæн æмæ сæхи сыгъдæг удтæн тæрсгæйæ, уæлæрвтæм Хуыцауы æгæрон дунемæ тындзыдтой, афтæ зынд аивадуарзджытæм. Æмæ канд зынгæ нæ, фæлæ дыууæ уды – Фердинанд – Цæрæкты Олег – æмæ иннæ курдиатджын, фæлæ йæ



Студенты бонты



Бекмæрзты Æхсаримæ



Дзытиаты Лактемыр, Таугазты Аслæнбæг æмæ Хъæцмæзты Лазæримæ

сценикон цыбыр цардæй адæмы зæрдæты рæсугъд фæд чи ныууагъта, уый – курдиатджын артисткæ Годжиты Ларисæ – сæ сыгъдæг æнкъарæнтæй, сценикон уæлтæмæнæй æххæстæй бауæндын кодтой сæ табуйаг сыгъдæг уарзтыл.

«Оледжы сфæлдыстадон курдиат нæ театры уыди ног фæзынд. Спектаклыты-иу цы сурæттæ арæзта, уым агуырдта мидæнкъарæнты фæрцы йæ хъайтарæн аккаг фæлгонц саразыны миниуджытæ. Спектаклы йын цы фæлгонц бабар кодтаис, уый аразыны миниуджытæм-иу каст, йæхи принципиалон, сфæлдыстадон домæнтæм гæсгæ иттæг раст чи уыд, ахæм цæстæнгасæй, – дзырдта мын Оледжы тыххæй зындгонд аивадиртасæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Плиты Жаннæ. – Æз æм алы репетицийы дæр кастæн æмæ йыл алкæддæр йæ сценикон куысты хигъæдон миниуджытыл æхсызгонæй дис кодтон. Афтæ дæр-иу уыд, æмæ-иу Олег, ролыл кусгæйæ, режиссер кæнæ йе ʻмхъазæг актертимæ быцæу дæр кодта. Фæлæ йын уыцы быцæу æнæбындур кæй нæу, уый та-иу спектаклы премьерæйы æмæ уый фæстæ равдыстыты рабæрæг».

Уæдæ Оледжы чи нæ хъуыды кæны Хуыбецты Раяйы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Мады фарн»-ы Чермены ролы. Фыццаг хатт æй цы хуызы ахъазыд, уый дæр цымыдисаг хабар у. Цæвиттон, спектаклы премьерæйы райдайæнмæ ма цалдæр сахаты хъуыд, афтæ, ацы роль фыццаг лæвæрд кæмæн æрцыд, уыцы артист фæрынчын. Режиссер скатай, кæмæй йæ баива, уымæн ницы æрхъуыды кæнын уыд йæ бон. Олег, йæ тыхстдзинад ын уынгæйæ, афтæ бакодта: «Кæд æй мæныл æууæндыс, уæд æз цæттæ дæн». Режиссер кæд исдуг дызæрдыг кодта, уæддæр дзы актеры ныхас ныфс уагъта æмæ Чермены роль Олегæн радта.

Спектакль «Мады фарн»-ы Цæрæчы-фырт афтæ дæсны ахъазыд, æмæ йын Кадийы сурæт саразæг, УФ-йы адæмон артисткæ Беккуызарты Орзетæ спектаклы фæстæ загъта: «Чермены сурæт цыма раст, Олег, дæуæн фыст уыд, афтæ хорз æй сарæзтай». Æмæ йæ фыр цинæй йæ хъæбысы ныккодта.

Афтæ æрыгон цардбæллон лæппу Чермен – Цæрæкты Олег – ацы спектаклы цал хатты рахызт нæ театрдзауты размæ, уал хатты-иу сæ йæ тыхджын мидæнкъарæнтæй, цæстыты æнахуыр диссаджы æрттывдæй, цардуарзондзинадæй, мад æмæ райгуырæн бæстæйыл æнувыддзинады зондæй, йæ сæрыл циард раттыны тыххæй дисы æфтыдта.

* * *

*Йæ цардыл æмæ сфæлдыстадон фæндаджы æрфыстыл афæлгæсгæйæ, нæ бон зæгъын у, йæ цыбыр царды дæр Олег нæ театрæн бакодта зынгæ æмæ ахадгæ лæггад. Йе 'рмдзæф дзы хæдхуызæй æмæ бындуронæй кæй зыны абон дæр, уый фæрцы нæ бон зæгъын у: аивады пехуымпар Орфейау йæ курдиаты миниуджытыл ахуыр кæнæн ис, нæ аивады артдзæсты йæ уды рухсæй нæ дзыллæйæн лæггад кæнынмæ йæхи чи цæттæ кæна, уыцы æрыгон фæсивæды.*

Цæрæкты цæхæрцæст курдиатджын Олегæн кæд йæ зæххон æмæ сфæлдыстадон цард цыбыр уыд, уæддæр ацы тæригъæдджын дунейы йæ курдиатæй сабийау сыгъдæг, æнкъараг æмæ æргом зæрдæйы фæрцы нæ театры цы фарн æмæ фæд ныууагъта, театрдзауты размæ Уациллайы фыртау куыд сыгъдæгæй æмæ сæрибарæй цыд йæ алы хъайтары сурæты, уый Иры дзыллæйæ рох никуы уыдзæн. Æрыгон сфæлдыстадон кусджытæ та йын йæ ном сæ зæрдыл дардзысты, нæ театрæн, аивадуарзджытæн удуæлдайæ лæггад кæнын куыд хъæуы, уыцы хорз зонды хæрзиуæгæн.

Курдиатджын актер, рæстаг æмæ сыгъдæгзæрдæ адæймаг Цæрæкты Олег фондз æмæ ссæдз азы размæ фæхъуыд не 'хсæнæй, йæ бирæ сфæлдыстадон цардбæллиц фæндтæн сæ зæрин таг æрбаскъуыд. Фæлæ ацы зæххыл йæ номыл ис, фæлтæрæй-фæлтæрмæ чи цæуы, ахæм кады æмæ намысы цырт-зарæг. Ныффыстой йæ зындгонд поэт Кокайты Тотрадз æмæ композитор Моргуаты Юри.

## ЦÆРÆКТЫ ОЛЕДЖЫ ЗАРÆГ

Фыдохы бæлас, фыдохы бæлас,
Фыдбоны бæлас – уарзты æвдисæн, гъей!
Уый дæр ма, мæ бон, уалдзæджы хур бон,
Уалдзæджы хур бон йæ саутæ систа.

Куыд тынг мæ фæндыд Ирон театры,
Ирон театры цырагъау судзын.
Ныр дæр ма, мæ бон, бæрæг рухс дары,
Бæрæг рухс дары мæ уаты рудзынг.

Нæргæ æхсæрдзæн сау хохы фахсыл,
Сау хохы фахсыл æртæхгай батад.
Мæ царды мæсыг, æллæх, мæ боныл,
Æллæх, мæ боныл, æнæнхъæл ракалд.

Сылтаныхъы та æрцæуыдзæн иубон,
Æрцæудзæн иубон æнæмæнг уалдзæг.
Æз та, мæ боныл, мæ буц хъæбулы,
Мæ буц хъæбулы кæугæйæ уадзын.

Мæ цыртдзæвæныл мæ бинонты арм,
Мæ бинонты арм æрвылбон хатын.
Ныххатыр кæнут, фылдæр кæй уарзтон,
Фылдæр кæй уарзтон мæ зынаргъ мады.

Нырæй фæстæмæ йæ фæлмæн хъæбыс,
Йæ фæлмæн хъæбыс уыдзæн мæ авдæн.
Дзæнæты дæр та лæууын цырагъау,
Лæууын цырагъау йæ номы кадæн.

О цардхъуаг кæстæр, Цæрæкты Олег,
Нæ Ирон театр цæрдзæн æнæ дæу.

ДЖИОТЫ Катя

# ХИСТӔРЫ РӔВДЫД – КӔСТӔРЫ МИДБЫЛХУДТ

*Радзырдтӕ*

## САСТ ДУРЫН

Хуыцаубон райсом. Сабе горӕтмӕ ацыд йӕ дыууӕ лӕппуйӕн ног ахуыры азмӕ чингуытӕ ӕлхӕнынмӕ.

Йӕ кӕстӕр лӕппу Иналы йемӕ акодта, йӕ хистӕр лӕппу Иласӕн та хӕдзар бафӕдзӕхста. Цы сӕ хъуыд, уыдон балхӕдтой ӕмӕ изӕры ӕрбаздӕхтысты.

Сабе донмӕ ацыд. Дурын суадоны цыхцырмӕ бавӕрдта. Лӕууы, ӕнхъӕлмӕ кӕсы, фӕлӕ йӕ донгарз нӕ дзаг кӕны. Уӕд дурын йӕ къухмӕ систа. Ӕркаст ӕм, ӕмӕ ӕгасӕй йӕ фарс у фаст. Сабейӕн йӕ маст рахсыст. Хӕдзармӕ афтидӕй раздӕхт ӕмӕ Иласы фӕрсы:

– Илас, дурын чи асаста?

– Нӕ зонын, – дзуапп радта Илас.

– Абон хӕдзары ды уыдтӕ!

– Ӕз ницы асастон. Райсомӕй йӕ донмӕ ахастон ӕмӕ йӕ ӕз дӕр уым федтон.

Сабейӕн йӕ маст фӕфылдӕр, Илас йӕ фыдуаг мийыл кӕй нӕ саст, уый тыххӕй, ӕмӕ йӕ фӕнадта.

Илас хӕкъуырццӕй кӕуын райдыдта. Инал ӕй куы федта, уӕд йӕ зӕрдӕ суынгӕг ӕмӕ уый дӕр скуыдта.



Сабе Иналы йæ хъæбысы æрбакодта:

– Ды та цæмæн кæуыс, дæ нывонд æрбауон? Афтæ йын хъæуы!

– Цæмæн ын хъæуы афтæ?

– Цæмæн, цæ, дурын асаста æмæ йыл нæ сæтты.

Инал Сабемæ хатыр курæджы каст бакодта, æмæ йæ кæуын фæтынгдæр:

– Гыцци, дурын знон мæнæн асаст...

– Æмæ кæд дæуæн асаст, уæд мын æй цæуылнæ схъæр кодтай? – бафарста йæ Сабе. – Куы мын æй загътаис, уæд Иласы æнæхъуаджы нæ бафхæрдтаин.

– Тарстæн, куы мæ фæнæмай, уымæй, – йæ армытъæпæнтæй йæ цæстытæ сæрфгæ, загъта Инал.

Илас йæ цæстытæ фыдæхы зылд бакодта йе ‘фсымæрмæ. Инал йæ сæр æруагъта.

Мад æрбахъæбыс кодта йæ дыууæ фырты дæр.

## ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ

Зинæ стъолмæ ныггуыбыр кодта æмæ цыдæртæ фыста. Йæ мад æм фæцæйцыд. Чызг æй куы ауыдта, уæд йæ фыссинаг чингуыты бын атъыста.

Мад æй бафиппайдта æмæ дисы бахауд: «Ау, цы хабар у? Цы мæ сусæг кæны?» Æввахсдæр æм йæхи байста æмæ йæ фæрсы:

– Цæмæн амбæхстай дæ тетрад? Цы дзы фыстай? Æри-ма, фенон æй!

Зинæ фæсырх. Æвæндонæй йæм радта йæ тетрад.

Мад кæсы Зинæйы хæдзармæ куыст – «Куыд æхххуыс кæнын мæ мадæн»



Тетрады сыф куы рафæлдæхта, уæд Зинæйæн фыр æфсæрмæй йæ цæссыгтæ æрызгъæлдысты.

– Цæуыл кæуыс? – загъта йын йæ ныййарæг. – Фæлтау, фысгæ куыд кæныс, афтæ мын æххуыс дæр кæн.

## МУССÆЙЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### I

– Дæ урок цæуылнæ сахуыр кодтай? – бафарста ахуыргæнæг Муссæйы. Муссæ фыр æфсæрмæй дзурынмæ дæр нал арæхст.

– Нæ мын бантысти.

– Искуы уыдтæ? – бафарста ахуыргæнæг.

– Никуы уыдтæн.

– Исты дæ рысти, мыййаг?

– Нæ, рисгæ мæ ницы кодта, æнæуи тарстæн.

– Иунæг уыдтæ?

– Иунæг нæ уыдтæн, фæлæ мын исты маст куы уа, уымæй тарстæн.

– Уый та цытæ дзурыс? – ахуыргæнæг зæрдæхсайгæ каст бакодта Муссæмæ.

– Æнайы йæ галиу æрфыг куы фæхæры, уæд ын исты маст вæййы. Мæн дæр мæ галиу æрфыг хордта... Тарстæн, исты маст мын куы уа, уымæй, æмæ мæ уроктæ ахуыр кæнынмæ мæ зæрдæ нал ради, – йæ сæр æруагъта Муссæ.

Къласы ахуыргæнинæгтæ уый куы фехъуыстой, уæд фæйнæрдыгæй сæ кæл-кæлæй нал æнцадысты.

Уæдæй фæстæмæ Муссæйы æддæмæ ракæсын нал уадзынц: «Дæ галиу æрфыг дæ нал хæры, Муссæ?»

### II

Тыхсы Батыр. Йæ хъæлæсыдзаг ныббогъ кæна, уымæ дæр æй бирæ нал бахъæуы.

Йæ алыварс æрæмбырд сты йе ‘мбæлттæ æмæ йæ ахуыргæнджытæ.

Мадмæ фæхабар кодтой. Мад уыцы тарст æмæ фæлурсæй скъолайы бамидæг:

– Саубон мыл кæндзæни! Цы рауадис мæ хъæбулмæ? Абон нæхицæй дзæбæхæй куы рацыд.

Тыхсынц иууылдæр. Ахуыргæнджытæй чидæр дзуры:

– Акæсут-ма, никуыцæйма зыны тагъд æххуысы машинæ?

Батыр йæ мады цæстытæм кæсы. Тæригъæд ын кæны æмæ йæ хъæрзын ныууромы.

– Гыцци, ма тыхс, ницы мын уыдзæн, – дзуры, – цъус мын фæлæууыдис.

Фæлæ цы фæлæууыдис?! Тæнты рыст куы сагайы, уæд та лæппу уæрдæхау здыхсын райдайы. Чидæр хъæрæй дзуры:

– Лæджы цы бахъæуы, уый куыд нал вæййы! А хъæуы цал машинæйы ис, æмæ дзы бахъуыды сахат иу дæр бынаты нæй. Науæд уыцы телефон! Мах рæстæджы уый дæр фехæлд. Нæ дзуры!

Тагъд æххуысы машинæмæ Муссæйы арвыстой. Ныр сахат æмæ ‘рдæг рацыд, Муссæйы куы арвыстой, уæдæй нырмæ. Афтæмæй сахаты ‘рдæджы цыд йеддæмæ нæу.

– Цæй, мæхæдæг цæуын, – загъта физкультурæйы ахуыргæнæг, – æнхъæлмæ кæсæн нал ис.

Раст уæд тагъд æххуысы машинæ скъолайы кæрты балæууыд, æмæ лæппуйы аластой рынчындонмæ.

Хирург æй басгæрсга æмæ загъта:

– Тагъд – операци… Йæ куырм тъанг...

Операци ахаста сахаты бæрц.

Куы фесты, уæд Батыры баластой палатæмæ. Йæ цæсгом уыдис фæлурс æмæ æнкъард.

Мад йæ кæуын тыххæй урæдта, афтæмæй тыргъы лæууыд Батыры ахуыргæнæгимæ.

Дохтыр мадмæ бацыд æмæ йын ныфсытæ æвæрдта:

– Дæ зæрдæ йæм ма ‘хсайæд, – стæй ахуыргæнæгмæ фездæхт, – фæлæ нырмæ кæм уыдыстут? Æрдæг сахат ма байрæджы кодтат, зæгъгæ, уæд хъуыддаг æвзæр уыдаид.

Дыккаг бон ахуыргæнæг бафарста Муссæйы:

– Знон цæмæн æрæгмæ цыдтæ?

– Цæмæн, цæ, – райдыдта дзурын Муссæ, – районмæ куы бахæццæ дæн, уæд иу сау гæды мæ тæккæ рæзты куы агæпп кæнид, æмæ цæуын нал уæндыдтæн, зæгъын, рæствæндаг нæ фæуыдзынæн. Æнхъæлмæ кастæн, кæд исчи ацæуид мæ разæй, фæлæ ничи цыд. Æмæ лæууыдтæн.

Уæдæй фæстæмæ та афтæ мæстæй мардтой Муссæйы йе ‘мбæлттæ: «Хъахъхъæн, дæ рæзты та сау гæды ма агæпп кæнæд!»

# САНАТЫ СЕМЫ ÆМБИСÆНДТÆ

Бирæ ис, скъолайы чи нæ ахуыр кодта, фæлæ æрдзæй иттæг зонд-джын чи у, ахæм адæймæгтæ. Стыр зонды хицауæй амонынц кæсгон лæг Хъазанхъоты Джабагъийы. Уый хæцыд мæгуыр адæмы фарс, нæ сæ уагъта æфхæрын кæсæджы къниæзтæн, æлдæрттæн æмæ уæздæттæн.

Джабагъи амард 1750 азы æмæ ныгæд æрцыд Пахсаны комы Гуделейы хъæуы йæ усы фарсмæ. Октябры революцийы фыццаг азты (1920) Джабагъи æмæ йæ усы цыртдзæвæнтæ æрбахастой кадимæ æмæ сæ ныссагътой, Налцыччы горæты астæу цы парк ис, уым.

Ирон адæммæ дæр уыдис ахæм æрдзæй курдиатджын адæймаг, йæ хорзы кой, йæ цыргъзонд ныхæстæ æмæ æмбисæндтæ ныронг дисæн кæмæн хæссынц. Уый уыд Санаты Сем. Семы æмбисæндтæ чи нæ фехъуыста, уæлдайдæр зæронд фæлтæрæй, ахæм нæй. Йæ ном ын чи нæ зоны æмæ афтæ чи нæ фæзæгъы, «Санаты Семы хуызæн раст дзуры», зæгъгæ, ахæмтæ дæр бирæ нæй.



Санаты Сем

Адæмон таурæгъмæ гæсгæ Санаты Сем райгуырд 200 азы размæ Захъхъагомы Санаты хъæуы. Йæ фыды ном хуынд Бердыхъ, уыди Санахъоты хæрæфырт. Иннæ адæмон таурæгъмæ гæсгæ та царди æмæ амарди Уæллаг Хъæнийы. Куыд уынæм, афтæмæй Санаты Сем царди Хъазанхъаты Джабагъийы рæстæг.

Семæн, зæгъынц, йæ разæй райгуырди æхсæз æфсымæры, æмæ-иу сæ цыдæр ахордта. Уæд, дам, Чъребайаг дæсны бауынаффæ кодта, æвдæм лæппу ма куы райгуыра, уæд ыл Сем (иронау «авд») сæвæрут, зæгъгæ, стæй йын йæхи дæр æмæ сæ къæсæрты дæр хуыйы сойæ байсæрдут. Æцæгдæр, дам, афтæ бакодтой, æмæ Семæн цæрын бацайдагъ.

Мæнмæ гæсгæ Сем у семитаг ном.

Стыр зонджын адæймагыл нымад уыд Сем, уыди мæлгъæвзаг, адæмы уарзон. Адæмы уырныдта: цы зæгъа, уымæн æнæ 'рцæугæ нæй. Бирæ таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ базырджын ныхæстæ баззад Семæй. Се 'ппæт нырма фыст дæр не 'рцыдысты. Чи дзы æрцыди фыст, уыдонæй дæлдæр мыхуыр кæнæм иуцалдæр.

«Уд дзы нæ уыдзæн, афтæмæй зæххыл лæсдзæн тагъд æмæ ласдзæн хæхтæ æмæ бæстæ», ома адæм æрхъуыды кæндзысты локомотивтæ.

«Æндахы хуызæн уыдзæн къæцæлтыл тыгъд æмæ дзырд хæсдзæн, цы йæ хондзысты, уый нæ зонын». Нæ рæстæджы уыцы «къæцæлтыл» тыгъд «æндах» (тел) хуыйны телефон.

# КЪАДЗТЫ КАРД

Ацы карды хабар рагæй хъусын канд Къадзты мыггаджы æхсæн нæ, фæлæ ма йæ зонынц Зруджы, Нары æмæ Захъхъайы дæр. Дзурынц æй алы хуызты, æвæццæгæн, карды хабар цыди хъус-хъус, кæм-иу æй фехъуыстой фæндаггонæй, кæм ныхасы, кæм та-иу æй, æвæццæгæн, дзырдтой къадзонтæ, чындзы-иу дзы æндæр кæмттæм чи ацыд, уыдон. Дзурынц æй ныртæккæ дæр, цæмæй йæ кой мыггагæй ма ферох уа, уый тыххæй. Кой цæуы, фæлæ, кард кæд фесæфти, кæмæ уыди æмæ ныртæккæ кæмæ ис, уый ничи зоны.

Иурæстæджы мыггаджы æхсæн ахæлиу ис ахæм хабар, цыма, дам æй абырджытæ рахастой хохæй быдырмæ, æмæ ис уыдонæй кæмæдæр. Цыдæриддæр фæуæд, фæлæ хабар сæрæй ракæнæм.

Раджы, тынг раджы, æвæццæгæн, Къадзты хистæр Саулæг ма æгас куы уыди, уыцы рæстæг Тибмæ кæцæйдæр бафтыд æххуырст хъомгæс. Бон-иу атардта хъом æмæ сæ хызта, æхсæв та-иу, кæй рад уыд, уыдонмæ ныххуыссыд.

Иурайсом та хъомвос атардта уæлæ Халацъайы коммæ æмæ сæ уым хызта цъæх сойджын кæрдæгыл, йæхæдæг та æрбадт иу рындзыл æмæ йæ хъуыдыты ацыд.

Бирæ æви чысыл абадтаид, уымæн чи цы зоны, фæлæ иурæстæг йæ хъустыл æрцыди хъуджы уасын, мæнæ цыма йæ родмæ сидт, афтæ. Лæмбынæгдæр йæ цæст ахаста æмæ ставд дурты фæстæ ауыдта Къадзты хъуджы, уый йæ гуыр сарæзта Уелтæм. Хъуг-иу уымæй размæ

дæр лидзаг уыд – ногзад уыди æмæ йæ зæрдæ йæ родмæ æхсайдта. Хъомгæс фæгæпп ласта, æмæ, фыр тагъдæй йæ лæдзæг дæр йæ къухы нæ бафтыд, афтæмæй комы йæ размæ фæци æмæ йæ фæстæмæ раздæхта. Хъуг иудзæвгар рауади, стæй, цыма фæсмон фæкодта, афтæ цæхгæр фæзылди хъæуы ‘рдæм æмæ та дæлæ фæлидзы. Хъомгæс та йæ асырдта, фæлæ хъуг лидзы æмæ лидзы. Уæд хъомгæс, фыццаг йæ къухы цы дур бафтыд, уый фелвæста æмæ йыл æй фæхста. Уый фæстæ ма хъуг иуцалдæр къахдзæфы акодта, стæй æрхауд. Хъомгæс æм базгъордта, æмæ дæ фыдгул афтæ. Цыргъ дур сæмбæлд хъуджы тæнтыл æмæ иннæрдæм агæпп ласта. Æндæр гæнæн нал уыди, йæ кард фелвæста æмæ йын йæ хурх æрбалыг кодта. Цы гæнæн уыди, хъом ныууагъта, хъæумæ ныццыди æмæ Къадзтæн радзырдта, хабар куыд уыди, афтæ.

Хабар уайтагъд Тибыл айхъуыст, бирæты нæ бауырныдта хъомгæсы раныхас, æмæ сæхинымæр худтысты, бирæтæ та, мæнæ арæхдæр куыд вæййы, афтæ сæхиуыл дзуæрттæ бафтыдтой æмæ-иу загътой: «Хуыцау йæ зонæг».

Къадзтæ хъомгæсмæ байхъуыстой, стæй ацыдысты, хъуджы бастыгътой æмæ йæ сæ хæдзармæ æрхастой.

Хæдзармæ æрхастой тугæйдзаг дур дæр æмæ йæ радтой мыггаджы хистæрмæ. Уый йæ ныссыгъдæг кодта, лæмбынæг æм фæкасти, стæй зæххæй систа йе ‘мыйас дур æмæ, иу къухы – уый, иннæ дур та – иннæ къухы, афтæмæй сæ барста. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуджы тæнты цы дур ахызти, уый иннæмæй уыди бирæ уæззаудæр, стæй цыдæр æнахуыр æрттывд кодта. Мыггаджы хистæр бафснайдта æрхæссæггаг дур, стæй иузаманы йæхи срæвдз кодта æмæ йæ дуримæ рацыд балцы.

Дзырдтой, цыма мыггаджы хистæр дур ахаста дард Дагъыстанмæ. Уыцы ран уыди хорз куырдтæ. Уыдон æй федтой æмæ загътой: «Дур хуымæтæджы дур нæу: кæнæ уæларвæй чи æрхауди, ахæм болат æндоны мыггаг у, кæнæ та æрдз кæй сфæлдыста, ахæм».

Цыбыр ныхасæй, дурæй саразтой хæдзары даргæ стыр кард. Куыд дзурынц, афтæмæй йæ дæргъ уыди иу-50 сантиметры, йæ уæрх та – 9 – 10 сантиметры. Дагъыстаны куырдтæ йын саразтой рæсугъд кæрддзæм дæр. Афтæ Къадзтæм фæзынди мыггаджы кард, хонгæ дæр æй афтæ кодтой – «Къадзты кард». Раздæр куыд

дзырдтой, афтæмæй ацы кардыл бирæ таурæгътæ баззад. «Къадзты кардау тæмæнтæ калы», «Къадзты кардау ын иу хатт йеддæмæ фенæн дæр нæй» æмæ бирæ æндæр ныхæстæ фехъусæн уыд. Уыцы таурæгътæ та йыл уымæн баззад, æмæ, дам-иу æй кæрддзæмæй куы сластой, уæд-иу фæстæмæ нал куымдта, цалынмæ дзы-иу туг суагътаиккой, уæдмæ. Куы-иу æй сластой, уæд-иу мыггаджы хистæр йæ тæмæнтæ калдæй базыдта, цавæр уыдзæн рæстæг кæнæ мыггагыл зын цæудзæн æви цин, уый. Афæдз-иу æй иу хатт уымæн уыдтой æмæ йæ æндæр не 'вдыстой, стæй, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй-иу дзы туг суадзын хъуыди, æмæ уыйбæрц фос кæм уыди.

# ПРЕ

Кучиты Пре дæр номдзыд æмæ дзырдарæхст лæгыл нымад уыд, кæд фыр мæгуырæй йæ сыст гæркъайы хуынчъы нæ цыд, уæддæр.

Иузаман та Мамысоны æфцæгыл Соймæ ныххызтысты иу-цалдæрæй, кæд сæ къухы исты бафтид, зæгъгæ, ома кæм хор, кæм уæлæдарæс. Хæрын сæм æрцыди, æмæ иу хæрæндонмæ бацыдысты. Æмæ дын Пре æрдомдта хæринæгтæн æмæ нуæзтытæн сæ тæккæ ахъаззагдæрты. Хорз федтой сæхи, стæй кæс, æмæ феддæдуар сты.

Хæрæндоны хицау рагæпп ласта, Прейы æфцæгготыл ныххæцыд æмæ йæ пъæлицæйы смидæг кодта, афтæ æмæ, дам, афтæ, зæгъгæ. Сбадын æй кодтой, йæ цуры йын хъахъхъæнæг сæвæрдтой, мæнæ куыд вæййы, афтæ. Уæд дын æм æртыккаг бон йе 'мбæлттæ æрбацыдысты, бар ракуырдтой йемæ аныхас кæныны тыххæй.

Цы уыдаид, бар сын радтой, фæрссагмæ хæстæг бацæуыны бар, стæй дзы исты хиндзинад цæмæй ма æрцæуа, уый тыххæй хъахъхъæнæг сæвæрдтой гуырдзиаджы, иронау чи æмбæрста, ахæмы.

– Цæй, ныр цы кæнæм, Пре, мах цæуын хъæуы æмæ нæхимæ, Тибы, цы радзурæм, цы нын фæдзæхсыс? – фæрсы йæ сæхи Бехъо.

– Цы, куы зæгъай, – дзуры Пре, – уæд фæхабар кæнут, тагъд æрцæудзынæн, мæнæ, зæгъ æй хицауад нæма зоны, чи у, уый. Адон дæр, зæгъ, ахæм æдылытæ не сты, æмæ мæ хуызæтты дзулы къæбæры тыххæй ахæстоны дарой.

Ацы ныхасмæ лæмбынæг хъуыста хъахъхъæнæг æмæ фæстагмæ иу тигъæй иннæ тигъмæ рауай-бауайыл схæцыди.

Уæд та Пре афтæ:

– Цæут, цæут, мæ хуртæ, дæ разы Халацъайы комы цы хъомы рæгъау хизы, уыдон хъугæмттæм аивут, фосы дзугтæ та цæттæ кæнут Хъызлармæ тæрынмæ. Дуканитæм дæр-иу уæ цæст фæдарут, истытæ балхæнын хъæуы, адæм тæригъæд сты, зымæджы цæхх, фæтæген, хæринаг, адджинаг бирæ хъæуы.

Ацæут, мауал фæстиат кæнут, фæлæ, куы ныццæуат, уæд горæты хицау Байаты Гаппойæн фехъусын кæнут ацы хабар...

Ахæм ныхæсты фæстæ тибæгтæ цæугæ ракодтой, хъахъхъæнæг та хицауадмæ фæци. Æмæ, дам, афтæ æмæ афтæ, ай, дам, стыр хъæздыг лæджы куы сбадын кодтам.

Фæдзырдта та йæм пъæлицæйы хицау, хатыртæ дзы фæкуырдта, стæй йын йæхи бæх радта, аййаф, дам, де ‘мбæлтты, стæй, дам, дæ Хуыцауы хатыр бакæн, æмæ Байы-фыртæн мацы зæгъут, уæд, дам, махæн – рацъон адæмæн – Мамысоны æфцæг æхгæд æрцæудзæн.

# ХÆЙРÆГ

Раджы, тынг раджы, Тибы хъæумæ Кучиты Бицъимæ бафтыд дзыппыдаргæ сахат. Æрхъуыды кæнут, æнæхъæн комы, сахат цы у, уый дæр ничи зоны. Бицъи та сысты, хуыссы, хæры æмæ улæфы сахатмæ гæсгæ. Афтæ лæмбынæг ахъуыды кæнгæйæ, уæд, æвæдза, канд Мамысонгомы нæ, фæлæ Нары, Захъхъайы уымæй лæгдæр ничи уыд.

Цыбыр ныхасæй, Бицъийы кой айхъуыст канд Туалгомы æмæ Уæлладжыргомы нæ, фæлæ ма Куырттат æмæ Арвыкомыл дæр. Бицъийы кой айхъуыст, Бицъийы хуыдтой, кад ын кодтой, тæрхоны лæг дæр дзы сарæзтой.

Хорз кæм уа, фыд дæр уым вæййы. Алы хорз хъуыддагæн дæр æрцæуы кæрон. Афтæ Бицъийы сахатыл дæр акодта мæгуыры бон. Сæфгæ йын, мыййаг, нæ фæкодта, уæдæ йæ ничи адавта. Йæ къухмæ дæр æй ничи иста – йæ цъыкк-цъыкк ын-иу куы фехъуыстой, уæд-иу æй хæйрæг хуыдтой. Уымæ гæсгæ йын ницы тас уыд, фæлæ иурæстæджы Зæрæмæг Тибæй чындз хастой, æмæ, куыд вæййы, афтæ чындзхæсджытæ бацыдысты. Цин, хъазт, бадт бацайдагъ сты æнæхъæн къуыри. Раджы заманты-иу чындзхæсджыты хæдзарæй хæдзармæ хуыдтой, æрхуыдтой-иу сæ æхсæвиуат кæнынмæ дæр. Кæй бон бауыдзæни æнæ фæллад суадзгæйæ дыгай-æртыгай бонтæ фынгыл бадын?..

Иу ахæм изæр Бицъи сæхимæ æрбахуыдта уазджыты хистæры

æхсæвиуат кæнынмæ. Хорз ыл баузæлдысты, йæ къæхтæ йын ныхсадтой æмæ йæ схуыссын кодтой. Бицъи дæр уыцы уаты хуыссыд. Бон цъæхтæ кæнын куы байдыдта, уæд фестад æмæ Халацъайы коммæ фæраст кусæрттагмæ. Кусæрттаг та йæ бахъуыд Зæрæмæджы уазджыты æрхонынæн: ау, йæ ном дардыл куы айхъуыст, уæд кусарт акæнын йæ бон нæу?

Уазджыты хистæр куы райхъал, уæд иуцалдæр хатты схуыфыд, кæд æй Бицъи кæнæ бинонтæй исчи базонид, зæгъгæ, фæлæ – ничи æмæ ницы. Бицъи кусæрттагмæ ацыд, йæ бинойнаг та фос аздæхта, фæсивæд та тарф фынæй кодтой.

Уазæг сыстад, йæ дзаумæттæ скодта, æмæ йæ хъустыл цыдæр æнахуыр цъыкк-цъыкк ссыди, фæлæ кæцæй, цы, уый нæма рахатыдта. Аракæс-бакæс кодта къуымты, дуары 'рдæм дæр акаст, фæлæ, стъолмæ куы фæкомкоммæ ис, уæд æй базыдта, хæйрæг æм стъолæй кæй кæсы æмæ цъыкк-цъыкк кæй кæны, уый. Зæрæмæггаг æй хорз зыдта, хæйрæг дæм æргомæй куы рацæуа, уæд ыл исты дзаума баппарын хъæуы, кæннод та йыл дзуæрттæ бафтауын хъæуы. Цытæ дзурут, иу дæр дзы йæ къухы нал бафтыд фыр тæссæй, фæлæ йæ хъама фелвæста (ома хæйрæг цыргъагæй тæрсгæ кæны) æмæ, стъолмæ йæ цухъхъайы кæрон бадаргæйæ, Бицъийы сахат стъолæй фæдджимæ æрæппæрста. Кæртмæ рауад, дурыл æй æрæвæрдта æмæ йæ иннæ дурæй ныссыхырна ласта.

*ХЪАЙТТАТЫ Сергейы чиныг «Ирон хабæрттæ»-йæ ист*

# МОЛЛО НАСРЕДДИНЫ ÆМБИСÆНДТÆ

*Чи уыди молло Насреддин, кæцы дуджы царди, уый тыххæй бæрæг зæгъæн ницы ис. Иуæй-иу ахуыргæндтæ дзурынц – Насреддин уыди туркаг, иннæтæ – ирайнаг, чи зæгъы – цæцæйнаг, чи та дагестайнаг зæгъы.*

*Петр Услар 1868 азы «Кавказы адæмты зонинæгты æмбырдгонд»-ы фыццаг чиныджы куыд фыста, уымæ гæсгæ ис ахæм верси дæр, æмæ, дам, араббаг паддзах Халиф Гарун-аль-Рашиды рæстæг (VIII æнусы) царди стыр ахуыргонд лæг Насреддин. Фæлæ йæ ахуырады ныхмæ æрлæууыдысты æлдæрттæ æмæ дин, Насреддины йæхи хъазаг, æдылыйы хуызы æвдисын бахъуыди, зæгъгæ.*

*П. Кузмичевский Насреддины хоны Тамерланы (XV æнусы райдиан) хъазæнхъул кæнæ та Аль-Эддины (амарди 1397 азы) хъазæнхъул.*

*Насреддины ирон адæм зонынц Сырдонæй, хъуымыхъ – молло Насреддинæй, лекъ, цæцæн æмæ авар – Наср-Эд-динæй, асы – Насра-Ходжайæ, хъæрæсе – Наср-Ходжайæ, черкес æмæ кæсæг – Хожейæ.*

*Насреддины таурæгътæ ирон Сырдоны хабæрттимæ куы абарæм, уæд фендзыстæм, кæрæдзимæ тынг хæстæг кæй сты. Асыйы Насра-Хаджайы таурæгътæ та ноджы хæстæг сты ирон Сырдоны таурæгътæм. Зæгъын хъæуы, молло Насреддины – Сырдоны – таурæгътæн сæ цыргъ тынгдæр арæзт кæй у æлдæрт-ты, дины, царды уаджы æвзæр миты æмæ хæлддзинады ныхмæ.*

## МОЛЛО НАСРЕДДИН ЙÆХИ КУЫД ФÆСАЙДТА

Иухатт молло Насреддин сфæнд кодта хъæуккæгтæй ахъазын. Хъæууынгты фæуайы, цыма искæдæм тагъд кæны, уыйау. Чи йыл амбæлы, уый та йæ афæрсы:

– Афтæ тагъд кæдæм кæныс, молло Насреддин?

– Згъорын нæхимæ тæбæгъмæ, – уæлæ уым лæвар инжиртæ уарынц! – цæугæ-цæуын алкæмæн дæр дзуапп дæтты æмæ йæ цæуыны куыст кæны дарддæр.

Афтæ афæлывта æнæхъæн хъæуы. Адæм нууылдæр азгъорд-

той лæвар инжиртæ хæссынмæ, молло сæ кæдæм сардыдта, уырдæм.

Молло æруад сæхимæ æмæ, иугыццыл куы аулæфыд, уæд дзуры йæ усмæ:

– Æри-ма мын тæбæгъ!

– Цæмæн дæ хъæуы? – бадис кодта йæ ус.

– Æз дæр суайон, кæд, мыййаг, æцæг уарынц инжиртæ… Нæ кæсыс, цас адæм цæуы уыцырдæм?!

## МОЛЛО НАСРЕДДИН ХАРБЫЗ КУЫД БАХОРДТА



Бæрæгбонты размæ базартæй иуы молло Насреддин балхæдта харбыз. Уыдис тинг æнтæф, æмæ, моллойæн дойны кæй уыдис, уымæ гæсгæ сфæнд кодта харбыз уым адæмы раз бахæрын.

Нæма æрбадт сарайы аууоны, афтæ йыл адæм амбырд сты. Молло сласта хъама кæрддзæмæй, йæ куырæты фæдджийæ йæ ныссæрфта æмæ харбыз дыууæ æмбисы акодта.

– Кæндзынæн æлдары хæрд! – хъал хуызæй загъта молло æмæ харбызæн йæ астæуккаг хай иуулдæр слыг кодта.

Уый куы бахордта, уæд та загъта:

– Ныр та – цагъайраджы хæрд!

Æмæ райдыдта харбызæн йæ урс хæрын. Уый хæрд куы фæци, уæд та зæгъы:

– Ныр та – хæрæджы хæрд!

Æмæ, йæ алыварс цы адæм æрæмбырд, уыдон ыл худæгæй мардысты, афтæмæй бахордта харбызы цъæрттæ.

– Ныр та – уасæджы хæрд!

Æмæ æхсынын райдыдта харбызы æппытæ.

## МОЛЛО НАСРЕДДИНӔН ЙӔ ДӔНДАГ КУЫД СРЫСТ

Иухатт молло Насреддинæн тæккæ бæрæгбоны размæ срысти йæ дæндаг.

– Ныр ын цы бакæнон? – бафарста йæ усы.

– Хъуджы фаджыс ыл хъармæй сæвæр, – загъта йын йæ ус.

Сæвæрдта йыл, фæлæ йын цы баххуыс кодтаид!

Уæд бадзырдтой зæронд ус Наджибатмæ. Афæлвæрдта уый дæр цавæрдæр дзырдтæй дæндаджы рис бауромыныл, фæлæ та – ницы.

Уымæй куы ницы рауад, уæд молло сфæнд кодта дæсны бафæрсын. Бацыд дæснымæ, æмæ йæ дæндаг афтæ риссы, афтæ, æмæ йæ рыстæй йæ цæстытæ тартæ кæнын райдыдтой. Дæсны йын афтæ зæгъы:

– Фенын-ма мын кæн, дæ кæцы дæндаг риссы?

– Ой, ой, ой!.. – хъæр кæны молло Насреддин, тæрсы йæ дзых схæлиу кæнын.

Бирæ йын куы фæдзырдта дæсны, уæд схæлиу кодта йæ дзых. Бакастис ын дæсны йæ дзыхмæ, йе 'нгуылдзæй бавнæлдта, æнкъуысгæ цы дæндаг кодта, уымæ æмæ йын зæгъы:

– Нал баззы дæ дæндаг. Сласын æй хъæуы.

– Куыд сласын?! – фæхъæр кодта молло Насреддин. – Мæ цæст дæр æвзæр у, æмæ йæ, дæумæ гæсгæ, сласын хъæуы?..

Æмæ мæстыйæ ацыд уырдыгæй.

## МОЛЛО НАСРЕДДИН ЙӔ ЧЫЗДЖЫТЫ АМОНДЫЛ КУЫД БАЦИН КОДТА

Молло Насреддинæн уыд дыууæ чызджы. Æрбацыд æм иухатт йæ хистæр чызг æмæ йын зæгъы:

– Зоныс, мæ фыд, æз сарæзтон бирæ дурынтæ æмæ, кæд хурджын сæрд уа, уæд схъæздыг уыдзынæн.

– Хуыцау дын дæ фæнд сæххæст кæнæд! – загъта йын молло.

Æрбацыдис æм йæ дыккаг чызг дæр. Уый дæр ын радзырдта йæ хъуыддæгты тыххæй:

– Ацы аз бакодтон стыр цæхæрадон æмæ, кæд сæрд уарынджын уа, уæд æз схъæздыг уыдзынæн!

– Сымахæй хъæздыг чи уыдзæн, уый æз нæ зонын, фæлæ хъæздыг

чи уыдзæн бæлвырд, уый æз, – загъта молло Насреддин.

## МОЛЛО НАСРЕДДИН ГÆДЫ ЛÆГÆН ЙÆ ГÆДЫДЗИНАД ЙÆ ЦÆСТЫТЫЛ КУЫД БАКОДТА



Иухатт уæтæры иу лæппу-фыййау дзырдта:

– Знон дын фыстæ хизын æмæ кæсын: хæрджытыл æрцæйхастой уæргътæ хæдзары мигæнæнтæ. Уыдысты æхсæрдæс хæрæджы, – банымадтон сæ. Куыддæр хидмæ бахæццæ сты амæ йыл араст сты, афтæ хид сæ быны ныссаст, æмæ æд уæргътæ доны ныккалдысты. Диссаг уыд уырдæм бакæсын! Хæрджытæ æрдиаг кæнынц, сæ хицæуттæ дæр, сæ уæргътæ ныппырх сты бынтондæр! Мæ дзуг мын фæтæрсын кодтой.

– Æмæ хæрджыты фæстæмæ сластой æви нæ? – бафарста йæ молло Насреддин.

– Куыннæ, куыннæ! Сластой дзы æвддæс хæрæджы! Æрмæст сæ уæргътæ ныппырх сты.

Молло Насреддин бахудт æмæ загъта:

– Раст дæ ды, – æвддæсæм хæрæг ды кæй уыдтæ, ууыл æз нæ ахъуыды кодтон.

## МОЛЛО НАСРЕДДИНÆН ЙÆ УАЗÆГ ЙÆХИЦÆЙ КÆЙ ÆППÆЛЫД, УЫЙ ТЫХХÆЙ ЙÆ КУЫД БАФХÆРДТА

Молло Насреддины хæдзар уыди хъæуæн йæ тæккæ кæрон. Иубон æм изæрдалынгты фæндаггон дуар бахоста æмæ дзы куырдта, цæмæй йæ æхсæвы бавæрдтаид.

Молло йæ бакодта хæдзармæ. Уыцы æхсæв молло Насреддинмæ уыди хорз æхсæвæр æмæ иу дынджыр дурыны дзаг та хорз бæгæны.

Уазæг куы бафсæст, уæд ын молло бануазын кодта иу дынджыр къус бæгæны. Уазæгæн нуæзт йæ сæры бацыд, æмæ дзурыныл бацайдагъ.

– Хорз лæг, хорз мæ суазæг кодтай, хуыссæн мын бакодтай дæ хæдзары, фæлæ мæ зоныс, æз чи дæн, уый? – бафарста моллойы уазæг.

– Зонын, ды мæнæн Хуыцауы æрвыст уазæг кæй дæ, уый, – дзуапп ын радта молло Насреддин.

– Нæ, æз хуымæтæджы уазæг нæ дæн! – æппæлонауæй загъта фæндаггон. – Æз дæн сих Мансуры тæккæ хæстæгдæр хæлар æмæ æххуысгæнæг.

– Хуыцауæй арфæгонд уæд сих йæ байзæддæгтимæ, – загъта молло æмæ та рауагъта уазæгæн иу къус бæгæны.

Ануазта йæ уазæг æмæ та фæрсы моллойы:

– Зоныс ды, æз чи дæн, уый?

– Ды дæ сих Мансуры хæлар, – дзуапп ын радта молло.

– Нæ, – загъта уазæг, – æз дæн сих Мансур мæхæдæг! Æри-ма мын ноджыдæр иу къус бæгæны!

– Нæ, мæ зынаргъ уазæг, æгъгъæд дын у. Æртыккаг къус куы бануазай, уæд дæхи Мæхæмæт-пехуымпар схондзынæ йе та – Хуыцау, – загъта йын молло Насреддин æмæ нуæзт дарддæр æрæвæрдта.

## МОЛЛО НАСРЕДДИН БÆХ КУЫД ÆЛХÆДТА

Молло Насреддинæн йæ хæрæг амард, æмæ сфæнд кодта бæх балхæнын.

– Бирæ фæфыдæбон кодтон уыцы цъаммар фосимæ! – загъта молло æмæ ацыд йæ сыхагмæ, кæд ын бацамонид, хорз бæх куыд равзарын хъæуы, стæй йын йæ азтæ куыд базонын хъæуы, уый.

– Уый æнцон у, – загъта йын йæ сыхаг, – йæ азтæ йын базондзынæ йæ дæндæгтæй.

Дыккаг бон молло ацыд базармæ. Арауай-бауай кодта базары æмæ дзы федта иу уырс, йæ бакаст – тынг хорз. Бацыди йæм молло æмæ йын йæ сыхаг куыд бацамыдта, афтæ схæлиу кодта уырсы дзых. Банымадта бæхæн йæ дæндæгтæ æмæ æнæсдзургæйæ фæстæмæ ацыд.

– Мæ бæх дæ зæрдæмæ нæ фæцыд æви цы, молло Насреддин? – бафарста бæхы хицау.

– Зæрон у дæ бæх, æртын дыууæ азы йыл цæуы, – дзуапп ын радта молло Насреддин. – Цæуон æмæ бацагурон байраг бæх!

# МОЛЛО НАСРЕДДИН ЦЪЫФДЗАСТЫ КУЫД ÆРБАДТИ

Иуизæр молло Насреддин æрбацæйцыд быдырæй сæхимæ æмæ бафтыд цъыфдзастмæ. Цъыфдзаст стыр кæй уыд, уымæ гæсгæ молло фæзивæг кодта йæ алфамбылай æрзилын. «Цæй æмæ йæ сæрты багæпп кæнон», – йæхинымæр загъта молло Насреддин. Багæпп кодта æмæ цъыфдзастæн раст йæ астæу смидæг.



– Ехх, мæ лæппу бонтæ аивгъуыдтой! – загъта молло æмæ йæ алыварсмæ акаст. Йæ худинаг ын ничи федта, уый куы базыдта, уæд афтæ зæгъы: – Раст куы зæгъæм, уæд мæ лæппу заманы дæр хуыздæр нæ уыдтæн!

# МОЛЛО НАСРЕДДИН ДУКАНИЙЫ ХИЦАУÆН ЙÆ ХÆС КУЫД БАФЫСТА

Молло Насреддин уарынæй йæхи бааууон кодта дуканийы хицауы агъуысты. Уыцы заман дуканийы хицау фыхта плау. Уарын куы банцад, уæд молло рацæуынмæ хъавыд, фæлæ йын дуканийы хицау загъта:

– Æхца мын бафид.

– Цæй тыххæй? – бадис кодта молло.

– Куыд цæй тыххæй? Плауы тæфмæ басмыстай? Басмыстай. Уый тыххæй хъуамæ бафидай æхца. Плауы тæфмæ смудын лæвар хоныс, мыййаг?

Цынæ йын фæкодта молло, фæлæ йын дуканийы хицау коммæ нæ бакасти. Æнæ фидгæ йæ куынæуал уагъта, уæд ын молло загъта:

– Уæдæ мын бар ратт нæхимæ суайынмæ æмæ æхца æрхæссынмæ, кæннод мæм ам нæй.

Дуканийы хицау сразы ис, æмæ молло ацыд. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ молло Насреддин фæстæмæ æрбаздæхт.

– Цæй, æрхастай æхца? – бафарста йæ дуканийы хицау.

– Æрхастон, уæдæ цæмæн ацыдтæн?

Æмæ, йæ къух йæ дзыппы ныккæнгæйæ, райдыдта æхцаты дзæгъ-дзæгъ кæнын.

– Хъусыс æхцаты дзæгъ-дзæгъ? – бафарста дуканийы хицауы.

– Хъусын.

– Уæдæ æз æмæ ды кæрæдзийæ ницыуал дарæм.

– Куыд?

– Афтæ.

– Æмæ мын ды æхца куынæма радтай!

– Æмæ мын ды плау бахæрын кодтай?

– Уый та куыд? – бадис кодта дуканигæс.

– Мæнæ афтæ! Æз басмыстон дæ плаумæ? Басмыстон. Ды фехъуыстай ме 'хцаты дзæгъ-дзæгъ? Фехъуыстай. Уæдæ æз æмæ ды кæрæдзийæ ницыуал дарæм!

Дуканийы хицауæн йæ бон æндæр зæгъын ницыуал бацис, æмæ уыцы ныхасыл сразы.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***10 мартъийы*** Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры уыд фыссæг, Хетæгкаты Къостайы æмæ Джусойты Нафийы номыл литературон премиты лауреат Чехойты Оляйы юбилейон изæр. Сæххæст ыл 80 азы.

► ***17 мартъийы*** Дигорайы Цæголты Георгийы номыл Хæдзар-музейы уыд поэт, РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг, Дыгуры районы Кадджын æмбæстаг Зæнгионты Георгийы мысæн изæр.

► ***20 – 21 мартъийы*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион ирон театры уыд Айларты Асæхмæты пьесæмæ гæсгæ æвæрд комеди «Хамасхортæ»-йы премьерæ (режиссер – Дзудцаты Тамерлан).

► ***31 мартъийы*** Национ наукон чиныгдоны уыд журнал «Мах дуг»-ы сæрмагонд номыры презентаци. Мыхуыр дзы æрцыдысты Абхазы фысджыты уацмыстæ ирон æвзагмæ тæлмацæй. Бакуыстой сыл Гусалты Барис, Гæбæраты Юри, Къадзаты Станислав, Безаты Фаризæт, Касаты Батрадз, Тъехты Тамерлан, Гегкиты Сослан, Касаты Аслæнбег, Хетæгкаты Оксанæ, Бететы Фатимæ. Мадзалы кадджын уазæг уыд Абхазы Республикæйы национ газет «Абсны»-йы сæйраг редактор Ахра Анкваб. Архайдтой дзы фысджытæ, журналкæсджытæ, журналисттæ, æхсæнадон архайджытæ.



*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

---

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

---

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 4. 2026 г.
Подписано в печать 16.04.2026 г. Выход в свет: 24.04.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 139. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

---

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

---

Бузныг зæгъæм Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы
музейы сæргълæууæг Бдайциаты Земфирæйæн, хистæр зонадон кусæг Гасанты Валерийæн
æмæ Дзаболаты Хазбийы бинонтæн, ацы номыр аразгæйæ нæм Хазбийы æрмæджытæй кæй
фæкастысты, уый тыххæй.

---

Æддаг цъарыл ис Дзаболаты Хазбийы къам.

**Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» æртыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!**

*Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын, æмткæй райсгæйæ та – æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы премитæй, Премийы сæрмагонд нысантæй æмæ дипломтæй.*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

***20 январæй 31 августмæ** авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисмæ: mahdug@kpmk.alania.gov.ru , «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;*

***1 сентябрæй 30 сентябрьмæ** сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;*

***Октябры кæрон** кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн ис журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграм æмæ ВК-йы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды журналы сайты.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+